शुक्र
07 अगस्त, 2026
पटना

देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

साओन, कृष्ण पक्ष, नवमी , संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक

जाहि चीज पर अहांक वश नहि अछि, ओकरा लेल दुःख करब बंद करी।

- शेक्सपियर

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 16, अंक : 326 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 4:00

# बीपी कम छल... जांच नहि भेल... हमर माय मरि गेल... स्वास्थ्य मंत्री निशांतक समक्ष भावुक भेल युवक

- आइजीआइएमएस केर औचक निरीक्षण करबा लेल पहुंचलाह स्वास्थ्य मंत्री निशांत कुमार
- रोगीक परिजन लोकनि अस्पतालक व्यवस्था पर उठेलनि सवाल



**पटना, समदिया**

बिहारक स्वास्थ्य विभागक जिम्मेदारी आब नव स्वास्थ्य मंत्री निशांत कुमारक हाथ मे अछि। ओ लगातार सरकारी अस्पताल सभक औचक निरीक्षण कए रहल छथि, जकर उद्देश्य अस्पतालक व्यवस्था सुधारब आ रोगी सभ कें नीक उपचार उपलब्ध करेनाइ अछि। मुदा हालक निरीक्षण सभ मे जे दृश्य सामने आबि रहल अछि, ओ राज्यक स्वास्थ्य व्यवस्था पर फेर प्रश्नचिह्न ठाढ़ कए रहल अछि। पटनाक आइजीआइएमएस मे औचक निरीक्षणक दौरान अस्पतालक व्यवस्था प्रति रोगी सभ आ हुनकर परिजन सभक असंतोष खुलि कए सामने आयल। स्वास्थ्य मंत्री वार्ड सभ मे पहुंचलाक बाद कतेको रोगी आ परिजन हुनका सं भेंट कए उपचार मे लापरवाही, आवश्यक औषधिक अभाव आ जांच सुविधा मे होइत कठिनाइक शिकायत केलनि।

निरीक्षणक क्रम मे एक युवक स्वास्थ्य मंत्रीक समक्ष भावुक भए गेल। ओ आरोप लगबैत कहलनि जे हुनकर मायक स्वास्थ्य अनचोके बिगड़ि गेल छल, मुदा अस्पताल मे समय पर हुनकर रक्तचाप (बीपी) धरि जांच नहि कएल गेल। युवक कनैत-कनैत कहलनि जे उपचार मे भेल लापरवाहीक कारण हुनकर मायक मृत्यु भए गेलीह। एहि घटनाक बाद अस्पतालक वातावरण अत्यंत भावुक भए गेल। एहि बीच एक महिला रोगी सेहो स्वास्थ्य मंत्रीक समक्ष अपन पीड़ा व्यक्त केलनि। हुनक शिकायत छल जे अस्पताल मे आवश्यक औषधि उपलब्ध नहि होइत अछि, जाहि कारण रोगी सभ कें अधिकांश दवाइ बाहर सं किनय पड़ैत अछि। ओ इहो आरोप लगौलनि जे विभिन्न चिकित्सकीय जांच लेल सरकारी अस्पतालक बदला निजी जांच केंद्र सभ पर पठा देल जाइत अछि। महिला हाथ जोड़ि स्वास्थ्य मंत्री सं व्यवस्था सुधारबाक आग्रह केलनि।

निरीक्षणक दौरान किछु लोक अस्पताल मे कथित दलाली आ अव्यवस्थाक आरोप सेहो लगौलनि। शिकायतकर्ता सभक कहब छल जे सरकारी अस्पताल होइतहु कतेको सुविधा प्राप्त करबाक लेल निजी व्यवस्था पर निर्भर रहय पड़ैत अछि।

## कार्टून सं बान्हल गेल टूटल पैर, मंझौल अनुमंडलीय अस्पतालक बदहालीक वीडियो वायरल

### सिविल सर्जन कहलनि, जांच कएल जा रहल अछि, दोषीक विरुद्ध कारबाइ होयत

**बेगूसराय।** रज्यक स्वास्थ्य व्यवस्था कें लए फेर एक बेर गंभीर प्रश्न उठल अछि। बेगूसरायक मंझौल अनुमंडलीय अस्पताल सं सामने आयल एकटा वीडियो सोशल मीडिया पर तेजी सं वायरल भए रहल अछि। वीडियो मे सड़क दुर्घटना मे घायल युवकक फ्रैक्चर भेल पैर पर प्लास्टर अथवा स्प्लिंटक स्थान पर कथित रूप सं कार्टन (कार्डबोर्ड)क टुकड़ा सभ लगा कए पट्टी बान्हल जा रहल अछि, एकर बाद हुनका नीक उपचार लेल रेफर कएल गेल। वीडियो वायरल भेलाक बाद स्वास्थ्य विभाग जांचक बात कहने अछि।



वायरल वीडियो मे अस्पतालक बेड पर पड़ल घायल युवक दर्द सं कुहरैत देखाइ पड़ैत अछि। चिकित्साकर्मी हुनकर टूटल पैरक दुनू कात कार्टनक टुकड़ा लगा कए पट्टी बान्हि रहल छथि। ई दृश्य मंझौल अनुमंडलीय अस्पतालक बताओल जा रहल अछि, जाहि सं अस्पतालक उपलब्ध सुविधा आ व्यवस्था पर प्रश्न उठि रहल अछि। जानकारीक अनुसार, घटना 3 अगस्तक सांझक अछि। नावकोठी थाना क्षेत्रक महेशवाड़ा गाम निवासी कुणाल कुमार मोटरसाइकिल सं जा रहल छलाह।

## एक नजरि

### मुजफ्फरपुरक पूर्व मेयर समीर हत्याकांड : सभ आरोपी कें कएल गेल बरी

**मुजफ्फरपुर :** मुजफ्फरपुरक चर्चित पूर्व मेयर समीर कुमार आ हुनकर चालक रोहित कुमारक 23 सितंबर 2018 कए भेल एके-47 सं हत्या प्रकरण मे न्यायालय पहिल सेशन ट्रायलक सभ छह आरोपी कें दोषमुक्त कए देलक। प्रधान जिला एवं सत्र न्यायाधीश श्वेता कुमारी सिंह अभियोजन पक्षक साक्ष्य कें अपर्याप्त मानैत निर्णय देलनि। लोक अभियोजक कहलनि जे पुलिस जांच मे गंभीर त्रुटि छल। मृतकक मोबाइलक फॉरेंसिक जांच नहि कराओल गेल आ कॉल डिटेलक समुचित पड़ताल सेहो नहि भेल। प्रत्यक्षदर्शी सभक कमजोर गवाहीक कारण आरोपी कें लाभ भेटल। ई हत्या कल्याणी मछली मंडीक बहुमूल्य जमीनक हिस्सेदारी विवाद सं जुड़ल मानल जाइत अछि। एहि प्रकरण सं संबंधित कतेको प्रमुख व्यक्तिक बाद मे हत्या सेहो भए चुकल अछि।

### बालू लादल ट्रक ऑटो पर चढ़ल माय-बेटाक मृत्यु

**पटना :** राजधानी पटना मे बिहटा-सरमेरा राज्यमार्ग पर भेल भीषण सड़क दुर्घटना मे एकटा माय आ हुनकर तीन वर्षीय पुत्रक घटनास्थले पर मृत्यु भए गेल। एहि दुर्घटना मे पिता, ऑटो चालक गौतम कुमार यादव, आठ वर्षीय पुत्री रिया आ एक अन्य बालिका तान्या गंभीर रूप सं घायल छथि। जानकारीक अनुसार, गौरीचक थाना क्षेत्रक सैदनपुर गामक निकट बालू लादल अनियंत्रित ट्रक ऑटो सं टकरा गेल, जाहि सं ऑटो पूर्णतः क्षतिग्रस्त भए गेल। पुलिस शव सभ कें पोस्टमार्टम लेल पठौलक आ ट्रक जब्त कए लेलक, जखन कि चालक फरार भए गेल। घटनाक बाद आक्रोशित स्थानीय लोक सभ सड़क जाम कए प्रदर्शन कएलनि आ बालू ट्रकक बेलगाम परिचालन पर रोक लगेबाक मांग कएलनि।

## बांकीपुर जमानत जब्त भेल तं राजद जिला सं लए पंचायत स्तरक सब कमेटी केलक भंग

### जिला सं लए कए पंचायत धरि आब नव ढंग सं गठित कएल जायत कमेटी

**पटना, समदिया**

बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव मे राष्ट्रीय जनता दल (राजद) कें भेटल पराजयक बाद पार्टीक भीतर व्यापक हलचल देखल जा रहल अछि। एहि क्रम मे राजद प्रदेश सं लए कए पंचायत स्तर धरिक सभटा सांगठनिक कमेटी आ प्रकोष्ठ कें भंग कए देलक अछि। आब मानल जा रहल अछि जे पार्टीक कार्यकारी अध्यक्ष तेजस्वी यादव नव टोलीक गठन कए संगठन कें फेर सं मजबूत करबाक प्रयास करताह।



ई निर्णय ओहि समय आयल अछि, जखन बांकीपुर उपचुनावक परिणाम कें लए राजद विधायक भाइ वीरेंद्र आ पार्टीक मुख्य प्रवक्ता शक्ति सिंह यादवक बीच सार्वजनिक रूप सं आरोप-प्रत्यारोप चलि रहल अछि। राजदक प्रदेश अध्यक्ष मंगनीलाल मंडल बृहस्पतिदिन आदेश जारी कए प्रदेश, जिला, प्रखंड आ पंचायत स्तरक सभटा सांगठनिक इकाइ कें भंग करबाक घोषणा केलनि। एकर अतिरिक्त पार्टीक सभटा प्रकोष्ठ सेहो तत्काल प्रभाव सं भंग कए देल गेल अछि। हालहि मे संपन्न बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव मे राजद प्रत्याशी रेखा गुप्ता कें मात्र लगभग 14 हजार मत प्राप्त भेल, जाहि सं हुनकर जमानत सेहो जप्त भए गेल। एहि उपचुनाव मे जन सुराज पार्टीक संस्थापक प्रशांत किशोर विजयी रहलाह, जखन कि भारतीय जनता पार्टी दोसर स्थान पर रहल। एकर पूर्व नवंबर 2025 मे संपन्न बिहार विधानसभा चुनाव मे सेहो राजद कें कसगर हारिक सामना करय पड़ल छल। ओहि चुनावक बाद बिहार विधानसभा मे पार्टीक विधायकसभक संख्या घटि कए मात्र 25 रहि गेल।

बांकीपुर उपचुनावक परिणाम घोषित भेलाक बाद राजदक भीतर मतभेद खुलि कए सामने आबि गेल। मनेरक विधायक भाइ वीरेंद्र हारिक कारण संगठनक कमजोरी बतबैत पार्टी नेतृत्वक किछु निकटवर्ती नेता सभ पर निशाना साधलनि। एहि पर प्रतिक्रिया दैत मुख्य प्रवक्ता शक्ति सिंह यादव प्रश्न उठौलनि जे पार्टी लेल भाइ वीरेंद्रक योगदान की रहल अछि।

एहि टिप्पणी सं आक्रोशित भए भाइ वीरेंद्र शक्ति सिंह यादव कें संयम रखबाक सलाह देलनि। ओ कहलनि जे आवश्यकता पड़ला पर ओ हुनकर समस्त गतिविधिक खुलासा सेहो कए सकैत छथि। उल्लेखनीय अछि जे बांकीपुर उपचुनाव सं पूर्व राजदक तत्कालीन प्रवक्ता मृत्युंजय तिवारी पार्टी छोड़ि भारतीय जनता पार्टी मे शामिल भए गेल छलाह। ओ आरोप लगौने छलाह जे पार्टी मे हुनका उपेक्षा आ अपमानक सामना करय पड़ल।

## मानल गेल मांग, टूटल सफाइकर्मी सबहक हड़ताल

- आब बैंक खाता मे सीधा वेतन आ पहिल बेर भेटत बोनस



**पटना, समदिया**

राजधानी पटना मे नगर निकायक सफाइकर्मी सबहक सात दिन सं जारी हड़ताल समाप्त भए गेल अछि। समझौताक बाद सफाइकर्मी संघर्ष समितिक प्रतिनिधि सभ नगर विकास एवं आवास मंत्री नीतीश मिश्रा सं भेंट केलनि। एहि अवसर पर दुनू पक्ष मिठाइ खुआ कए समझौताक स्वागत केलनि। बैठक मे पटना नगर निगमक नगर आयुक्त यशपाल मीणा सेहो उपस्थित छलाह। पटना नगर निगम कर्मचारी संयुक्त समन्वय समितिक अध्यक्ष चंद्र प्रकाश कहलनि जे राज्य सरकार सफाइकर्मी सभक कल्याण लेल प्रतिबद्ध अछि। हुनक अनुसार, दैनिक कर्मी सभ कें आब अवकाश, ग्रेच्युटी आ सेवानिवृत्तिक बाद पेंशन सहित स्थायी कर्मचारी सभक समान अन्य सेवा लाभ उपलब्ध करेबाक दिशा मे पहल कएल जाएत।

बैठक मे इहो निर्णय लेल गेल जे आउटसोर्सिंग आ ठेका एजेंसीक माध्यम सं कार्यरत सफाइकर्मी सभक वेतन आब सीधा हुनकर बैंक खाता मे पठाओल जाएत। एकर अतिरिक्त पहिल बेर हुनका बोनसक लाभ सेहो भेटत। संगहि, काजक दौरान वाहन खराब रहबाक कारण चालक सभक वेतन काटबाक व्यवस्था तत्काल प्रभाव सं समाप्त कए देल गेल अछि।

नगर निगम मे कार्यरत 3,816 दैनिक कर्मी सभक स्थायीकरणक प्रस्ताव सेहो विभाग कें पठेबाक अनुशंसा कएल गेल अछि। प्रस्ताव लागू भेलापर नगर निगम पर प्रतिमाह अतिरिक्त वित्तीय भार पड़त, मुदा कर्मी सभ कें नियमित वेतन आ सेवा-सुविधाक लाभ भेटत।नगर विकास एवं आवास मंत्री नीतीश मिश्र कहलनि जे अधिकांश मांग पर सहमति बनि गेल अछि, जखन कि शेष विषय सभ पर विचार लेल समिति गठित कएल जाएत। नगर आयुक्त यशपाल मीणा कहलनि जे शहरक स्वच्छता व्यवस्था सामान्य बनेबा लेल सफाइकर्मी सभक काज पर लौटब अत्यंत आवश्यक छल।

## जेन-जी हमर पीढ़ी सं बेसी ईमानदार आ देशभक्त युवासभक बात सुनब आवश्यक : मोहन भागवत

### आरएसएस प्रमुख जेन-जी आ जेन अल्फा सं मुंबई मे केलनि संवाद

**मुंबई, एजेंसी**

राष्ट्रीय स्वयंसेवक संघ (आरएसएस) प्रमुख मोहन भागवत कहलनि जे जेन-जी आ जेन-अल्फा वर्तमान पीढ़ी सं बेसी ईमानदार, देशभक्त आ सेवाभाव सं प्रेरित छथि। हुनक अनुसार, नव पीढ़ी प्रत्येक विषय पर प्रश्न करैत अछि आ ओकर तार्किक उत्तर चाहैत अछि। ओ स्पष्ट कहलनि जे युवासभक आंदोलन राष्ट्रविरोधी नहि, बल्कि लोकतांत्रिक व्यवस्थाक एकटा वैध माध्यम अछि। मुंबइक नीता मुकेश अंबानी कल्चरल सेंटर मे इंडिया इंटरनेशनल मूवमेंट टू यूनाइट नेशंस द्वारा आयोजित कार्यक्रम कें संबोधित करैत भागवत कहलनि जे लोकतंत्र मे विरोध-प्रदर्शन आम सहमति स्थापित करबाक एकटा माध्यम अछि। हुनक अनुसार, जखन संवादक माध्यम सं समाधान नहि निकलैत अछि,



तखन आंदोलनक मार्ग अपनाओल जा सकैत अछि। मुदा आंदोलनक उद्देश्य समाज मे विभाजन नहि, बल्कि सहमति आ सुधार होयबाक चाही।

भागवत कहलनि जे जेन-जी हमर अपन लोक छथि। जं ओ विरोध करैत छथि, तं ओकर अर्थ ई नहि जे ओ राष्ट्र विरोधी छथि। ओ कहलनि जे ई हमर अगिला पीढ़ी अछि। जं ओ कोनो विषय पर चिंता व्यक्त कए रहल छथि, तं हमर कर्तव्य अछि जे हुनकर बात ध्यान सं सुनल जाए। आरएसएस प्रमुख शिक्षा व्यवस्थाक चर्चा करैत कहलनि जे जेन-जी द्वारा उठाओल गेल प्रश्न आ शिकायत उचित अछि। हुनक मतानुसार, भारतक शिक्षा व्यवस्था मे एखनहुं बहुत सुधारक आवश्यकता अछि। एहि कारण एहि विषय पर खुला संवाद होयबाक चाही।

अपन अनुभव साझा करैत 75 वर्षीय भागवत कहलनि जे हुनकर पीढ़ी पैघ लोकक बात बिना प्रश्न कएने स्वीकार कए लैत छल। मुदा वर्तमान पीढ़ी प्रत्येक बातक तर्क चाहैत अछि। हुनक अनुसार, ई परिवर्तन लोकतंत्र लेल सकारात्मक अछि। ओ कहलनि जे अंग्रेजी मे जकरा डिबेट कहल जाइत अछि, भारतीय परंपरा मे ओ शास्त्रार्थक रूप मे विद्यमान रहल अछि, जतय विचार-विमर्शक माध्यम सं सत्य धरि पहुंचबाक प्रयास होइत अछि।

भागवत आगू कहलनि जे समाजक प्रत्येक व्यक्तिक अपन दृष्टिकोण होइत अछि। विभिन्न मत आ प्रतिमतक माध्यम सं सत्यक व्यापक स्वरूप सामने अबैत अछि। हुनक अनुसार, लोकतंत्रक मूल भावना सेहो एहेन विचार-विमर्श पर आधारित अछि।

ओ कहलनि जे जेन-जीक आंदोलन कोनो व्यक्ति विशेषक विरोध मे नहि, बल्कि व्यवस्थाक कमी सभ कें दूर करबाक उद्देश्य सं होइत अछि।

### मंत्री दीपक प्रकाश लेलनि एमएलसीक शपथ



**पटना :** बिहार सरकारक पंचायती राज मंत्री दीपक प्रकाश बृहस्पति कें बिहार विधान परिषदक सदस्यक रूप मे शपथ लेलनि। राज्यपाल द्वारा हुनका मनोनीत कएल गेलाक बाद विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह हुनका पद आ गोपनीयताक शपथ दियौलनि। राष्ट्रीय लोक मोर्चा (आरएलएम) प्रमुख उपेंद्र कुशवाहाक पुत्र दीपक प्रकाश पहिल बेर कोनो सदनक सदस्य बनल छथि। एहि सं पहिने ओ बिना विधायक अथवा एमएलसी बनने मंत्री पद पर छलाह। भाजपा एमएलसी देवेश कुमारक त्यागपत्र देलाक बाद रिक्त भेल सीट पर हुनका मनोनीत कएल गेल। शपथ ग्रहणक अवसर पर दीपक प्रकाश कहलनि जे ओ बिहार आ देशक विकास लेल दुगुना ऊर्जा सं काज करताह।



# आईआईटी पटनाक 18म स्थापना दिवस मे डीजीपी एडीजी सहित कतेको अधिकारी भेलाह शामिल

## डीजीपी कहलनि- प्रत्येक क्षेत्र मे आईआईटी पटना नाम रौशन केने अछि

**पटना, समदिया**

आईआईटी पटनाक 18म स्थापना दिवस समारोह बृहस्पति कें बिहटा प्रखंडक अम्हारा गाम स्थित परिसर मे आयोजित भेल। एहि अवसर पर बिहारक पुलिस महानिदेशक (डीजीपी) विनय कुमार मुख्य अतिथिक रूप मे उपस्थित छलाह।

कार्यक्रमक शुभारंभ डीजीपी विनय कुमार कएलनि। ओ कहलनि जे आईआईटी पटनाक 18 वर्ष पूरा होएब बिहार लेल गर्वक विषय अछि। एहि अवधि मे संस्थान प्रत्येक क्षेत्र मे अपन अलग पहचान बनेने अछि। डीजीपी हाइब्रिड कार्यक्रम सभक शुरूआतक सराहना करैत कहलनि जे एहि सं छात्र सभ कें बहुत लाभ भेटि रहल अछि। ओ बिहारक विकास मे आईआईटी पटनाक महत्वपूर्ण योगदान पर सेहो बल देलनि।

### 18 वर्ष मे रचलक नव इतिहास




अपर पुलिस महानिदेशक (मद्य निषेध विभाग सह राज्य नारकोटिक्स कंट्रोल ब्यूरो आ आर्थिक अपराध इकाई) अमित कुमार जैन कहलनि जे आईआईटी पटना जेकां प्रतिष्ठित संस्थान मे अध्ययन करब अपने आप मे गौरवक विषय अछि। हुनकर अनुसार, विगत 18 वर्ष मे आईआईटी पटना शिक्षा, शोध आ जॉब प्लेसमेंट सहित प्रत्येक क्षेत्र मे उल्लेखनीय उपलब्धि हासिल कए इतिहास रचने अछि।

ओ युवा सभ मे बढ़ैत नशाक प्रवृत्ति पर चिंता व्यक्त करैत कहलनि जे आइकालि कतेको युवा अध्ययनक संगहि नशाक लत मे सेहो फंसि रहल छथि। युवा सभ कें एहि सभ सं दूर रहि अध्ययन पर ध्यान देबाक आ समाज तथा प्रदेशक सेवा लेल योग्य नागरिक बनेबाक प्रयास करबाक चाही।

आईआईटी पटनाक निदेशक प्रो. टीएन सिंह बतौलनि जे 18 वर्ष पहिने संस्थानक स्थापना भेल छल। शुरूआती समय मे परिसर मे कतेको सुविधा सभक अभाव छल, मुदा भारत सरकार आ बिहार सरकारक सहयोग सं एखन परिसर मे व्यापक विकास भेल अछि। हुनकर कहब छल जे आईआईटी पटना देशभरि मे उत्कृष्ट प्रदर्शन केने अछि आ जॉब प्लेसमेंट मे सेहो उल्लेखनीय रिकॉर्ड स्थापित केने अछि।

### डॉक्यूमेंट्री वीडियोक प्रस्तुति भेल

समारोह मे अपर पुलिस महानिदेशक अमित कुमार जैन विशिष्ट अतिथिक रूप मे उपस्थित छलाह। आईआईटी पटनाक निदेशक प्रो. टीएन सिंह मुख्य अतिथि आ विशिष्ट अतिथि सभक अंगवस्त्र आ प्रतीक चिन्ह दए स्वागत कएलनि।

स्थापना दिवस समारोहक मुख्य आकर्षण "आईआईटी पटनाः 18 इयर्स ऑफ विजन, ग्रोथ एंड लिगेसी" विषयक विशेष डॉक्यूमेंट्री वीडियो प्रस्तुति रहल। एहि वीडियो मे संस्थानक स्थापना सं एखन धरिक विकास यात्रा आ प्रमुख उपलब्धि सभ कें विस्तार सं देखाओल गेल।

एहि अवसर पर संस्थानक वरिष्ठ डीन (छात्र मामिला, संकाय मामिला, अनुसंधान एवं विकास आ प्रशासन) सेहो अपन विचार रखलनि। कार्यक्रमक दौरान छात्र सभ सांस्कृतिक प्रस्तुति दए समारोह कें आकर्षक बना देलनि।

# बिहार विधानमंडलक सदस्य सभ लेल एआई प्रशिक्षण कार्यक्रम आयोजित

## मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कएलनि एमकेवीवाई वेब पोर्टलक शुभारंभ

**पटना, समदिया**

बिहार विधानसभाक विस्तारित भवन स्थित सभागार मे बिहार विधानमंडलक सदस्य सभ लेल आर्टिफिशियल इंटेलिजेंस (एआई) आ मुख्यमंत्री क्षेत्र विकास योजना (एमकेवीवाई)क प्रभावी आ सतत अनुश्रवण लेल विकसित वेब पोर्टलक कार्यान्वयन सं संबंधित प्रबोधन कार्यक्रम आयोजित कएल गेल।

कार्यक्रमक उद्घाटन मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, उपमुख्यमंत्री बिजेंद्र प्रसाद यादव, बिहार विधानसभाक अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमार, बिहार विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह आ विधानसभा उपाध्यक्ष नरेंद्र नारायण यादव संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कए कएलनि। एहि अवसर पर विधानसभा उपाध्यक्ष नरेंद्र नारायण यादव अतिथि सभक अंगवस्त्र आ पुष्पगुच्छ सं स्वागत कएलनि।

एहि अवसर पर मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी मुख्यमंत्री क्षेत्र विकास योजना (एमकेवीवाई) क सुचारु संचालन आ प्रभावी



निगरानी लेल विकसित आधिकारिक वेब पोर्टलक शुभारंभ कएलनि।

स्वागत संबोधन मे विधानसभा अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमार मुख्यमंत्रीक प्रति आभार व्यक्त करैत कहलनि जे गयाजी मे आयोजित प्रबोधन कार्यक्रम मे एआई पर एकटा सत्र रखबाक आग्रह कएल गेल छल, मुदा समयक अभाव मे से संभव नहि भए सकल। आइ एआईक संग-संग विधायक क्षेत्र विकास योजनाक कार्यान्वयन पर सेहो विस्तार सं जानकारी देल जाएत।

ओ कहलनि जे बदलैत समयक संग जनप्रतिनिधि सभक भूमिका निरंतर विस्तृत आ ज्ञान-आधारित भए रहल अछि। एहि उद्देश्य सं विधानसभा समय-समय पर एहन प्रबोधन कार्यक्रम आयोजित कए रहल अछि, जाहि सं सदस्य सभ नवीन विषय, शासन व्यवस्था आ विकासोन्मुख योजना सभक अद्यतन जानकारी प्राप्त कए सकथि। ओ सदस्य सभ सं सक्रिय सहभागिताक आग्रह सेहो कएलनि।

# पटना विश्वविद्यालय मे पेपर लीकक विरोध मे आइसा कयलक प्रदर्शन

## परीक्षा नियंत्रकक इस्तीफाक मांग, एलएलबी प्रवेश परीक्षाक प्रश्नपत्र भेल छल वायरल

**पटना, समदिया**

पटना विश्वविद्यालय मे परीक्षा व्यवस्थामे कथित अव्यवस्थाक विरोध मे आइ ऑल इंडिया स्टूडेंट्स एसोसिएशन (आइसा) प्रदर्शन कएलक। परीक्षा नियंत्रकक इस्तीफाक मांग लए प्रतिरोध दिवस मनाओल गेल।

प्रदर्शनक कारण विश्वविद्यालयक मुख्य फाटक बंद कएल गेल। एहि सं नाराज छात्र सभ फाटक पर चढ़ि हाथ मे झंडा लए नारेबाजी कएलनि।

छात्र सभ विश्वविद्यालयक मुख्य फाटकक बाहर परीक्षा नियंत्रकक पुतला सेहो दहन कएलनि। एहि दौरान "परीक्षा नियंत्रक इस्तीफा दिऔ", "परीक्षा नियंत्रक कमजोर छथि, पेपर लीक बंद करू" जेकां नारा लगाओल गेल। प्रदर्शनकारी छात्र सभक कहब छल जे पटना विश्वविद्यालयक परीक्षा व्यवस्था पूर्ण रूप सं चरमरा गेल अछि। हुनकर आरोप छल जे एलएलबी आ एलएलएम प्रवेश परीक्षा मे गंभीर अनियमितता भेल अछि।

छात्र सभ कहलनि जे सेमेस्टर-1 आ सेमेस्टर-3क परिणाम




लगातार विलंब सं प्रकाशित भए रहल अछि, जखनकि सेमेस्टर-2क परीक्षा एखनो लंबित अछि। एहि कारण हजारो छात्र-छात्रीक शैक्षणिक भविष्य संकट मे पड़ि गेल अछि। छात्र आदर्श कहलनि जे पटना विश्वविद्यालय अपन शैक्षणिक कैलेंडरक अनुसार काज नहि कए रहल अछि। हुनकर आरोप छल जे प्रवेश परीक्षा मे प्रश्नपत्र लीक भए रहल अछि, सेमेस्टर-1 आ सेमेस्टर-3क परिणाम एखनो धरि घोषित नहि भेल अछि, मुदा परिणाम बिना अगिला परीक्षा लेल जा रहल अछि। दोसर छात्र आशीष कहलनि जे देशक दोसर संस्थान सभ जेकां पटना विश्वविद्यालय मे सेहो पेपर लीकक घटना सामने आबि रहल अछि। हुनकर अनुसार 1 अगस्त कें भेल एलएलबी आ एलएलएम प्रवेश परीक्षा मे प्रश्नपत्र वायरल भेल छल। ओ परीक्षा नियंत्रक पर गैर-जिम्मेदाराना रवैयाक आरोप लगबैत हुनकर इस्तीफाक मांग कएलनि। उल्लेखनीय अछि जे शनिक दिन पटना विश्वविद्यालयक 3 वर्षीय एलएलबी प्रवेश परीक्षाक दौरान प्रश्नपत्र वायरल होएबाक खबरि सं हड़कंप मचि गेल छल। परीक्षा 10:30 बजे शुरू भेल छल आ लगभग 12 बजे सोशल मीडिया पर प्रश्नपत्र वायरल होएबाक सूचना पसरल।

### बिहार मे 15 अगस्त धरि 11 लाख परिवार कें भेटत नव राशन कार्ड

**पटना।** खाद्य आ उपभोक्ता संरक्षण विभाग राज्यभरि मे 13 अगस्त धरि 11 लाख सं बेसी नव राशन कार्ड बनेबाक महाअभियान चला रहल अछि। एहि अभियानक अंतर्गत योग्य परिवार सभ कें 15 अगस्त धरि नव राशन कार्ड उपलब्ध कराबाक लक्ष्य निर्धारित कएल गेल अछि। एखन धरि जिला सभ सं प्राप्त सभ आवेदन कें ऑनलाइन करबाक निर्देश देल गेल अछि। एहि संबंध मे बुध दिन विभागक विशेष सचिव उपेंद्र कुमार सभ अनुमंडल पदाधिकारी सभक संग वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं समीक्षा बैठक कएलनि। बैठक मे विशेष सचिव उपेंद्र कुमार निर्देश देलनि जे प्राप्त आवेदन सभ कें शीघ्र ऑनलाइन कएल जाए आ लॉगइन संबंधी समस्या सभक समाधान सुनिश्चित कएल जाए। ओ सभ आवेदनक सत्यापन कए 15 अगस्त धरि काज पूरा करबाक निर्देश सेहो देलनि। राज्यक विभिन्न जिला मे नव राशन कार्ड बनेबाक काज तेजी सं चलि रहल अछि। प्रतिदिन लगभग 36000 नव राशन कार्ड तैयार कएल जा रहल अछि। नव राशन कार्ड लेल आवेदन करबाक समय आवश्यक दस्तावेजक रूप मे आधार कार्ड, बैंक पासबुक, आय प्रमाण-पत्र, जाति प्रमाण-पत्र आ परिवारक सामूहिक फोटो देनाय अनिवार्य अछि।

# काज पर घुरलाह कार्यपालक पदाधिकारी, 31 अगस्त धरि मांग पूरा नहि भेला पर फेर आंदोलनक चेतावनी

**पटना, समदिया**

डेहरी-डालमियानगरक कार्यपालक पदाधिकारी (ईओ) विमल कुमारक हत्याकांडक विरोध मे शुरू भेल अनिश्चितकालीन हड़ताल आ सामूहिक अवकाश बिहार नगर सेवा संघ तत्काल प्रभाव सं समाप्त करबाक निर्णय लेने अछि। एहि निर्णयक बाद राज्यक सभ नगर निगम, नगर परिषद आ नगर पंचायतक कार्यपालक पदाधिकारी आ कर्मचारी 6 अगस्त अर्थात आइ सं अपन-अपन कार्यालय आ कर्तव्य पर घुरि गेल छथि।

नगर विकास आ आवास मंत्री नीतीश मिश्रा सं भेल महत्वपूर्ण वार्ताक बाद ई निर्णय लेल गेल। मुदा संघ स्पष्ट कएने अछि जे जं 31 अगस्त 2026 धरि मांग सभ पर अधिसूचना जारी नहि भेल, तं फेर आंदोलन शुरू कएल जायत।

विगत 3 मासक भीतर कार्यपालक पदाधिकारी विमल कुमार आ कृष्णा भूषण कुमारक हत्याक विरोध मे ई हड़ताल शुरू भेल छल। डेहरी हत्याकांडक बाद विभाग मे व्यापक आक्रोश छल आ अधिकारी सभक सुरक्षाक विषय गंभीर चिंता बनि गेल छल।

डेहरी-डालमियानगरक कार्यपालक पदाधिकरिक हत्याक विरोध मे राज्यभरिक कार्यपालक पदाधिकारी आ नगर निकाय कर्मचारी सभ हड़ताल पर चलि गेल छलाह। एहि कारण नगर निकाय सभक काजकाज प्रभावित भेल छल।

बिहार अर्बन सर्विस एसोसिएशनक प्रतिनिधिमंडल आ मंत्री नीतीश मिश्रा बीच भेल वार्ता मे कतेको महत्वपूर्ण विषय पर सहमति बनल। मंत्री अधिकारी सभ कें सुरक्षाक भरोसा दैत कहलनि जे हुनकर सुरक्षा आ सम्मान सरकारक प्राथमिकता अछि। सरकारक सकारात्मक आश्वासनक बाद 160 सं बेसी कार्यपालक पदाधिकारीक आपात बैठक आयोजित भेल, जाहि मे सर्वसम्मति सं काज पर घुरबाक निर्णय लेल गेल।

बैठकक दौरान मंत्री सभ जिलाधिकारी, वरीय पुलिस अधीक्षक आ पुलिस अधीक्षक सभ कें पत्र जारी कए नगर निकाय अधिकारी सभक सुरक्षा व्यवस्था मजबूत करबाक निर्देश देलनि।

निर्देशक अनुसार नगर निकाय क्षेत्र सभ मे सशस्त्र गृह रक्षक (होमगार्ड) सभक प्रतिनियुक्ति कएल जायत। एकर अतिरिक्त नगर आयुक्त आ कार्यपालक पदाधिकारी सभक शस्त्र अनुज्ञप्ति (आर्म्स लाइसेंस) संबंधी आवेदनक प्राथमिकताक आधार पर निष्पादन कएल जायत।

भू-माफिया आ फर्जी शिकायत सं अधिकारी सभक सुरक्षा लेल सरकार पारदर्शी मानक संचालन प्रक्रिया लागू करत। एहि व्यवस्था अंतर्गत शपथ-पत्र बिना कोनो शिकायतक जांच नहि कएल जायत। जं केओ झूठ शिकायत करत, तं ओकर विरुद्ध कड़ा कारबाइ कएल जायत। माफिया सभक दबावक शिकायत भेटिते शीघ्र कानूनी कदम उठाओल जायत। संघ कहलनि जे सुरक्षा संबंधी मांग सभ पूरा करबाक आ शेष समस्या सभक शीघ्र समाधानक सकारात्मक आश्वासन भेटला पर जनहित कें ध्यान मे राखैत आंदोलन समाप्त करबाक निर्णय लेल गेल अछि।

संघ दिवंगत अधिकारी सभ कें शहीदक दर्जा देबाक, हुनकर परिवार कें 2-2 करोड़ रुपैया मुआवजा देबाक आ आश्रित सभ कें अनुकंपाक आधार पर नियुक्ति देबाक मांग सेहो राखने अछि।

सरकार एहि मांग सभ पर नियमानुसार शीघ्र कारबाइक आश्वासन देने अछि। एकर संगहि दूनू अधिकारीक हत्यारा सभ कें कड़ी सजा दियाबए लेल एसआईटीक गठन सेहो कएल गेल अछि।

बिहार नगर सेवा संघक महासचिव अरविंद कुमार सिंह कहलनि जे जं सरकार 1 मासक भीतर संघक सभ मांग पर सकारात्मक कारबाइ नहि करत, तं अधिकारी आ कर्मचारी सभ फेर हड़ताल पर जाए लेल बाध्य होयत।

हुनका अनुसार एहि निर्णयक सूचना सभ जिलाधिकारी, नगर विकास आ आवास विभागक प्रधान सचिव, विभागीय मंत्री आ मुख्यमंत्री कार्यालय कें पठा देल गेल अछि।

आपात बैठकक अंत मे सभ अधिकारी दिवंगत साथी सभ कें श्रद्धांजलि अर्पित कएलनि आ हुनकर परिवारक प्रति संवेदना व्यक्त कएलनि।

फिलहाल हड़ताल समाप्त भेला सं नगर निकाय सभक काजकाज फेर गति पकड़बाक उम्मीद अछि, मुदा आब सभक नजरि सरकारक अगिला कदम आ 31 अगस्तक समय-सीमा पर टिकल अछि।

# राज्य उच्च पथ पर नवंबर सं लागत टोल टैक्स

## निगरानी लेल लागत हाईटेक एएनपीआर कैमरा

**पटना, समदिया**

बिहारक पथ निर्माण विभाग राज्य उच्च पथ (स्टेट हाईवे) पर टोल संग्रहक तैयारी शुरू कए देने अछि। नवंबर सं राज्य उच्च पथ पर टोल वसूलीक प्रक्रिया आरंभ कएल जायत। हालहि मे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी घोषणा केने छलाह जे टोल टैक्स मात्र व्यावसायिक वाहन सभ सं वसूलल जायत।

मुख्यमंत्रीक एहि घोषणाक बाद टोल प्लाजा सभ पर ऑटोमेटिक नंबर प्लेट रिकग्निशन (एएनपीआर) तकनीकयुक्त कैमरा लगाओल जायत।

एआई आधारित ई कैमरा वाहनक नंबर प्लेटक तस्वीरक संग ई जानकारी सेहो देत जे संबंधित वाहन निजी अछि अथवा व्यावसायिक।

एखन धरि पीयर नंबर प्लेट बला वाहन कें व्यावसायिक मानल जाइत अछि। मुदा एहन संभावना रहैत छल जे कतेको व्यावसायिक वाहन अपन पीयर नंबर प्लेट बदलि उजर रंगक नंबर प्लेट लगा लैत छल। एएनपीआर प्रणाली लागू भेला पर एहि प्रकारक गड़बड़ी पर रोक लागत।



पथ निर्माण विभाग राज्य उच्च पथ सभ पर कैमरा लगाकए एहि बातक आकलन पूरा कए लेने अछि जे कोन-कोन सड़क पर कतेक वाहनक आवाजाही होइत अछि। एहि आधार पर टोल संग्रहक तैयारी शुरू कएल गेल अछि। विभागक अधिकारी बतौलनि जे राज्य मंत्रिमंडल पहिनहि निर्धारित कए देने अछि जे कोन प्रकारक वाहन सं कतेक टोल टैक्स वसूलल जायत। पथ निर्माण विभाग कें ई अधिकार देल गेल अछि जे ओ तय करत जे कोन सड़क कें टोल व्यवस्थाक दायरा मे आनल जाए।

राज्य उच्च पथ आ बिहार राज्य पुल निर्माण निगम द्वारा निर्मित पुल सभ पर टोल संग्रह लेल टोल प्लाजा निर्माणक काज सेहो शुरू भए गेल अछि। पहिल टोल प्लाजा आरा-छपरा पुल लेल बनाओल जा रहल अछि। एकर अतिरिक्त कतेको दोसर सड़क सेहो चिन्हित कएल जा चुकल अछि, जतय टोल प्लाजा बनाओल जायत।

राज्य उच्च पथ पर राष्ट्रीय उच्च पथक तर्ज पर फास्टैगक माध्यम सं टोल टैक्स वसूलल जायत। एहि लेल सड़क परिवहन आ राजमार्ग मंत्रालयक अधीन काज कएनिहार संस्था सं बातचीत चलि रहल अछि, जे फास्टैग प्रबंधनक काज देखैत अछि।

पटनाक गंगा पथ कें टोल टैक्सक दायरा सं बाहर राखल जायत। पूर्वक व्यवस्था अनुसार गंगा पथ पर सेहो टोल लगबाक प्रावधान छल, मुदा आब एकरा टोल मुक्त रखबाक निर्णय लेल गेल अछि।

### राज्य मे शीघ्र चलत 549 नव बस

**पटना।** बिहार राज्य पथ परिवहन निगम (बीएसआरटीसी)क बेड़ा मे शीघ्र 549 नव बस शामिल होयत। ई बस सभ अंतरक्षेत्रीय आ अंतरराज्यीय मार्ग सभ पर चलत। एकर संगहि निगमक कुल बसक संख्या 1500 सं बेसी भए जायत। एखन निगम लग 960 सं बेसी बस उपलब्ध अछि। एहि बस सभ मे पीपीपी मोड पर संचालित बस सेहो शामिल अछि, जाहि सं प्रतिदिन 1 लाख सं बेसी यात्री यात्रा कए रहल छथि। नव बस आबि गेलापर ई संख्या बढ़िकए 2 लाख सं बेसी होएबाक अनुमान अछि। निगमक अनुसार, केंद्र सरकार सं भेटनिहार 400 पीएम ई-बस मे सं लगभग 200 बस अगस्तक अंत धरि पहुंचि जायत। एकर अतिरिक्त 74 नॉन-एसी डीलक्स आ 75 एसी डीलक्स बस सेहो उपलब्ध होयत। पीएम ई-बस सेवा योजना अंतर्गत आबए बला वातानुकूलित ई-बस मुख्य रूप सं निगमक 6 प्रमंडल–पटना, गया, भागलपुर, मुजफ्फरपुर, दरभंगा आ पूर्णिया मे चलाओल जायत। एहि मे सं किछु पिंक बसक रूप मे महिला सभक सुरक्षित यात्राक लेल आरक्षित रहत। एक बेर चार्ज भेला पर ई बस लगभग 180 किलोमीटर धरि चलि सकैत अछि। परिवहन विभागक सचिव राज कुमार कहलनि जे ई-बसक परिचालन सं डीजलक खपत आ कार्बन उत्सर्जन मे कमी आएत, जाहि सं शहर सभक हवा स्वच्छ राखबा मे सहायता भेटत।

# दोसर राज्य सं आबय बला बालू-पाथर वाहन सभ मे आब जीपीएस अनिवार्य

## अवैध खनन आ परिवहन पर सरकारक सख्ती



**पटना, समदिया**

बिहार मे आब दोसर राज्य सं बालू आ पाथर लए आबए बला सभ वाहन मे जीपीएस लगेनाय अनिवार्य होयत। खान आ भूतत्व मंत्री डॉ. प्रमोद कुमार बृहस्पति कें प्रेस वार्ता मे बतौलनि जे एहि व्यवस्थाक माध्यम सं वाहन सभक निगरानी आसान होयत आ अवैध खनन तथा परिवहन पर प्रभावी नियंत्रण कएल जा सकत।

मंत्री बतौलनि जे इंटर स्टेट ट्रांजिट पास (आईएसटीपी) व्यवस्था लागू भेला उपरांत प्रतिदिन लगभग 4000 वाहन दोसर राज्य सं बिहार मे प्रवेश कए रहल अछि। एहि वाहन सभक ऑनलाइन निगरानी लेल जीपीएस व्यवस्था लागू कएल जा रहल अछि।

डॉ. प्रमोद कुमार कहलनि जे आईएसटीपी व्यवस्था लागू भेला उपरांत विगत लगभग 2 मास मे राज्य सरकार कें 45 करोड़ रुपैया राजस्व प्राप्त भेल अछि।

हुनकर अनुसार, एहि व्यवस्थाक कारण खनिज परिवहन प्रणाली मे पारदर्शिता बढ़ल अछि आ राजस्व संग्रह मे सेहो उल्लेखनीय सुधार भेल अछि।

मंत्री कहलनि जे ट्रांजिट पास आ जीपीएस आधारित निगरानी प्रणाली सं खनिज परिवहन पर नीक नियंत्रण संभव भेल अछि। एहि सं अवैध परिवहनक पहचान पहिनेक तुलना मे आरो सहज भए जायत।

सरकार अवैध खनन आ परिवहन पर रोक लगाबए लेल 1000 खनन सिपाहीक पद पर बहालीक प्रक्रिया सेहो शुरू कए देने अछि। एहि सं निगरानी तंत्र कें आरो मजबूत बनाओल जायत।

डॉ. प्रमोद कुमार कहलनि जे जीपीएस तकनीक आ अतिरिक्त मानव संसाधन उपलब्ध भेला पर अवैध खनन आ परिवहन विरुद्ध कारबाइ आरो प्रभावी होयत। सरकार एहि दिशा मे लगातार कड़ा कदम उठा रहल अछि।

# पुलिस आ एसएसबीक संयुक्त कारबाइ : 200 ग्राम ब्राउन शुगरक संग अभियुक्त गिरफ्तार

**मधुबनी, समदिया**

मधुबनी पुलिसक साहरघाट थाना पुलिस आ एसएसबी, गंगौरक संयुक्त टीम द्वारा मादक पदार्थक विरुद्ध कारबाइ करबाक उद्देश्य सं एकटा छापामारी दल गठित कएल गेल। गुप्त सूचनाक आधार पर गठित संयुक्त टीम भारत-नेपाल सीमाक सीमा स्तंभ संख्या-291/14 सं किछु दूर सीमा सं सटल राइमा गाम पहुंचल। ओतहि एकटा अज्ञात व्यक्ति देखल गेल। शंकाक आधार पर जखन पुलिस ओकरा सं पूछताछ करए लागल, तं ओ भागबाक प्रयास कएलक। मुदा पुलिस दल तत्परता सं ओकरा पकड़ि लेलक। पकड़ायल व्यक्ति सं नाम-पता पूछलापर ओ अपन नाम मो. शकील, पिता मो. एनुल रेन, साकिनझराइमा बतौलक। तलाशीक क्रम मे ओकर दुनू पॉकेट सं काल रंगक कुल चारिटा



प्लास्टिकक थैली बरामद भेल। थैली खोलि देखलापर ओकरा मे ब्राउन शुगर जकां पदार्थ भेटल। एकर अतिरिक्त ओकर दहिना पॉकेट सं एकटा मोबाइल फोन आ 300 टाका भारतीय मुद्रा सेहो बरामद भेल। बरामद ब्राउन शुगर जकां पदार्थ कें मानक तराजू सं तौलल गेल, जाहि मे कुल वजन 200 ग्राम पाओल गेल। बरामद सभ सामग्रीक विधिवत जप्ती सूची तैयार कए जप्त कएल गेल आ मो. शकील कें विधिसम्मत रूप सं गिरफ्तार कए थाना आनल गेल। एहि घटनाक संबंध मे साहरघाट थाना कांड संख्या-150/26, दिनांक 05.08.2026, धारा 8(सी)/21(बी) एनडीपीएस एक्टक अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज कएल गेल अछि। पुलिस एहि मामिला मे विधिसम्मत आवश्यक कारबाइ कए रहल अछि।

## 200 ग्राम ब्राउन शुगर आ 1 लाख 59 हजार नेपाली मुद्राक संग तीन अभियुक्त गिरफ्तार



**मधुबनी।** मधुबनी पुलिसक जयनगर थाना आ बिहार एसटीएफ, पटनाक संयुक्त टीम मादक पदार्थक विरुद्ध संयुक्त कारबाइ करैत गुप्त सूचनाक आधार पर ग्राम खैरामठस्थित एकटा संदिग्ध घरक घेराबंदी कए विधिवत छापामारी कएलक। छापामारीक दौरान घर मे तीन गोटे व्यक्ति भेटलाह। पूछताछ मे हुनका सभ अपन नाम क्रमशः धर्मेंद्र कुमार चोरवाल, संतोष कुमार यादव आ शुभम कुमार बतौलनि। विधिवत तलाशी लेलापर धर्मेंद्र कुमार आ संतोष कुमारक पॉकेट सं पारदर्शी प्लास्टिकक कुल चारिटा थैली बरामद भेल। प्रत्येक थैली मे ब्राउन शुगर जकां मादक पदार्थ भेटल। एकरे अतिरिक्त धर्मेंद्र कुमार चोरवालक पॉकेट सं 1 लाख 59 हजार नेपाली मुद्रा आ टूटा मोबाइल फोन सेहो बरामद कएल गेल। पुलिस टीम डीडी किटक माध्यम सं बरामद पदार्थक जांच कएलक, जाहि मे ई ब्राउन शुगर (मादक पदार्थ) होयबाक पुष्टि भेल। सभटा बरामद पदार्थक वजन कएलापर कुल 200 ग्राम ब्राउन शुगर पाओल गेल। बरामद नेपाली मुद्राक गिनती करलापर कुल 1,59,000 टाका नेपाली मुद्रा भेटल। विशेष पूछताछक क्रम मे धर्मेंद्र कुमार बतौलनि जे ई सभ मादक पदार्थ मालदा (पश्चिम बंगाल) निवासी अति उल इस्लाम द्वारा आनिकए देल गेल छल आ ओ एहि मादक पदार्थक बिक्री नेपाल मे करैत छल।

# पत्रकारिताक पुरोधा कमल आनंद कें अश्रुपूरित श्रद्धांजलि

## पूर्णिया प्रेस क्लबक श्रद्धांजलि सभा मे उमड़ल पत्रकारक भीड

**पूर्णिया, समदिया**

वरिष्ठ पत्रकार आ सामाजिक सरोकारक प्रखर हस्ताक्षर स्वर्गीय कमल आनंदक पुण्यतिथिक अवसर पर बृहस्पतिदिन पूर्णिया प्रेस क्लबक तत्वावधान मे श्रद्धांजलि सभाक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता प्रेस क्लबक अध्यक्ष मिथिलेश कुमार सिंह कएलनि। एहि अवसर पर पत्रकार, समाजसेवी आ विभिन्न क्षेत्रक गणमान्य व्यक्ति सभ हुनकर चित्र पर पुष्प अर्पित कए भावभीनी श्रद्धांजलि देलनि। श्रद्धांजलि सभा कें संबोधित करैत वक्ता सभ कहलनि जे कमल आनंद अपन दीर्घ पत्रकारिता जीवन मे पूर्णिया सहित संपूर्ण सीमांचलक जनसमस्या आ जनसरोकार कें सदैव प्रमुखता सं उठबैत रहलाह। हुनकर निर्भीक, निष्पक्ष आ बेबाक लेखनी हुनका पत्रकारिता जगत मे विशिष्ट पहचान देलक। ओ मात्र वरिष्ठ पत्रकारे नहि, बल्कि युवा पत्रकारसभक मार्गदर्शक आ सीमांचलक पत्रकार



परिवारक अभिभावक सेहो छलाह। वक्ता सभ कहलनि जे कमल आनंद पत्रकारिता कें सदिखन जनसेवाक माध्यम माललनि। समाजक आखरी पांतिक लोकसभक आवाज शासन-प्रशासन धरि पहुंचेबा मे हुनकर महत्वपूर्ण योगदान रहल। हुनकर समाचार आ लेख मे निष्पक्षता, जनहित आ सामाजिक उत्तरदायित्वक स्पष्ट झलक देखबाक लेल भेटैत छल। पत्रकारिताक अतिरिक्त सहकारिता क्षेत्र मे सेहो हुनकर उल्लेखनीय योगदान रहल। ओ लगातार 20 वर्ष धरि को-ऑपरेटिव बैंकक चेयरमैन रहलाह तथा सात वर्ष धरि भूमि विकास बैंकक अध्यक्षक रूप मे सफलतापूर्वक दायित्व निभौलनि। सक्रिय पत्रकारिता काल मे ओ बिहार राज्य संवाददाता संघक महासचिवक रूप मे सेहो पत्रकारसभक अधिकार आ हितक पक्ष मे मजबूती सं आवाज उठौलनि। श्रद्धांजलि सभा मे उपस्थित वक्ता सभ कहलनि जे कमल आनंदक व्यक्तित्व आ कृतित्व आगू आबयवाली पीढ़ीक पत्रकार सभ लेल प्रेरणास्रोत बनल रहत। हुनकर सिद्धांत, मूल्य आ निष्पक्ष पत्रकारिताक परंपरा सदैव पत्रकार समाज कें मार्गदर्शन करैत रहत। कार्यक्रमक अंत मे उपस्थित सभगोटे दू मिनटक मौन राखि दिवंगत आत्माक शांतिक कामना कएलनि तथा हुनकर देखाओल मार्ग पर चलबाक संकल्प लेलनि। एहि अवसर पर मोहित पंडित, धर्मेंद्र लाठ, फुरकान अंसारी, आशीष, अमित सिंह, कृष्ण रंजन, गौतम वर्मा, दिलीप दीपक, पवन सहित कतेको पत्रकार आ गणमान्य व्यक्ति उपस्थित छलाह।

# पतिक निर्मम हत्याक अपराध मे पत्नी आ कथित प्रेमी कें आजीवन सश्रम कारावास

## दस-दस हजार टाकाक अर्थदंड सेहो

**दरभंगा, समदिया**

अपर जिला आ सत्र न्यायाधीश आदिदेवक अदालत प्रेम प्रसंग मे पतिक निर्मम हत्याक अपराध मे सिमरी थाना क्षेत्रक कमरौली निवासी संगीता देवी आ हुनकर कथित प्रेमी कुंदन कुमार उर्फ बजरंगी कें आजीवन सश्रम कारावास तथा दस-दस हजार टाकाक अर्थदंडक सजा सुनौलनि। अर्थदंड जमा नहि केलापर दुनू दोषी कें एक मासक अतिरिक्त कारावास भोगए पड़तनि। लोक अभियोजक अमरेंद्र नारायण झा जानकारी देलनि जे सिमरी थाना कांड संख्या 147/23 सं संबंधित सत्रवाद संख्या 675/23 मे सुनवाइ पूरा भेलाक उपरांत अदालत 24 जुलाईएं कमरौली निवासी रामाशीष साहक 40 वर्षीय पुत्र राम कुमार साहक निर्मम हत्याक मामिला मे मृतकक पत्नी संगीता देवी आ हुनकर कथित प्रेमी कुंदन दास उर्फ बजरंगी दास कें भारतीय न्याय संहिता (तत्कालीन भादवि) केर धारा 302/34 अंतर्गत दोषी ठहरौने छल।

अभियोजन पक्षक संचालन कयनिहार अपर लोक अभियोजक (एपीपी) दिलीप कुमार साह कहलनि जे बृहस्पति कें अदालत अभियोजन आ बचाव पक्षक दलील सुनलाक उपरांत तथा अभिलेखपर उपलब्ध साक्ष्यक गहन परीक्षण कए दुनू दोषी कें सजा सुनौलनि। घटना 21 जुलाई 2023 केर राति सिमरी थाना क्षेत्रक कमरौली गामस्थित कुमारपट्टी चौर मे अवस्थित एकटा मुर्गी फार्मपर भेल छल। एहि संबंध मे मृतकक पिता रामाशीष साह प्राथमिकी दर्ज करौने छलाह। एपीपी दिलीप कुमार साहक अनुसार घटनाक दिन राम कुमार साह अपन बच्चाक जन्मदिन मनाबय लेल पत्नी लग मुर्गी फार्म पहुंचल छलाह। आरोप अछि जे पांच बच्चाक माता संगीता देवीक कुंदन दास सं प्रेम संबंध छल आ ओ प्रायः मुर्गी फार्मपर रहैत छल। घटनाक राति लगभग 11 बजे रामाशीष साह कें सूचना भेटल जे हुनकर पुत्रक संग मारपीट भए रहल अछि। ओ परिजनसभक संग घटनास्थल पहुंचला पर देखलनि जे दुनू आरोपित राम कुमार साह कें लाठी-डंडा सं पीटि रहल छल। अभियोजन पक्षक अनुसार आरोपित सभ बर्बरतापूर्वक मृतकक एकटा आंख सेहो फोड़ि देने छल। गंभीर चोटक कारण घटनास्थले हुनकर मृत्यु भए गेल। अदालत मे अभियोजन पक्षक दिस सं कुल दस गवाहक गवाही प्रस्तुत कएल गेल, जाहिक आधारपर अदालत आरोप सिद्ध मानैत दुनू अभियुक्त कें दोषी ठहरौलक। लोक अभियोजक अमरेंद्र नारायण झा कहलनि जे दुनू दोषी घटनाक दिन सं जेल मे बंद छथि।

## हर घर तिरंगा अभियान कें जनआंदोलन बनेबाक पर जोर

**सहरसा।** जिलाधिकारी दीपेश कुमारक अध्यक्षता मे बृहस्पति कें कार्यालय वेश्म मे आगामी हर घर तिरंगा अभियानक सफल आ प्रभावकारी क्रियान्वयनक लेल समीक्षा बैसार आयोजित भेल। बैसार मे विभिन्न विभागसभक तैयारीक समीक्षा कए अभियान कें व्यापक जनसहभागिताक संग संचालित करबाक निर्देश देल गेल। जिलाधिकारी कहलनि जे हर घर तिरंगा मात्र सरकारी कार्यक्रम नहि, बल्कि राष्ट्रभक्ति, राष्ट्रीय एकता आ नागरिक उत्तरदायित्वक भावनाक सुदृढ़ करएबला जनआंदोलन अछि। हुनका सभ विभाग कें आपसी समन्वय सं अभियान कें गाम-गाम आ घर-घर धरि पहुंचाबय पर बल देलनि। हुनका निर्देश देलनि जे अभियानक दौरान तिरंगा यात्रा, बाइक रैली, प्रभात फेरी, पदयात्रा, देशभक्ति-आधारित सांस्कृतिक कार्यक्रम, निबंध, चित्रकला आ भाषण प्रतियोगिताक आयोजन कएल जाए। संगहि सभ सरकारी आ निजी विद्यालय, महाविद्यालय, पंचायत, नगर निकाय, स्वयं सहायता समूह, जीविका दीदीसभ, युवा क्लब आ सामाजिक संगठनसभक सक्रिय सहभागिता सुनिश्चित कएल जाए।

# बेनीपट्टी मे प्रमुख केलक पंचायत समितिक सामान्य बैसार

## बिजली, नल-जल आ सिंचाइक मुद्दा रहल प्रमुख चर्चा

**बेनीपट्टी, समदिया**

प्रखंड कार्यालयस्थित मेघदूतम टीपीसी भवनक सभागार मे प्रखंड प्रमुख सोनी देवीक अध्यक्षता मे पंचायत समितिक सामान्य बैसार संपन्न भेल। बैसार मे बिजली, पीएचईडी, सिंचाइ, सोलर स्ट्रीट लाइटसहित विभिन्न विकास योजना सं संबंधित विषय सभ पर विस्तार सं चर्चा भेल। विशेष रूप सं बिजली, नल-जल आ सिंचाइक समस्या सभा मे प्रमुख रूपें उठाओल गेल।




उपप्रमुख अशोक चौधरी कहलनि जे बसैठ वार्ड संख्या-5 मे नल-जल योजनाक अंतर्गत दू बेर बोरिंग कराएल गेल, मुदा एखन धरि लोक सभ कें पानि उपलब्ध नहि भए रहल अछि। हुनका सभ सदस्य सं अपन-अपन पंचायत मे कराए जाएबला कार्यसभक सूची उपलब्ध कराबयक आग्रह सेहो कएलनि। बसैठक पंचायत समिति सदस्य संतोष चौधरी कहलनि जे नल-जल योजना सं लोक सभ कें एक बूंद पानि सेहो नहि भेटि रहल अछि। एहि विषयपर पीएचईडी विभागक कनीय अभियंताक असंतोषजनक उत्तर पर सदन मे खेद व्यक्त कएल गेल। ओ कहलनि जे चानपुरा मे फीडर रहितो बसैठक विद्युत व्यवस्था बनकट्टा फीडर सं जोड़ि देल गेल अछि। ढंगा पंचायतक मुखिया अवध किशोर झा कहलनि जे हुनकर पंचायत मे सिंचाइक सुविधा अत्यंत कम अछि। संगहि चंपा गामक राजस्व परजुआर पंचायत मे जाएत अछि, जाहि सं सुविधा तं ओतय सं भेटैत अछि, मुदा कार्यक भार ढंगा पंचायत पर पड़ैत अछि। मुरैठक मुखिया कहलनि जे क्षेत्र मे विद्युत आपूर्तिक स्थिति अत्यंत खराब अछि आ कार्यसंस्कृति मे सेहो सुधारक आवश्यकता अछि। हुनका लोहा चौक सं अतिक्रमण हटेबाक मांग सेहो उठौलनि। परौलक पंचायत समिति सदस्य अशोक कुमार कहलनि जे वार्ड संख्या-11 मे बांस-बल्लाक सहारा सं 11 हजार वोल्टक विद्युत लाइन चलाओल जा रहल अछि, जे अत्यंत जोखिमपूर्ण अछि। हुनका एकतारा गामक पश्चिम भाग मे नाला निर्माण कराबयक मांग सेहो कएलनि। धकजरीक पंचायत समिति सदस्य चंदन ठाकुर कहलनि जे स्टेट हाईवे-52 सं उच्च विद्यालय धरिक सड़कक स्थिति अत्यंत जर्जर अछि। संगहि बजरंग चौक धकजरी सं भैरव स्थान नवटोली धरि लगभग 100 मीटर सड़क निर्माण अधूरा अछि, जाहि सं आमजन आ छात्र-छात्रा सभ कें आवागमन मे कठिनाइ होइत अछि। दामोदरपुरक पंचायत समिति सदस्य आशुतोष झा कहलनि जे बछराजा नदीक पानि अकौर दिशा मे लगभग एक सप्ताह धरि रोकि देल जाइत अछि, जाहि सं समय पर दामोदरपुर धरि पानि नहि पहुंचि पबैत अछि आ किसान सभ कें भारी कठिनाइक सामना करए पड़ैत अछि। नवकरहीक मुखिया राम संजीवन यादव परजुआर सं करही नहर मे पानि छोड़बाक अथवा नवटोली सं बरही नहर कें एकरा सं जोड़बाक प्रस्ताव देलनि। मनपौर पंचायतक मुखिया अमरेंद्र मिश्र सुगन कहलनि जे संपूर्ण पंचायत मे नल-जल योजना ठप पड़ल अछि। मरम्मतिक आवश्यकता रहितो विभागक स्तर सं कोनो पहल नहि कएल जा रहल अछि। पालीक मुखिया अमेरिका देवी कहलनि जे किछु वार्ड मे पांच वर्ष सं नल-जल योजना बंद पड़ल अछि। बैसार मे मुख्य रूप सं बिजली, नल-जल आ सिंचाइक समस्या पर व्यापक चर्चा भेल। किछु समय लेल एहि मुद्दा सभ पर सदन मे गरमागरम बहस सेहो भेल। प्रमुख सोनी देवी कहलनि जे सभ सदस्यक सहभागिता सं सभ शिकायतक समाधान करबाक प्रयास कएल जाएत। बैसार मे सीओ अभिषेक आनंद, आरडीओ अकरम नजफी, बीईओ मधुकर कुमार, एमओ रोहित रंजन झा, प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. पी.एन. झा, श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी आकांक्षा कुमारी, सीडीपीओ रेखा कुमारी, मनरेगा पीओ संजीव रंजन मिश्र, बीसीओ सुरेश राम, बीपीएम प्रणवतोष मिश्र, मुखिया सभ राम संजीवन यादव, अवध किशोर झा, अमरेंद्र मिश्र सुगन, अख्तर हुसैन, रीझन ठाकुर, अमेरिका देवी, कारी साह, सुष्मिता कुमारी तथा पंचायत समिति सदस्य चंदन ठाकुर, अशोक कुमार, संतोष कुमार चौधरी, पप्पू झा, आशुतोष झा, वंदना झा, प्रभावती कुमारीसहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

## भूमिहीन कें बासभूमिक अधिकार लेल हम पार्टी शुरू कएलक गरीब चौपाल अभियान

**सहरसा, समदिया**

हिंदुस्तानी आवाम मोर्चा (सेक्युलर)क तत्वावधान मे बृहस्पति कें डीबी रोडस्थित पूजा बैंक्वेट हॉल मे गरीब चौपाल : संवाद, समाधान आ संकल्प कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक दौरान भूमिहीन परिवार सभ कें वासभूमि उपलब्ध कराबयक उद्देश्य सं हजारो लोक सं आवेदन प्राप्त कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता जिलाध्यक्ष प्रियव्रत सादा कएलनि, जखन कि संचालन बेचन राम कएलनि। कार्यक्रमक उद्घाटन पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष तथा बिहार सरकारक लघु जल संसाधन मंत्री डॉ. संतोष कुमार सुमन, प्रदेश अध्यक्ष डॉ. अनिल कुमार सिंह, मुकेश कुमार मांझी, विकास राज, जिला प्रभारी अनिल कुमार यादव, पूर्व विधायक इजहार आलम, राम रतन ऋषिदेव, मोहम्मद सलाउद्दीन मुन्ना, रमन कुमार रंजन आ अन्य अतिथि सभ संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कए कएलनि। एहि अवसर पर सभ अतिथि सभ कें अंगवस्त्र, पुष्पगुच्छ आ सामूहिक माला पहिराकए सम्मानित कएल गेल। सभा कें संबोधित करैत डॉ. संतोष कुमार सुमन कहलनि जे आजादीक 75 वर्ष बीतलाक बादो पैघ संख्या मे महादलित परिवार भूमि आ आवास जकां आधारभूत सुविधा सं वंचित छथि। ओ कहलनि जे पार्टी गाम-गाम मे चौपाल लगाकए लोकसभक समस्या सुनि रहल अछि आ प्राप्त सभ आवेदन संबंधित अधिकारी सभ धरि पहुंचाकए समस्याक समाधान सुनिश्चित कराओल जाएत।

# मिथिला हाट मे मधुश्रावणी डाली सज्जा प्रतियोगिता मे शिवानी झा बनली विजेता

## 12 नवविवाहिताक लोकगीतक गूंज सं गूंजल मिथिला हाट परिसर

**झंझारपुर, समदिया**

मिथिलाक लोकआस्था आ परंपराक प्रतीक मधुश्रावणी डाली सज्जा प्रदर्शनी प्रतियोगिताक चारिम दिन बृहस्पतिदिन उल्लास आ श्रद्धाक वातावरण मे संपन्न भेल। बिहार राज्य पर्यटन विकास निगमक इकाई मिथिला हाट मे आयोजित एहि प्रतियोगिता मे जिलाक विभिन्न गाम सं आयल नवविवाहिता सभ अपन कलात्मक प्रतिभा सं सभक मन मोहि लेलनि।

चारिम दिन कुल 12 नवविवाहिता प्रतियोगिता मे सहभागी बनली। पायलक रुनझुन, सखी-सहेलीसभक हंसी-ठिठोली आ लोकगीतक मधुर धुनक बीच सभ प्रतिभागी हाथ मे मधुश्रावणी डाली लए परिसर मे प्रवेश कएलनि। प्रतियोगिता मे लोहना गामक खुशबू कुमारी आ सोनम चौधरी, बरूआरक रिमझीम कुमारी आ जया कुमारी, रामखेतारीक शिवानी कुमारी,



रघुनंदनपुरक चांदनी झा, फुलपरासक गाड़ाटोलक गीता कुमारी आ शिवानी झा, लक्ष्मीपुरक रजनी मिश्रा, मैनपुरक तनीषा मिश्रा, फुलपरासक खुशबू झा आ पिस्टलक प्रिया ठाकुर सहभागी बनली। सभ प्रतिभागी फूल, पात, दूब, पान, सुपारी आ पारंपरिक सामग्री सं डाली कें आकर्षक रूप सं सजौलनि। निर्णायक मंडली सौंदर्य, मौलिकता आ परंपराक निर्वहनक आधार पर मूल्यांकन कएलक। एहि आधार पर रामखेतारी गामक शिवानी झा कें सर्वश्रेष्ठ डाली सज्जाक विजेता घोषित कएल गेल। आयोजक सभ हुनका प्रशस्ति-पत्र प्रदान कए सम्मानित कएलनि। सम्मान प्राप्त करबाक बाद शिवानी झा कहलनि जे मधुश्रावणी मिथिलाक आस्था आ संस्कृति सं जुड़ल महत्वपूर्ण पर्व अछि। डाली सजाकए पति दीघार्युक कामना करबाक संग मिथिलाक समृद्ध परंपरा कें जीवित रखबाक अवसर भेटल, एहि लेल ओ गर्व महसूस करैत छथि। हुनकर अनुसार ई प्रतियोगिता नारीक सृजनशीलताक प्रतीक सेहो अछि। मिथिला हाटक प्रबंधक कल्याणी झा कहलनि जे डाली सज्जा प्रतियोगिता मात्र प्रतिस्पर्धा नहि, बल्कि मिथिलांचलक नारीक सृजनशीलता, लोकपरंपरा आ सांस्कृतिक जीवनक सजीव अभिव्यक्ति अछि। मिथिला हाटक माध्यम सं मधुश्रावणी पर्वक परंपरा कें व्यापक पहचान देबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। ओ जानकारी देलनि जे प्रतियोगिता 3 अगस्त सं प्रारंभ भए 14 अगस्त धरि चलत। प्रतिदिन नवविवाहिता सभ अपन-अपन डाली लए प्रतियोगिता मे भाग लेतीह आ समापन अवसर पर सभ विजेता कें सम्मानित कएल जायत। मिथिला हाट मे प्रतिदिन सैकड़ो दर्शक पहुंचि डालीसभक अवलोकन कए मिथिलाक समृद्ध संस्कृति कें नजदीक सं अनुभव कए रहल छथि।

## समीक्षा बैसार मे अपर समाहर्ता लंबित मामिलाक शीघ्र निष्पादनक देलनि निर्देश

**मधुबनी।** जिलाधिकारीक निर्देश पर बृहस्पतिदिन अपर समाहर्ता (आपदा) संतोष कुमारक अध्यक्षता मे वर्चुअल माध्यम सं साप्ताहिक समीक्षा बैसार आयोजित भेल। बैसार मे विभिन्न विभाग सभ द्वारा प्रस्तुत साप्ताहिक प्रगति प्रतिवेदनक विस्तृत समीक्षा कएल गेल। समीक्षाक क्रम मे कोषागार, जिला नीलाम पत्र शाखा, जिला विधि शाखा, जिला लोक सूचना कोषांग, लोक शिकायत निवारण एवं अनुश्रवण प्रणाली, जिला कृषि कार्यालय, लोक स्वास्थ्य प्रमंडल, बाढ़ि नियंत्रण प्रमंडल आ सेवा-संवाद-समाधान पोर्टल सहित कतेको विभागक कार्यप्रगतिक समीक्षा कएल गेल। अपर समाहर्ता संबंधित पदाधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे विभागीय योजना आ जनहित सं जुड़ल सभ मामिलाक समयबद्ध निष्पादन सुनिश्चित कएल जाए। लंबित प्रकरण सभ कें प्राथमिकताक आधार पर निष्पादित करैत नियमित रूप सं प्रगति अद्यतन कएल जाए तथा विभागसभक बीच नीक समन्वय स्थापित कए कार्य मे तेजी आनल जाए। बैसार मे विशेष रूप सं सेवा-संवाद-समाधान पोर्टल पर प्राप्त आवेदनसभक स्थिति, लंबित शिकायतक निष्पादन आ संबंधित पदाधिकारीसभक जवाबदेही पर चर्चा भेल।

## केंद्र सरकारक नीति, भ्रष्टाचार आ जनसमस्याक विरोध मे भाकपाक पदयात्रा

### 1 सितंबर कें दिल्ली चलबाक आह्वान




**जयनगर, समदिया**

भारतीय कम्युनिस्ट पार्टी (भाकपा) जयनगर अंचल परिषदक अंचल मंत्री रामनारायण बनरैतक नेतृत्व मे पार्टीक राष्ट्रव्यापी आह्वान पर बदलाव अभियान अंतर्गत केंद्र सरकारक जनविरोधी नीतिक विरोध, स्थानीय जनसमस्या आ सात सूत्री मांग सभ कें लए बृहस्पति कें पदयात्रा निकालल गेल। पार्टी कार्यकर्ता सभ बैनर-पोस्टरक संग पदयात्रा निकालि केंद्र सरकारक विरोध मे नारेबाजी कएलनि तथा आमजन आ कार्यकर्ता सभ सं आगामी 1 सितंबर कें दिल्लीक रामलीला मैदान पहुंचबाक आह्वान कएलनि।

पदयात्रा जयनगरस्थित अंचल कार्यालय परिसर सं प्रारंभ भए विभिन्न क्षेत्रक भ्रमण करैत पुनः पार्टी कार्यालय पहुंचि संपन्न भेल। सभा कें संबोधित करैत वक्ता सभ कहलनि जे आमजन, किसान, मजदूर, छात्र, युवा आ महिला सभ महंगाइ, बेरोजगारी आ सरकारक नीति सं त्रस्त छथि। अपन अधिकारक मांग लेल आंदोलन कएनिहार लोक सभ पर सरकार लाठीचार्ज करबा रहल अछि। कार्यकर्ता सभ पदयात्राक माध्यम सं केंद्र सरकारक नीतिक विरोध दर्ज करौलनि। तत्पश्चात पार्टी कार्यकर्तासभक संग बैसार कए आगामी आंदोलनक रणनीति तय कएल गेल तथा व्यापक प्रचार-प्रसार कए अधिक सं अधिक आमजन आ कार्यकर्ता सभ कें दिल्ली कार्यक्रम मे सहभागी बनेबाक आह्वान कएल गेल। सात सूत्री मांग सभ मे शिक्षाक राष्ट्रीयकरण, सभ कें समान शिक्षा उपलब्ध करेनाइ, प्रश्नपत्र लीक, परीक्षा धांधली आ व्यापक भ्रष्टाचार पर रोक लगबैत दोषी सभ पर कारबाइ, जयनगरक सरकारी कार्यालय सभ मे व्याप्त भ्रष्टाचार समाप्त करब, भूमिहीन परिवार सभ कें अविलंब बासगीत पर्चा उपलब्ध करेनाइ, दाखिल-खारिज प्रक्रिया मे भए रहल भ्रष्टाचार पर रोक लगेनाइ तथा अन्य जनसमस्याक समाधान प्रमुख रूप सं शामिल छल।

# राज्यव्यापी हड़तालक समर्थन मे नगर पंचायतक सफाईकर्मी निकाललनि समर्थन मार्च

## न्यूनतम मजदूरी, सेवा सुरक्षा, सामाजिक सुरक्षा आ श्रमिक सभक अधिकार सुनिश्चित हो

मधुबनी, समदिया

बिहारक विभिन्न नगर पंचायत, नगर परिषद् आ नगर निगम सभ मे संविदा आ आउटसोर्सिंग पर कार्यरत सफाईकर्मी सभ अपन विभिन्न मांग सभ कें लए चलि रहल राज्यव्यापी हड़तालक समर्थन मेआइ जयनगर नगर पंचायत मे अखिल भारतीय सफाई मजदूर यूनियन, जयनगरक बैनर तर एकटा समर्थन मार्च निकालल गेल आ सभा आयोजित कएल गेल। कार्यक्रमक नेतृत्व यूनियनक सचिव शोभीतमंडल आ अध्यक्ष लक्ष्मण राम कएलनि। एहि अवसर पर यूनियनक संरक्षक आ ऐक्टू नेता भूषण सिंहसेहो उपस्थित छलाह। मार्चक दौरान सफाईकर्मी सभ अपन प्रमुख मांग सभ उठबैत कहलनि जे संविदा आ आउटसोर्सिंग पर कार्यरत सभटा सफाईकर्मी कें नियमित (स्थायी) सरकारी कर्मचारी बनाओल जाए। सभ सफाईकर्मी के समान काज लेल समान वेतन केर सिद्धांतक अनुरूप सम्मानजनक वेतन देल जाए। कर्मचारी सभ कें भविष्य निधि (पीएफ), ईएसआई, चिकित्सकीय सुविधा, बीमा,




पेंशनसहित सामाजिक सुरक्षाक सभ लाभ उपलब्ध कराओल जाए आ बकाया वेतन तथा मानदेयक समय पर पूर्ण भुगतान सुनिश्चित कएल जाए। एकर अतिरिक्त ठेकेदारी व्यवस्था समाप्त कए स्थायी रोजगारक गारंटी देबाक मांग सेहो कएल गेल। सभाक संबोधन करैत यूनियनक सचिव शोभीत मंडल कहलनि जे सफाईकर्मी सभ नगर सभ कें स्वच्छरखबाक महत्वपूर्ण दायित्व निभबैत छथि, मुदा हुनका सभ कें समय पर वेतन, सुरक्षा उपकरण आ आन आधारभूत सुविधा धरि उपलब्ध नहि भए रहल अछि। हुनका सरकार सं बकाया वेतनक अविलंब भुगतान करबाक आ सफाईकर्मीसभक सभ लंबित समस्याक शीघ्र समाधान करबाक मांग कएलनि। यूनियनक अध्यक्ष लक्ष्मण राम कहलनि जे वर्षो सं कार्यरत सफाईकर्मी सभ कें नियमित कएल जाए आ ठेकेदारी प्रथापर पूर्ण रोक लगाओल जाए, जाहि सं हुनका सभ कें सम्मानजनक आ सुरक्षित रोजगारक संग-संग सभ

**» सरकार अविलंब बकाया वेतनक भुगतान कए सफाईकर्मी सभक समस्याक समाधान करए**

वैधानिक सुविधा प्राप्त भए सकए। सभाक संबोधन करैत ऐक्टू नेता आ यूनियनक संरक्षक भूषण सिंह कहलनि जे निजीकरण आ ठेकेदारीक नीतिक कारण श्रमिकसभक अधिकार लगातार कमजोर भए रहल अछि। हुनका न्यूनतम मजदूरी, सेवा सुरक्षा, सामाजिक सुरक्षा, चिकित्सकीय सुविधा, पीएफ, ईएसआई आ श्रमिकसभक अन्य सभ अधिकार सुनिश्चित करबाक आवश्यकतापर बल दैत कहलनि जे सफाईकर्मीसभक आंदोलन पूर्ण रूपें न्यायसंगत अछि आ सरकार कें हुनकर सभ मांग अविलंब स्वीकार करबाक चाही। सभा मे वक्ता सभ बिहारक विभिन्न नगर निकाय सभ मे हालक दिन सभ मे नगर निकायक कार्यपालक पदाधिकारी सभ पर भेल जानलेवा हमला आ हत्याक घटनाक कठोर निंदा कएलनि। हुनका सभ कहलनि जे एहन घटना कानून-व्यवस्थाक लेल गंभीर चुनौती अछि। सरकार सं मांग कएल गेल जे नगर निकायक कार्यपालक पदाधिकारी, सफाईकर्मी आ अन्य नगर निकायक कर्मचारीसभक सुरक्षाक लेल ठोस आ प्रभावी सुरक्षा व्यवस्था सुनिश्चित कएल जाए, जाहि सं ओ सभ निर्भय वातावरण मे अपन दायित्वक निर्वहन कए सकथि। कार्यक्रम मे संरक्षक आ ऐक्टू नेता भूषण सिंह, सचिव शोभीत मंडल, अध्यक्ष लक्ष्मण राम, उपाध्यक्ष अमित राम, दिलीप राम, कोषाध्यक्ष देवेंद्र राम, संतोष राम, जितेंद्र राम, डोमा राम, संजीत राम, विजय राम, राजकुमार पासवान, चालक अजय राम, मिथिलेश कुमार यादव, चालक गुरूशरण यादवसहित दर्जनो सफाईकर्मी उपस्थित छलाह।

# स्वतंत्रता दिवस पर प्रतिभागी छात्र-छात्रा सभ होयत सम्मानित

## विद्यालय सभ मे विभिन्न प्रतियोगिताक आयोजन

बिस्फी, समदिया

स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर बालक-बालिका सभ मे राष्ट्रक प्रति जागरूकता बढ़ेबाक उद्देश्य सं प्रखंड क्षेत्रक उच्च विद्यालय, सिंगियाक परिसर मे स्वतंत्रता दिवस-2026 केर भव्य तैयारीक अंतर्गत विभिन्नप्रतियोगिताक श्रृंखलाक आयोजन कएल जा रहल अछि। एहि क्रम मे बृहस्पति कें शिक्षिका मोनिकासिन्हाक नेतृत्व मे पेंटिंग प्रतियोगिताक आयोजन कएल गेल। विद्यालयक प्रधानाध्यापक डॉ. कौशलेंद्र कुमार बतौलनि जे कुल पांच विधा—पेंटिंग, लिखित क्विज, निबंध, आशु भाषण आ नृत्य—मे छात्र-छात्रा सभ सं हुनकर रुचिक अनुसार नामांकन लेल गेल अछि। ओ कहलनि जे सभ विधा मे उत्कृष्ट प्रदर्शन करएवला प्रथम, द्वितीय आ तृतीय स्थान प्राप्त करएवला छात्र-छात्रा सभ कें स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर सम्मानित आ पुरस्कृत कएल जाएत। प्रतियोगिताक श्रृंखलाक



अगिला चरण मे बृहस्पति आशु भाषण प्रतियोगिताक सेहो आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक निर्धारित कार्यक्रम अनुसार 10 अगस्त कें निबंध प्रतियोगिता, 12 अगस्त कें क्विज प्रतियोगिता आ 13 अगस्त कें नृत्य प्रतियोगिता आयोजित कएल जाएत।डॉ. कौशलेंद्र कुमार कहलनि जे प्रतियोगिताक विभिन्न विधा देखि छात्र-छात्रा सभ मे पर्याप्त उत्साहदेखल जा रहल अछि। स्वतंत्रता दिवसक विशेष अवसर पर विजेता सभ कें पुरस्कार प्रदान कएल जाएत। ओ कहलनि जे राष्ट्रीय पर्वक अवसर पर विद्यालय द्वारा एहन आयोजनक मुख्य उद्देश्य बालक-बालिका सभ मे आनंदक संग-संग राष्ट्रप्रेम, देशभक्ति आ राष्ट्रक प्रति जागरूकताक भावना विकसित करब अछि।

# अति विपन्न परिवार सभक घर धरि पहुंचाओल गेल खाद्यान्न

## श्री हरि मानव कल्याण मंच जनसहयोग लेल बनल आशाक किरण

जनकपुरधाम, समदिया

चैरिटेबल संस्था श्री हरि मानव कल्याण मंच द्वारा जनकपुरधामक विभिन्न स्थान सभ पर गरीब, असहाय, पीड़ित आ जरूरतमंद परिवारसभक बीच आवश्यक खाद्यान्न सामग्रीक वितरण कएल गेल। संस्थाक टोली जनकपुरधाम उपमहानगरपालिका वार्ड-1 मे रेलवे स्टेशनक समीप स्थित मुसहर बस्तीपहुंचि मुसहर समुदायक अत्यंत गरीब परिवार सभ कें खाद्यान्न सामग्री प्रदान कएलक। एकर बाद टोली जनकपुरधाम-23 स्थित बिंधी पहुंचि अंशु यादवक पीड़ित परिवार कें राहतस्वरूप खाद्यान्न सामग्रीउपलब्ध करौलनि। उल्लेखनीय अछि जे लगभग एक वर्ष पूर्व हुनकर निर्मम हत्या भए गेल छल। संस्था कहलनि जे ई सहायता एहि आशा सं देल गेल अछि जे कठिन समय मे पीड़ित परिवार कें किछु राहति भेटि सकए। एहिना जनकपुरधाम-24 बसहिया मे बिश्नाथ दास ततमाक परिवार कें सेहो खाद्यान्न सामग्री प्रदान



कएल गेल। संस्था बतौलक जे ई परिवार अत्यंत आर्थिक विपन्नता मे जीवनयापन कए रहल अछि। परिवारक तीनि पुत्री सं दू गोटे जन्म सं दिव्यांग छथि आ बाजि सेहो नहि सकैत छथि। एहि कारण एहि परिवार कें विशेष प्राथमिकता देल गेल। एकरे अतिरिक्त दिवंगत अमरजीत मंडलक परिवार, बोधो मंडलक परिवार आ मलाह समुदायक एक स्थानीय महिला, जिनकर दुनू आंखिक दृष्टि समाप्त भए गेल अछि, हुनको खाद्यान्न सामग्री उपलब्ध कराओल गेल। संस्थाक अध्यक्ष आ पत्रकार दीपक श्रेष्ठ मंडल कहलनि जे मानव सेवा सभ सं पैघ धर्म अछि। ओ समाजक असहाय, गरीब, पीड़ित आ जरूरतमंद परिवारसभक संग सदिखन ठाढ़ रहबाक संकल्प दोहरौलनि। हुनका कहब छल जे सेवा कोनो जाति, धर्म अथवा राजनीतिक विचारधारा सं ऊपर मानवताक दायित्व अछि। ओ जानकारी देलनि जे आगू सेहो एहि प्रकारक सहायता अभियान निरंतर चलैत रहत। स्थानीय लोक सभ संस्थाक एहि मानवीय पहलक सराहना कएलनि आ विश्वास व्यक्त कएलनि जे एहन सेवामूलक अभियान सं वास्तव मे जरूरतमंद परिवार सभ कें पैघ राहति भेटत।

# केंद्रीय मंत्री सं सांसदक भेंट, दरभंगाक शहरी विकास योजना सभ शीघ्र पूरा करबाक आग्रह

## सांसद कहलनि जे दरभंगा मे 186.16 करोड़ टाकाक जलापूर्ति परियोजनाक स्वीकृति

दरभंगा, समदिया

दरभंगा सहित उत्तर बिहारक शहर सभ मे आधुनिक शहरी आधारभूत संरचनाक विकास लेल केंद्र सरकार प्रतिबद्ध अछि। एहि क्रम मे दरभंगा मे सीवरेज आ सेप्टेज प्रबंधनक माध्यम सं शहर कें स्वच्छ बनेबाक आ समग्र शहरी विकास कें गति देबाक दिशा मे ठोस पहल शुरू कएल गेल अछि। केंद्र सरकारकमहत्वाकांक्षी अमृत-2.0 योजनाक अंतर्गत दरभंगा शहर मे शुद्ध पेयजल उपलब्ध कराबय लेल 186.16 करोड़ टाकाक जलापूर्ति परियोजना स्वीकृत भए गेल अछि आ निविदाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। ईजानकारी स्थानीय सांसद तथा लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर बृहस्पति कें केंद्रीय आवासन एवं शहरी कार्य मंत्री मनोहरलाल खट्टर सं हुनकर



कार्यालय मे भेंट करबाक उपरांत देलनि। भेंटक दौरान सांसद डॉ. ठाकुर दरभंगा शहर मे निर्माणाधीन परियोजना सभ कें शीघ्र पूरा करबाक, नव योजनाक स्वीकृति आ ओकर प्रभावी क्रियान्वयनक विषय मे विस्तृत चर्चा कएलनि। बैसार मे केंद्रीय मंत्रीमनोहरलाल खट्टर दरभंगा नगर निगम क्षेत्र मे केंद्रीय आवासन एवं शहरी कार्य मंत्रालय द्वारा संचालित विभिन्न विकास योजनासभक प्रगतिक जानकारी सांसद कें देलनि। ओ कहलनि जे केंद्र सरकारक प्राथमिकता दरभंगासहित उत्तर बिहारक शहर सभ मे आधुनिक शहरी आधारभूत संरचनाक विकास करबअछि। एहि उद्देश्य सं अमृत-2.0 अंतर्गत 186.16 करोड़ टाकाक जलापूर्ति परियोजना स्वीकृत कएल गेल अछि आ एकर निविदा प्रक्रिया शुरू भए चुकल अछि। ओ कहलनि जे बिहार मे अमृत-2.0 योजनाक अंतर्गत जलापूर्ति, सीवरेज आ सेप्टेज प्रबंधन, जलाशय पुनरुद्धार, पार्क विकास आ अन्य शहरी विकास परियोजनासभक काज सेहो शीघ्र गति सं पूरा कएल जा रहल अछि। बैसार मे सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर प्रधानमंत्री शहरी आवास योजनाक अंतर्गत पात्र परिवार सभ कें पक्का आवास उपलब्ध कराबय, प्रधानमंत्री स्वनिधि योजनाक माध्यम सं रेहड़ी-पटरी विक्रेता आ छोट व्यवसायी सभ कें सशक्त बनेबाक, स्वच्छ भारत मिशन अंतर्गत स्वच्छता आ ठोस अपशिष्ट प्रबंधन कें मजबूत करबाक तथा शहरी नागरिक सुविधाक विस्तारक विषय पर सेहो चर्चा कएलनि। सांसद कहलनि जे दरभंगा कमिश्नरी मुख्यालय होयबाक कारण शहर तीव्र गति सं विकसित भए रहल अछि। केंद्र सरकार विभिन्न शहरी विकास योजनाक माध्यम सं आम नागरिक सभ कें आधुनिक सुविधा उपलब्ध कराबय लेल संकल्पित अछि। डॉ. ठाकुर केंद्रीय मंत्री सं दरभंगाक स्वीकृत परियोजनासभक शीघ्र आ गुणवत्तापूर्ण क्रियान्वयन सुनिश्चित करबाक आग्रह कएलनि। ओ कहलनि जे दरभंगा कें आधुनिक, स्वच्छ, सुव्यवस्थित आ नागरिक सुविधा सं समृद्ध शहर बनेबाक दिशा मे तेजी सं पहल होमय, जाहि सं केंद्र सरकारक शहरी विकास योजनासभक प्रभावी क्रियान्वयन द्वारा दरभंगाक विकास कें नव गति भेटय आ शहर राष्ट्रीय स्तर पर अपन विशिष्ट पहचान स्थापित कए सकए।

# बरही पंचायत मे सहयोग शिविरक आयोजन मे कतेको आवेदनक भेल निष्पादन

जयनगर, समदिया

जयनगर प्रखंड क्षेत्रक बरही पंचायत मे सहयोग शिविरक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता आ संचालन प्रखंड विकास पदाधिकारी (बीडीओ) राजीव रंजन कुमार कएलनि। शिविर मे प्रखंडक विभिन्न विभागसभक पदाधिकारी सहभागी भेलाह। कार्यक्रमक उद्देश्य आमजन कें सरकारी योजनासभक जानकारी उपलब्ध कराएब, पात्र लाभुक सभ धरि योजनाक लाभ पहुंचाएब आ हुनकर समस्याक त्वरित समाधान सुनिश्चित करब छल। शिविर मे पैघ संख्या मे ग्रामीण सभ सहभागी भए विभिन्न योजनासभक जानकारीप्राप्त कएलनि आ अपन समस्या अधिकारीसभक समक्ष रखलनि। एहि अवसर पर विभिन्न विभागक पदाधिकारी सभ अपन-अपन विभाग द्वारा संचालित जनकल्याणकारी योजनासभक विस्तृत जानकारी देलनि। शिविर मे स्वास्थ्य, शिक्षा,



आपूर्ति, श्रम, राजस्व एवं भूमि सुधार, अंचल, प्रखंड, आवास, स्वच्छता, जीविका, ग्रामीण विकास, कृषि, मनरेगा, बिजली, खाद, आईसीडीएस, पशुपालन आ पशु चिकित्सा विभागसहित कतेको विभागक पदाधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलाह। अधिकारी सभ ग्रामीण सभ कें सरकारी योजनाक लाभ लेबाक प्रक्रिया, पात्रता आ आवश्यक कागजातक संबंध मे जानकारी देलनि। संगहि लोकसभक समस्या ध्यानपूर्वक सुनि समाधान लेल आवश्यक निर्देश सेहो देलनि। एहि दौरान विभिन्न योजना आ जनसमस्या सं संबंधित आवेदन प्राप्त कएल गेल। कतेको मामिलाक निष्पादन तत्काले कए लाभुक सभ कें राहति देल गेल, जखन कि शेष आवेदन संबंधित विभाग सभ कें अग्रसारित कए शीघ्र कारबाइक आश्वासन देल गेल। बीडीओ राजीव रंजन कुमार कहलनि जे सरकारक उद्देश्य प्रत्येक पात्र व्यक्ति धरि योजनाक लाभ पहुंचेनाइ अछि। एहि उद्देश्य सं पंचायत स्तर पर सहयोग शिविरक आयोजन कएल जा रहल अछि, जाहि सं लोक सभ कें सरकारी कार्यालयक चक्कर नहि लगाबए पड़ए आ स्थानीय स्तर परे समस्याक समाधान भए सकए। ओ कहलनि जे प्रशासन आमजनक समस्याक प्रति संवेदनशील अछि आ प्राप्त आवेदन सभ पर नियमानुसार त्वरित कारबाइ सुनिश्चित कएल जाएत। ओ कहलनि जे प्रशासन आम लोकक सुरक्षा आसहयोग लेल सदिखन तत्पर अछि। हुनका लोक सभ सं साइबर अपराधक रोकथाम, नशामुक्ति आ सामाजिक सद्भाव बना रखबाक लेल प्रशासनक सहयोग करबाक अपील कएलनि। संगहि कोनो प्रकारकआपराधिक गतिविधिक सूचना अविलंब पुलिस कें देबाक आग्रह सेहो कएलनि। किसान सभ कें कृषि विभागक योजना, अनुदान, बीज वितरण आ आधुनिक खेतीक तकनीकक जानकारी देल गेल। जीविका, स्वास्थ्य, श्रम, कृषि, आईसीडीएस, पशुपालन, पशु चिकित्सा, राजस्व, बिजली आ अन्य विभागक पदाधिकारी सभ सेहो अपन-अपन विभागीय योजनासभक संबंध मे विस्तृत जानकारी साझा कएलनि। जनप्रतिनिधि आ ग्रामीण सभ पंचायतक विभिन्न समस्या सभ सं अधिकारी सभ कें अवगत करौलनि। हुनका सभ सड़क, जलनिकासी, बिजली आ अन्य आधारभूत सुविधा सं जुड़ल समस्याक समाधानक मांग कएलनि। अधिकारी सभ आवश्यक कारबाइक आश्वासन देलनि। कार्यक्रम मे बीडीओ राजीव रंजन कुमार, प्रखंडक विभिन्न पदाधिकारी आ कर्मी, मुखिया मीना देवी, सरपंच गुलाम दास, प्रतिनिधि जामुन चौधरीसहित पैघ संख्या मेजनप्रतिनिधि आ ग्रामीण उपस्थित छलाह। जानकारी अनुसार सहयोग शिविर मे कुल 26 आवेदन प्राप्त भेल, जाहि मे 3 आवेदनक निष्पादन ओहि दिनहि कए देल गेल। शेष आवेदन सभ जांचक उपरांतनिष्पादित कएल जाएत। एहि अवसर पर मुखिया मीना देवी पंचायतक जनसमस्याक समाधान लेल बीडीओ कें एकटा ज्ञापन सेहो सौंपलनि।

# महरैल रेलवे स्टेशन पर विशेष एक्सप्रेसक ठहरावक मांग

## सांसद रामप्रीत मंडल कें सौंपल गेल ज्ञापन

मधुबनी, समदिया

अंधराठाढ़ी प्रखंडस्थित महरैल रेलवे स्टेशन पर आनंद विहार टर्मिनल–लोकमान्य तिलक टर्मिनस विशेष एक्सप्रेस (गाड़ी संख्या 04013/04014) केर नियमित ठहरावक मांग लए बुधदिन झंझारपुरक सांसद रामप्रीत मंडल कें एकटा ज्ञापन सौंपल गेल। ई ज्ञापन भाजपा बिहारक आईटी एवं सोशल मीडिया विभागक पॉलिसी एंड रिसर्च टीम केर प्रदेश सह-संयोजक विकास कुमार आ भाजपा कार्यकर्ता चंदन झा द्वारा सौंपल गेल। ज्ञापन मे कहल गेल अछि जे महरैल रेलवे स्टेशन सं प्रतिदिन पैघ संख्या मे विद्यार्थी, नौकरीपेशा लोक, व्यवसायी, वरिष्ठ



नागरिक आ रोगी दिल्लीसहित आन शहरसभक यात्रा करैत छथि। गाड़ीक ठहराव नहि होयबाक कारण यात्री सभ कें दोसर स्टेशन सं रेल पकड़ए पड़ैत अछि, जाहि सं समय, धन आ श्रम—तीनूक अतिरिक्त क्षति होइत अछि। ज्ञापन प्राप्त होयबाक उपरांत सांसद रामप्रीत मंडल जनहित सं जुड़ल एहि महत्वपूर्ण विषय पर त्वरित पहल करैत भारत सरकारक रेलमंत्री कें पत्र लिखिमहरैल रेलवे स्टेशन पर उक्त गाड़ीक नियमित ठहराव सुनिश्चित करबाक आग्रह कयलनि। ज्ञापन सौंपनिहार सभ सांसद रामप्रीत मंडलक प्रति आभार प्रकट करैत विश्वास व्यक्त कयलनि जे हुनकर प्रयास सं शीघ्रहि महरैल रेलवे स्टेशन पर एहि गाड़ीक नियमित ठहराव सुनिश्चित होयत। एहि सं क्षेत्रक हजारो यात्री सभ कें प्रत्यक्ष लाभ भेटत।

# एसएसबीक पैघ कारबाइ : 8 ग्राम ब्राउन शुगर संग दू नेपाली नागरिक गिरफ्तार

जयनगर, समदिया

भारत-नेपाल अंतरराष्ट्रीय सीमापर मादक पदार्थक तस्करीक विरुद्ध चलाओल जा रहल विशेष अभियानक अंतर्गत 48म वाहिनी, सशस्त्र सीमा बल (एसएसबी), जयनगर एकटा महत्वपूर्ण सफलता प्राप्त करैत 8ग्राम संदिग्ध ब्राउन शुगर, एकटा मोटरसाइकिल आ एकटा आईफोन बरामद कए दू गोटे नेपाली नागरिकके गिरफ्तार कएलक। ई कारबाइ एफ समवाय, बाह्य सीमा चौकी बेतौन्हा द्वारा बिहार पुलिसक जयनगर थाना संग संयुक्त रूप सं विश्वसनीय गुप्त सूचनाक आधार पर कएल गेल। एसएसबी आ बिहार पुलिसक संयुक्त जांच दल बेतौन्हा चेक पोस्ट-1, सीमा स्तंभ संख्या 268/17 सं लगभग 25 मीटर भारतीय क्षेत्र मे नियमित वाहन जांच कए रहल छल। एही दौरान मोटरसाइकिल पर आबैत दू संदिग्ध व्यक्ति देखल गेलाह। संयुक्त टीम हुनका सभ कें रोकि तलाशी लेलापर हुनका सभक कब्जा सं 8 ग्राम संदिग्ध



ब्राउनशुगर, एकटा टीवीएस अपाचे मोटरसाइकिल आ एकटा आईफोन 14 प्रो बरामद भेल। बरामद संदिग्ध मादक पदार्थक घटनास्थल पर ड्रग डिटेक्शन किट सं जांच कएल गेल तथा डॉग स्क्वाड द्वारा सेहो एकर पुष्टि कएल गेल। तत्पश्चात विधिसम्मत प्रक्रिया पूरा करैत दुनू व्यक्तिक गिरफ्तारी आ बरामद सामग्रीक जप्ती कएल गेल। कारबाइक दौरान दू गोटे नेपाली नागरिक, निवासी—जिला सिराहा, मधेश प्रदेश (नेपाल), कें गिरफ्तार कएल गेल। प्रारंभिक पूछताछ मे जानकारी भेटल जे बरामद संदिग्ध ब्राउन शुगर भारतक जोगिया गाम मे कोनो अज्ञात व्यक्ति सं किनल गेल छल आ एकरा नेपाल लए जाएल जा रहल छल। एहि तस्करी नेटवर्क आ एकर सं जुड़ल अन्य लोकसभक संबंध मे विस्तृत जांच जारी अछि। बरामद मादक पदार्थ, मोटरसाइकिल आ मोबाइल फोनसहित गिरफ्तार दुनू व्यक्तिक विरुद्ध एनडीपीएस अधिनियम आ अन्य प्रासंगिक कानूनी प्रावधानक अंतर्गत आवश्यक कारबाइ पूरा कए जयनगर थाना कें सुपुर्द करबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। 48म वाहिनी, एसएसबी, जयनगरक कमांडेंट राजेंद्र कुमार सफल अभियान मे सहभागी एसएसबी आ बिहार पुलिसक जवानसभक प्रशंसा कएलनि। ओ कहलनि जे भारत-नेपाल अंतरराष्ट्रीय सीमापर मादक पदार्थ, शराब, हथियार, नकली भारतीय मुद्रा आ अन्य अवैध गतिविधिक विरुद्ध एसएसबी पूर्ण सतर्कताक संग निरंतर अभियान चला रहल अछि। सीमाक्षेत्र मे नशाक तस्करी पर प्रभावी अंकुश लगाबय लेल भविष्य मे सेहो एहन संयुक्त अभियान जारी रहत। सीमावर्ती क्षेत्रक नागरिक सभ सं अपील कएलनि जे कोनो प्रकारक संदिग्ध गतिविधि अथवा तस्करीक सूचना अविलंब सशस्त्र सीमा बल अथवा स्थानीय पुलिस कें दिअथि, जाहि सं सीमाक्षेत्र कें सुरक्षित आ नशामुक्त बनाओल जा सकए।

## एसएसबी 91.2 लीटर नेपाली शराबक संग तीन महिला तस्कर कें केलक गिरफ्तार

जयनगर, समदिया

भारत-नेपाल अंतरराष्ट्रीय सीमापर अवैध शराबक तस्करीक विरुद्ध चलाओल जा रहल सतत अभियानक अंतर्गत 48म वाहिनी, सशस्त्र सीमा बल (एसएसबी), जयनगर कें एकटा आओर महत्वपूर्ण सफलता भेटल अछि। ई समवाय, बाह्य सीमा चौकी (बीओपी) खोनाक विशेष गश्ती दल 91.2 लीटर नेपाली शराब बरामद करैत तीन गोटे भारतीय महिला तस्कर कें गिरफ्तार कएलक। ई कारबाइ थाना बासोपट्टी, जिलामधुबनीक अंतर्गत सीमा स्तंभ संख्या 278/15 सं लगभग



700 मीटर भारतीय क्षेत्र मे विश्वसनीय गुप्त सूचनाक आधार पर कएल गेल। सूचना भेटल छल जे किछु महिला नेपाल सं अवैध नेपाली शराब लए भारतीय क्षेत्र मे प्रवेश करएवाली छथि। सूचना प्राप्त होइतहि कंपनी कमांडरक निर्देशन मे विशेष गश्ती दलक गठन कएल गेल आ अभियान मे महिला बलकर्मी सभ कें सेहो शामिल कएल गेल। निर्धारितस्थानपर घात लगा कए निगरानीक दौरान तीन गोटे महिला सिरपर बोरा नेने आबैत देखल गेलीह। रोकितलाशी लेलापर हुनका सभक कब्जा सं पैघ मात्रा मे नेपाली शराब बरामद भेल। तत्पश्चात तीनू महिला कें विधिसम्मत रूप सं गिरफ्तार कए बरामद शराब जप्त कएल गेल।कारबाइक दौरान गिरफ्तार तीनू भारतीय महिला ग्राम आ पोस्ट–खोना, थाना–बासोपट्टी, जिला–मधुबनीक निवासी छथि। प्रारंभिक पूछताछ मे जानकारी भेटल जे बरामद नेपाली शराब नेपाल सं किनिकऽ भारत मे अवैध रूप सं बिक्री करबाक उद्देश्य सं आनल जा रहल छल। तस्करी नेटवर्क आ अन्य पक्षसभक संबंध मे विस्तृत जांच जारी अछि। बरामद नेपाली शराब आ गिरफ्तार महिला सभक विरुद्ध आवश्यक वैधानिककारबाइ पूरा कए अग्रिम कारबाइ लेल बासोपट्टी थाना कें सुपुर्द करबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। 48म वाहिनी, एसएसबी, जयनगरक कमांडेंट राजेंद्र कुमार एहि सफल अभियान मे सहभागी सभ बलकर्मीसभक प्रशंसा कएलनि। ओ कहलनि जे भारत-नेपाल अंतरराष्ट्रीय सीमापर शराब, मादक पदार्थ, नकली भारतीय मुद्रा, उर्वरक आ अन्य अवैध वस्तुक तस्करी रोकबाक लेल सशस्त्र सीमा बल पूर्ण सतर्कता आ प्रतिबद्धताक संग निरंतर अभियान चला रहल अछि। सीमाक्षेत्र मे कोनो प्रकारक तस्करी अथवा अवैध गतिविधि कें सफल नहि होमए देल जाएत। हुनका सीमावर्ती क्षेत्रक नागरिक सभ सं अपील कएलनि जे कोनो संदिग्ध गतिविधि अथवा तस्करीक सूचना अविलंब सशस्त्र सीमा बल अथवा स्थानीय पुलिस कें दिअथि, जाहि सं सीमाक्षेत्र कें सुरक्षित आ अपराधमुक्त बनाओल जा सकए।

# भारतक सांस्कृतिक विविधता भारतक सभ सं पैघ शक्ति अछि : डीएम

## केंद्रीय विद्यालय मे एक भारत श्रेष्ठ भारत आ कला उत्सवक शुभारंभ

सहरसा, समदिया

जिला पदाधिकारी दीपेश कुमार बृहस्पति कें केंद्रीय विद्यालय मे आयोजित केवीएस राष्ट्रीय एकता दिवस2026-27 केर अंतर्गत एक भारत श्रेष्ठ भारत आ कला उत्सव केर दीप प्रज्वलित कए विधिवत शुभारंभ कएलनि। कार्यक्रमस्थल पर पहुंचला पर विद्यालय परिवार द्वारा पुष्पगुच्छ भेंट कए आ शॉल ओढ़ाकए हुनकर आत्मीय स्वागत आ सम्मान कएल गेल। दीप प्रज्वलनक संग कार्यक्रमक औपचारिक शुभारंभ भेल। विद्यालयक छात्रा सभ स्वागत-गान प्रस्तुत कए अतिथिसभक अभिनंदन कएलनि। राष्ट्रीय कैडेट कोर (एनसीसी) केर कैडेट सभ पारंपरिक वेशभूषा मे बैंडक मधुर धुनक संग अतिथिसभक स्वागत कए समारोहक गरिमा बढ़ौलनि। अपन संबोधन मे जिला पदाधिकारी कहलनि जे एक भारत श्रेष्ठ भारत कार्यक्रम भारतक सांस्कृतिक विविधता मे निहित एकताक भाव कें सुदृढ़ करबाक महत्वपूर्ण माध्यमअछि। हुनका विद्यार्थी सभ सं देशक विभिन्न राज्यसभक भाषा, संस्कृति, कला आ परंपराक जानकारी प्राप्त करबाक आ राष्ट्रीय एकता, भाईचारा तथा आपसी सद्भावक भावना कें अपन जीवन मे आत्मसात करबाक आह्वान कएलनि। ओ कहलनि जे कला उत्सव विद्यार्थीसभक प्रतिभा कें निखारबाक, सृजनात्मक क्षमताक विकास करबाक आ सांस्कृतिक मूल्यसभक संरक्षणक प्रभावी मंच अछि। कार्यक्रमक दौरान विद्यालयक छात्र-छात्रा सभ देशक विभिन्न राज्यसभक संस्कृतिपर आधारित रंगारंग सांस्कृतिक प्रस्तुति देलनि। लोक आ शास्त्रीय नृत्य, संगीत तथा भारतक समृद्ध सांस्कृतिक विरासतक मनमोहक झांकी सभ उपस्थित अतिथि सभ आ दर्शकसभक मन मोहि लेलक। जिला पदाधिकारी विद्यार्थीसभक उत्कृष्ट प्रस्तुतिक सराहना करैत हुनका सभक उज्ज्वल भविष्य लेल शुभकामना देलनि। संगहि सफल आयोजन लेल विद्यालय परिवार कें बधाइ आ शुभकामना सेहो प्रदान कएलनि। एहि अवसर पर विद्यालयक प्राचार्य, शिक्षकगण, अभिभावक, छात्र-छात्रा सभ आ अन्य गणमान्य अतिथि सभ उपस्थित छलाह।



# प्रभारी जिला सूचना एवं जनसंपर्क पदाधिकारीक रूप मे कुमारी तोसी लेलनि पदभार

सहरसा, समदिया



समाहरणालय स्थित जिला सूचना एवं जनसंपर्क कार्यालय मे बृहस्पति कें श्रीमती कुमारी तोसी प्रभारी जिला सूचना एवं जनसंपर्क पदाधिकारीक रूप मे पदभार ग्रहण कएलनि। एहि सं पूर्व एहि पदक प्रभार सुजीत कुमार बरनवाल लग छलनि। पदभार ग्रहण करबाक उपरांत श्रीमती कुमारी तोसी कहलनि जे जिला सूचना एवं जनसंपर्क कार्यालयक मुख्य उद्देश्य राज्य सरकार आ जिला प्रशासन द्वारा संचालित जनकल्याणकारी योजना, कार्यक्रम आ उपलब्धिसभक प्रभावी आ व्यापक प्रचार-प्रसार करब अछि, जाहि सं आमजन धरि सही आ समय पर सूचना पहुंचि सकए। ओ कहलनि जे जिला प्रशासनक विभिन्न विभाग सभ आ जिला स्तरीय पदाधिकारीसभक संग नीक समन्वय स्थापित कए सरकारी योजना, विकास कार्य आ कार्यक्रमसभक नियमित प्रचार-प्रसार कएल जाएत। एहि लेल फेसबुक लाइवसहित अन्य डिजिटल आसोशल मीडिया मंचसभक सेहो प्रभावी उपयोग कएल जाएत, जाहि सं आम नागरिक सभ धरियोजनासभक जानकारी सहजता सं पहुंचि सकए आ अधिक सं अधिक लोक एकर लाभ उठा सकथि। कुमारी तोसी विश्वास व्यक्त कएलनि जे आधुनिक संचार माध्यमसभक प्रभावी उपयोग सं जिला सूचना एवं जनसंपर्क कार्यालय प्रशासन आ आमजनक बीच संवाद कें आरो सशक्त, प्रभावी आ पारदर्शी बनाबय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभाएत।

# सेवा, संघर्ष आ जनविश्वास सं रितु जायसवाल बना लेने छथि अपन विशिष्ट पहिचान

सीतामढ़ी, समदिया



एहिना कोइ रितु जायसवाल नहि बनि जाइत अछि। ई बात हुनकर एक समर्थक अश्फान कहलनि। मुदा क्षेत्रक कतेको लोकक मानब अछि जे ई मात्र प्रशंसा नहि, बल्कि वर्षो सं कएल जा रहल सामाजिक सेवा आ जनकल्याणक काजक वास्तविक मूल्यांकन अछि। रजाउल्लाह, शिबू, शहाबुद्दीन आ नसीम अख्तरककहब अछि जे रितु जायसवालक पहचान कोनो राजनीतिक दल, पद अथवा चुनावी जीत सं नहि, बल्कि निःस्वार्थ जनसेवा आ जनविश्वास सं स्थापित भेल अछि।सिंहवाहिनी पंचायतक मुखिया रहैत रितु जायसवाल अपन कार्यक्षेत्र कें मात्र पंचायत धरि सीमित नहि रखलनि। मधेसरा, भलुआहा, महादेव मठ, भुतही, मढ़िया सहित आसपासक कतेको क्षेत्र मे जलमीनार आ पानिक टंकीक व्यवस्था कराबय मे हुनकर सक्रिय भूमिका रहल। लगभग तीन हजार शौचालयक निर्माण, सोलर बत्ती लगबेनाइ आ डुमरा गरजीसहित कतेको विद्यालय मे पेयजल, शौचालय आ प्रकाश जेकां आधारभूत सुविधाक व्यवस्था कराबय कें हुनकर कार्यकालक प्रमुख उपलब्धि सभ मे गिनल जाइत अछि। समर्थकसभक कहब अछि जे एहि सभ काजक विशेषता ई छल जे ओहि समय रितु जायसवाल कोनो राजनीतिक दल सं जुड़ल नहि छलीह। तैयो लोक अपन समस्या लए हुनका लग पहुंचैत छलाह आ ओ समाधान लेल निरंतर प्रयास करैत छलीह। एहि कारण राजनीति मे प्रवेश करबाक बाद सेहो हुनकर जनाधार मजबूत बनल रहल। हुनकर राजनीतिक यात्रा सेहो संघर्षपूर्ण रहल अछि। वर्ष 2020 मे परिहार विधानसभा क्षेत्र सं राष्ट्रीय जनता दल (राजद) केर प्रत्याशी रूपें चुनाव लड़लनि, मुदा बहुत कम मतांतर सं पराजित भेलीह। वर्ष 2024 मे शिवहर लोकसभा निर्वाचन क्षेत्र सं राजद प्रत्याशी बनलीह, जतय सेहो मामूली मतांतर सं हारि गेलीह। वर्ष 2025 मे राजद सं टिकट नहि भेटलापर निर्दलीय उम्मीदवारक रूप मे चुनाव लड़लनि आ लगभग 65 हजार मत प्राप्त कए दोसर स्थान पर रहलीह। राजनीतिक विश्लेषकसभकमानब अछि जे ई उपलब्धि कोनो संगठनक शक्ति सं बेसी हुनकर व्यक्तिगत जनाधार आ वर्षो सं चलिरहल सामाजिक सक्रियताक परिणाम अछि। रितु जायसवालक समर्थकसभक कहब अछि जे हुनकर संगविभिन्न जाति आ समुदायक लोक जुड़ल छथि। हुनक अनुसार राजनीतिक परिस्थिति आ दल बदलैत रहल, मुदा जनसेवाक प्रति हुनकर समर्पण आ लोकक विश्वास सदिखन अटल रहल। आइ सेहो कोनो रोगी कें अस्पताल मे बेड उपलब्ध कराबय, गरीबक उपचार मे सहयोग करय अथवा जरूरतमंद परिवारक सहायता करय लेल ओ निरंतर सक्रिय रहैत छथि। एहि बीच हुनकर पति आ पूर्व आयुक्त अरुण कुमार सेहो सामाजिक काज मे सक्रिय छथि। ओ गंगा घाटक सीढ़ी सभ पर आर्थिक रूप सं कमजोर विद्यार्थी सभ कें निःशुल्क शिक्षा दैत प्रतियोगी परीक्षाक तैयारी करबैत छथि, जाहि सं वंचित वर्गक युवा सभ कें आगू बढ़बाक अवसर भेटि सकए। समर्थक सभक मानब अछि जे एक दिस रितु जायसवाल पीड़ित लोकक सहायता आ जनसमस्याक समाधान मे सक्रिय छथि, तं दोसर दिस हुनकर परिवार शिक्षाक क्षेत्र मे सेहो महत्वपूर्ण सामाजिक योगदान दए रहल अछि। हुनक अनुसार सेवा, समर्पण आ समाजक प्रति निरंतर प्रतिबद्धताक कारणें रितु जायसवाल क्षेत्रक राजनीति मे अपन एकटा विशिष्ट पहचान स्थापित केने छथि।

# अहिल्या गौतम स्थान मंदिरक जीर्णोद्धार आ विकास कार्यक डीएम केलनि निरीक्षण

## निर्धारित समय-सीमाक भीतर गुणवत्तापूर्ण कार्य पूरा करबाक देलनि निर्देश

दरभंगा, समदिया

जिलाधिकारी कौशल कुमार आइ जिलाक अहियारी गामस्थित अहिल्या गौतम स्थान मंदिर परिसरक निरीक्षण कए ओतय चलि रहल जीर्णोद्धार आ विकास कार्यसभक प्रगतिक विस्तृत जायजा लेलनि।निरीक्षणक दौरान जिलाधिकारी मंदिर परिसर मे चलि रहल जीर्णोद्धार आ निर्माण कार्य, पोखरिक सौंदर्यीकरण, चाहरदीवारी निर्माण तथा अन्य आधारभूत संरचनाक विकास कार्यसभक निरीक्षण कएलनि।हुनका संबंधित अभियंता सभ सं कार्यक वर्तमान स्थिति, प्रगति आ शेष बचल कार्यक संबंध मे विस्तृतजानकारी प्राप्त कएलनि। जिलाधिकारी भवन निर्माण विभागक कार्यपालक अभियंता आ पर्यटन विभागक कार्यपालक अभियंता कें निर्देश देलनि जे सभ निर्माण आ सौंदर्यीकरण कार्य निर्धारित मानकक अनुरूप, उच्च गुणवत्ताक संग आ निर्धारित समय-सीमाक भीतर पूरा कएल जाए। निरीक्षणक क्रम मे जिलाधिकारी धर्मशालाक जीर्णोद्धारकार्यक सेहो निरीक्षण कएलनि। हुनका निर्देश देलनि जे धर्मशालाक जीर्णोद्धार एहन प्रकारें कएल जाए, जाहि सं श्रद्धालु सभ कें उत्तम आ सुविधाजनक वातावरण उपलब्ध भए सकए। जिलाधिकारी भवन निर्माण विभाग आ पर्यटन विभागक कार्यपालक अभियंता सभ कें सभ निर्माण आ विकास कार्यकनियमित निगरानी सुनिश्चित करबाक निर्देश सेहो देलनि। एहि अवसर पर सहायक समाहर्ता सुश्री कल्पना रावत, भवन निर्माण विभागक कार्यपालक अभियंता, पर्यटन विभागक कार्यपालक अभियंता तथा अन्य संबंधित अभियंता आ पदाधिकारी उपस्थित छलाह।



# मौसिम बदलिते बच्चा सभ मे वायरल संक्रमणक मामिला मे वृद्धि होइत अछि : डॉ. सारा अहमद

सीतामढ़ी, समदिया



बदलैत मौसिमक बीच बच्चा सभ मे वायरल ज्वर, सर्दी-खांसी, गला मे संक्रमण, डायरिया आ त्वचा सं संबंधित समस्याक मामिला मे वृद्धि होमए लगैत अछि। शिशु रोग विशेषज्ञ डॉ. सारा अहमद अभिभावक सभ सं अपील कएलनि जे मौसिम मे लगातार भए रहल परिवर्तन कें देखैत बच्चासभक स्वास्थ्यक प्रतिविशेष सतर्कता बरतथि। डॉ. सारा अहमद बतौलनि जे बरखा आ उमसक कारण वायरस आ बैक्टीरिया तेजी सं सक्रिय भए जाइत अछि, जाहि सं छोट बच्चा सभ मे संक्रमणक खतरा बढ़ि जाइत अछि। एहि मौसिम मे तेज ज्वर, नाक बहब, खांसी, वमन, दस्त आ शरीर मे पानिक कमी (डिहाइड्रेशन) जकां समस्या बेसी देखल जाइत अछि। समय पर उपचार नहि भेटलापर बच्चाक स्थिति गंभीर सेहो भए सकैत अछि।ओ कहलनि जे बच्चा सभ कें सदिखन उबालल अथवा स्वच्छ पानि पिआओल जाए, ताजा आ पौष्टिकभोजन देल जाए आ बाहर खुल्ला मे बिकाइत खाद्य सामग्री सं दूर राखल जाए। बरखा मे भीजलाक बादबच्चा सभ कें अविलंब सुखायल कपड़ा पहिराओल जाए तथा नियमित रूप सं हाथ धोयबाक आदतिविकसित कएल जाए।डॉ. सारा अहमद सलाह देलनि जे यदि बच्चा कें लगातार तेज ज्वर रहए, सांस लेबा मे कठिनाइ हो, बेर- बेर वमन अथवा दस्त हो, बच्चा अत्यधिक सुस्त भए जाए अथवा दूध आ भोजन लेबा मे कठिनाइ अनुभव करए, तं बिना देरी चिकित्सक सं संपर्क करबाक चाही। अपन मन सं औषधि देब अथवा एंटीबायोटिकक मनमाना प्रयोग करबा सं बचबाक सलाह सेहो देलनि। ओ कहलनि जे बदलैत मौसिम मे थोड़े सावधानी बरतला सं बच्चा सभ कें कतेको गंभीर रोग सं सुरक्षित राखल जा सकैत अछि।

# 10 अगस्त कें कॉर्पोरेट भारत छोड़ू विशाल विरोध दिवस मनौताह किसान आ मजदूर



सीतामढ़ी, समदिया

संयुक्त किसान मोर्चा आ ट्रेड यूनियन, सीतामढ़ीक एकटा अति आवश्यक बैसार आइ सीतामढ़ीक मेहसौल चौकस्थित शहीद चंद्रनाथ भवन मे संपन्न भेल। बैठकक अध्यक्षता प्रमुख किसान नेता जयप्रकाश राय कएलनि। बैसार मे सर्वसम्मति सं निर्णय लेल गेल जे आगामी 10 अगस्त 2026 कें भारत छोड़ू आंदोलनकेर 84म स्थापना दिवसक ऐतिहासिक अवसर पर कॉर्पोरेट भारत छोड़ू विशाल विरोध दिवस मनाओल जाएत। निर्णय अनुसार सभ किसान संगठन आ ट्रेड यूनियनक कार्यकर्ता सभ डुमरास्थित हवाई अड्डा मैदानक उत्तरी गेट पर एकत्रित हेताह। ओतय सं अपराह्न 1:00 बजे एकटा विशाल जुलूस निकालल जाएत, जे समाहरणालय धरि जाएत। बैसार मे प्रमुख रूप सं प्रोफेसर आनंद किशोर, प्रकाश पर्व, विश्वनाथ बुंदेला, मदन राय, गयासुद्दीन, अश्वनी कुमार, महेश झा, अवधेश यादव, अशोक निराला, अमरेंद्र राय, वासुदेवदास, लालचंद साह आ विपिन राजसहित दर्जनो किसान आ मजदूर नेता उपस्थित छलाह।

# रीगा चीनी मिलक केसीसी ऋण घोटालाक उच्चस्तरीय जांचक मांग

## सांसद लवली आनंद वित्त मंत्री कें लिखलनि पत्र

सीतामढ़ी/शिवहर, समदिया

रीगा चीनी मिल सं जुड़ल किसानसभक केसीसी (किसान क्रेडिट कार्ड) ऋण घोटालाक मामिला कें गंभीरता सं लैत शिवहरक सांसद लवली आनंद केंद्रीय वित्त मंत्री कें पत्र लिखि उच्चस्तरीय आ निष्पक्ष जांच कराबय तथा दोषी लोकसभक विरुद्ध कठोर कारबाइ करबाक मांग कएलनि। ई पहल सद्भावना सेवाट्रस्ट, सीतामढ़ीक प्रधान ट्रस्टी कुमार राजीव सिंह द्वारा किसानसभक पक्ष सं देल गेल आवेदनक आधार पर कएल गेल। आवेदन मे आरोप लगाओल गेल अछि जे वित्तीय वर्ष 2012-13 सं 2016-17 धरि रीगा चीनी मिलक तत्कालीन प्रबंधक ओम प्रकाश धानुक कथित रूप सं संबंधित बैंक अधिकारीसभक मिलीभगत सं लगभग 7,000 गन्ना किसानसभक नाम पर किसान क्रेडिट कार्ड (केसीसी) ऋण स्वीकृत करौलनि, मुदा ऋणक राशि वास्तविक रूप सं किसान सभ कें प्राप्त नहि भेल। सांसद लवली आनंद अपनपत्र मे उल्लेख कएलनि जे एहि कथित अनियमितता सं शिवहर, सीतामढ़ी, मुजफ्फरपुर, पूर्वी चंपारण आ मधुबनी जिलाक हजारो किसान प्रभावित भेल छथि। ओ कहलनि जे जे किसानसभक मृत्यु भए चुकल अछि, हुनकर परिजन सभ पर सेहो ऋण चुकाबय लेल दबाव बनाओल जा रहल अछि। एकरे अतिरिक्त बकाया ऋण देखाओल जाएबाक कारण बहुतो किसान नव कृषि ऋणक सुविधा सं सेहो वंचित भए रहल छथि।

# परिवहन विभागक विशेष वाहन जांच मे 46 वाहन सं 1.62 लाख टाकाक जुर्माना वसूल

## हेलमेट पहिरबाक आ यातायात नियमक पालनक दिलाओल गेल संकल्प

सहरसा, समदिया



जिला पदाधिकारी दीपेश कुमारक निर्देश पर बृहस्पति कें परिवहन विभाग द्वारा सहरसा–बनगांव मार्ग तथा नगर निगम क्षेत्रक सुपर मार्केट स्थित बस स्टैंड पर विशेष वाहन जांच आ सड़क सुरक्षा जागरूकता अभियान चलाओल गेल। अभियानक नेतृत्व जिला परिवहन पदाधिकारी सुजीत कुमार बरनवाल कएलनि। एकर उद्देश्य सड़क सुरक्षाक प्रति लोक सभ कें जागरूक करब, यातायात नियमक पालन सुनिश्चित करब आ सुरक्षित परिवहन व्यवस्थाक बढ़ावा देब छल। जांचक दौरान दूपहिया, चारिपहिया, ऑटो आ ट्रैक्टर चालकसभक ड्राइविंग लाइसेंस, हेलमेट, बीमा, प्रदूषण प्रमाण-पत्रसहित अन्य आवश्यक कागजातक जांच कएल गेल। जे चालक सभ हेलमेट वाहन मे टांगिकए चला रहल छलाह, हुनका सभ कें रोकि हेलमेट पहिराओल गेल आ भविष्य मे सदिखन हेलमेट पहिरि वाहन चलएबाक शपथ दिलाओल गेल। यातायात नियमक उल्लंघन करएवला कुल 46 वाहनक विरुद्ध कारबाइ करैत लगभग 1.62 लाख टाकाक अर्थदंड वसूल कएल गेल। एहि क्रम मे सुपर मार्केट बस स्टैंड सं संचालित बस सभ मे यात्री सुरक्षा सं जुड़ल फर्स्ट एड बॉक्स, आपातकालीन बटन, व्हीकल लोकेशन ट्रैकिंग डिवाइस (वीएलटीडी) आ अग्निशामक यंत्रक सेहो जांच कएल गेल। जांचक दौरान कतेको बस मे प्राथमिक उपचार सामग्री अधूरी भेटल, जखन कि किछु बसमे अग्निशामक यंत्रक वैधता समाप्त पाओल गेल। एहि पर संबंधित वाहन मालिक सभ कें अविलंब सुधारकरबाक निर्देश देल गेल। संगहि बस चालक सभ कें मुख्य सड़क पर यात्री चढ़ेब-उतारबाक बदला बस स्टैंड परिसरक भीतर एहि काज कें संपन्न करबाक निर्देश देल गेल, जाहि सं जामक समस्या सं बचल जा सकए। जिला परिवहन पदाधिकारी सुजीत कुमार बरनवाल कहलनि जे सड़क दुर्घटना मे कमी आनबाक आ सुरक्षित यातायातसंस्कृतिक विकास लेल एहन अभियान नियमित रूप सं चलैत रहत। हुनका वाहन चालक सभ सं हेलमेट,सीट बेल्ट आ सभ आवश्यक कागजात अद्यतन राखबाक अपील कएलनि। संगहि सार्वजनिक परिवहन संचालक सभ सं सभ सुरक्षा उपकरण कें सदिखन कार्यशील अवस्था मे रखबाक आग्रह सेहो कएलनि।

# शनि कें सरकारी विद्यालय सभ मे हाफ डे, शिक्षा विभाग जारी कएलक आदेश

सहरसा, समदिया

बिहार शिक्षा विभाग सरकारी विद्यालयसभक संचालन समय मे आंशिक संशोधन करैत शनिवारक दिन हाफ डे व्यवस्था लागू कए देलक अछि। माध्यमिक शिक्षा निदेशालयक निदेशक सज्जन आर. द्वारा जारी आदेशक अनुसार सोम सं शुक्र धरि विद्यालय सभ पूर्ववत भोर 9:30 बजे सं अपराह्न 4:00 बजे धरि चलत। जखनकि शनि कें सभ सरकारी विद्यालय भोर 9:30 बजे सं दुपहर 1:00 बजे धरि संचालितहोएत। आदेश अनुसार शनि कें कक्षा 1 सं 8 धरिक विद्यार्थीसभक पठन-पाठन आ पूर्वनिर्धारित गतिविधि सभ दुपहर 12:00 बजे धरि चलत। एकर बाद 12:00 सं 12:40 बजे धरि मध्याह्न भोजन कराओल जाएत। भोजनक उपरांत विद्यार्थी सभ कें छुट्टी दए देल जाएत। माध्यमिक आ उच्च माध्यमिक विद्यालय सभ मे शनि कें दुपहर 1:00 बजे धरि पठन-पाठन आ अन्य निर्धारित गतिविधि सभ चलत। तत्पश्चात छात्र- छात्रा सभ कें अवकाश देल जाएत। शिक्षक सभ लेल प्रतिदिन एक घंटाक समय आगांक दिन आ सप्ताहक पाठ योजना तैयार करबाक, मूल्यांकन कार्य करबाक, शिक्षक डायरी अद्यतन करबाक, गृहकार्यक जांच करबाक, प्रयोगशालाक प्रबंधन करबाक आ आवश्यकतानुसार उपचारात्मक (रिमेडियल) कक्षाक संचालन करबाक लेल निर्धारित कएल गेल अछि। एहि सभ कार्यक संपन्न भेलाक उपरांते शिक्षक सभ विद्यालयसं प्रस्थान करताह। शिक्षा विभाग स्पष्ट केने अछि जे आदेशक अन्य सभ शर्त पूर्ववत प्रभावी रहत आ एहि आदेश कें सक्षम प्राधिकारक स्वीकृति प्राप्त अछि।

# कांवर यात्रा : गतिमान सनातन



कुमार नितेश

श्रावणी पथ : कड़ी-8

भारतीय सभ्यता मे देवता सभ कें कखनो परस्पर प्रतिस्पर्धी नहि मानल गेल। एक-दोसराक प्रति श्रद्धा आ सम्मान भारतीय धार्मिक चेतनाक मूल आधार रहल अछि। एहि दृष्टि सं कांवर यात्रा कें मात्र शिवक यात्रा कहि देनाइ ओकर व्यापक सांस्कृतिक अर्थ कें सीमित कए देत। ई मात्र तीर्थयात्रा नहि, बल्कि भारतीय मोनक ओहि विराट दृष्टिक उत्सव अछि, जतय कतेको मार्ग अंततः एकहि सत्य धरि पहुंचैत अछि।

एतय आस्था विभाजित नहि होइछ, बल्कि समन्वित भए एकटा व्यापक सांस्कृतिक स्वरूप धारण करैत अछि। कान्ह पर कांवर अछि, कांवर मे गंगाजल अछि आ लक्ष्य बाबा बैद्यनाथ छथि। चारूकात बोल बम केर उद्घोष गुंजायमान अछि। मुदा एहि यात्राक भीतर एकटा आरो गंभीर यात्रा चलैत रहैत अछि - भारतीय चेतनाक यात्रा। कांवरिया मात्र देवघर दिश नहि बढ़ैत छथि, हुनक संग शताब्दी सं संचित स्मृति सभ सेहो चलैत अछि। लोककथा, पुराण, ऋषि-परंपरा, ग्राम्य आस्था आ पीढ़ी-दर-पीढ़ीक विश्वास एहि पथपर एक संग सजीव भए उठैत अछि। एहि कारण ई यात्रा मात्र चरण सं नहि, संस्कृति सं सेहो पूर्ण होइत अछि। लोकमान्यता अछि जे प्रथम कांवर यात्रा स्वयं भगवान राम कएलनि। जं एहि विश्वास कें स्वीकारल जाय, तं ई मात्र एक भक्तक जलाभिषेकक कथा नहि रहि जाइछ, बल्कि राम आ शिव - दू महान आध्यात्मिक परंपराक अद्भुत मिलनक प्रतीक बनि जाइत अछि। राम मयार्दाक प्रतीक छथि, शिव लोकजीवनक आराध्य। जखन मयार्दा स्वयं लोकक समक्ष विनम्र भए ठाढ़ होइत अछि, तखन भारतीय संस्कृतिक अनुपम सौंदर्य प्रकट होइत अछि। एतय श्रेष्ठता नहि, परस्पर सम्मानक भाव प्रधान अछि। शिव जं लोक, वन, पर्वत आ सीमांत समाजक चेतना सं जुड़ल छथि आ विष्णु व्यवस्था, मयार्दा आ सभ्यताक प्रतीक छथि, तं रामक कांवर यात्रा भारतीय चेतनाक विविध धारा सभक अद्भुत संगमक परिचायक बनि जाइत अछि। ई यात्रा स्पष्ट संदेश दैत अछि जे भारतीय संस्कृति मे भक्ति कखनो विभाजनक कारण नहि बनल; ओ सदा लोक कें जोड़बाक सेतु बनौने अछि। भारत विविधता कें समाप्त कए एकता स्थापित नहि कएलक। भारतक शक्ति विविधता कें संग लए चलबा मे रहल अछि। एहि कारण एतए कतेको उपासना-पद्धति, कतेको मंत्र आ कतेको परंपरा होइतहुं सभ एकहि सांस्कृतिक परिवारक अंग छथि। कांवर यात्रा एहि जीवंत समन्वयक प्रत्यक्ष



अभिव्यक्ति अछि। भारतीय परंपरा मे विजयक अर्थ दोसरा कें पराजित करब नहि, बल्कि अपन अहंकार पर विजय प्राप्त करब मानल गेल अछि। ताहि कारण देवक कथा सभ मे परस्पर सम्मानक भाव प्रबल रूपें देखल जाइत अछि। शिव रामक आदर करैत छथि, राम शिवक। विष्णु शिवक सम्मान करैत छथि आ शिव विष्णुक। ई परस्पर श्रद्धा सनातन परंपराक सबसं पैघ शक्ति अछि। एहि शिक्षा सं भारतीय समाज सीखैत अछि जे विचार भिन्न भए सकैत अछि, मुदा हृदय मे भेद नहि होयबाक चाही। एहि दृष्टि सं कांवर यात्रा मात्र जल लए चलबाक परंपरा नहि रहैछ। ई एहन सांस्कृतिक शिक्षाक प्रतीक बनैत अछि, जतय मनुष्य अपन आराध्यक संग-संग दोसराक श्रद्धाक सेहो समान सम्मान करब सीखैत अछि। ताहि कारण एहि यात्रा मे वैचारिक संघर्ष नहि, बल्कि विविध उपासनाक स्वाभाविक सह-अस्तित्व देखल जाइत अछि। कांवर मे विष्णुपदी गंगाजल अछि, गंतव्य शिव छथि। सावनक हरितीमा शक्ति सहयात्री छथि। यात्राक आरंभ गणेशक स्मरण सं होइत अछि, प्रातःकाल सूर्य कें अर्घ्य अर्पित कए पथ आगू बढ़ैत अछि। धीरे-धीरे स्पष्ट होइत अछि जे ई मात्र शैव परंपराक यात्रा नहि, बल्कि शैव, वैष्णव, शाक्त, गाणपत्य आ सौर-पंचदेव परंपराक गतिमान संगम अछि। भारतीय दर्शन मे पंचदेव परंपराक उद्देश्य कखनो कोनो एक उपासना कें श्रेष्ठ सिद्ध करब नहि रहल। एकर मूल भावना ई रहल जे सत्य कतेको रूप मे आराधित भए सकैत अछि। नाम बदलि सकैत अछि, स्वरूप बदलि सकैत अछि, उपासनाक विधि बदलि सकैत अछि, मुदा श्रद्धाक केंद्र एकहि रहैत अछि। विविधता एतय विरोध नहि, बल्कि एकहि सत्यक विभिन्न अभिव्यक्ति बनि जाइत अछि। एहि कारण भारत मे शिवालयक समीप विष्णु मंदिर, शक्तिपीठक लग गणेशक विग्रह आ सूर्य कें अर्घ्य देनिहार भक्त शिवलिंग पर जल अर्पित करैत सहज देखल जाइत छथि। भारतीय जीवन मे ई विरोधाभास नहि, बल्कि सांस्कृतिक सहजता आ समन्वयक स्वाभाविक स्वरूप अछि। कोइ शिवक उपासक छथि, कोइ रामक, कोइ शक्तिक, कोइ गणपतिक, तं कोइ सूर्यक।

**पंचदेव परंपरा आ सांस्कृतिक समन्वय**

मुदा देवघर दिश अग्रसर होइत सभ आस्था एकहि दिशा मे प्रवाहित भए जाइत अछि। यात्राक मार्ग मे केओ ककरो सं ई नहि पूछैत अछि जे तोहर इष्ट देव के छथि। सभक कान्ह पर कांवर अछि, सभक नेत्र मे एकहि लक्ष्य। एहि क्षण मे संप्रदाय पाछां रहि जाइत अछि आ सनातन चेतना आगू बढ़ैत अछि। हजारो अपरिचित यात्री परस्पर सहयात्री बनि जाइत छथि। केओ थाकि जाइत छथि तं दोसर हुनकर भार उठा लैत छथि। केओ पाछां पड़ि जाइत छथि तं सभ मिलि हुनका संग लए चलैत छथि। आस्था जखन साझा अनुभूति बनैत अछि, तखन समाज मात्र लोकक समूह नहि रहैछ, बल्कि एक परिवारक रूप धारण कए लैत अछि। अंततः सभ देवाधिदेव महादेवक चरण मे पहुंचैत छथि आ सभक कंठ सं एकहि स्वर निकलैत अछि - बोल बम। ई उद्घोष मात्र धार्मिक नारा नहि, बल्कि भारतीय सांस्कृतिक एकताक जीवंत घोष अछि। एतए कतेको परंपरा अपन अस्तित्व नहि गमबैत छथि, बल्कि एक-दोसरा कें समृद्ध करैत छथि। एहि कारण कांवर यात्रा मात्र धार्मिक अनुष्ठान नहि, बल्कि पीढ़ी-दर-पीढ़ी प्रवाहित होइत भारतीय सभ्यताक जीवंत स्मृति अछि। ई सनातन संस्कृतिक चलैत-फिरैत स्वरूप अछि, जे चलितो अछि, जोड़ैतो अछि आ प्रत्येक नव पीढ़ी कें मौन भावे ई शिक्षा दैत अछि जे भक्तिक सर्वोच्च रूप समन्वय, परस्पर सम्मान आ संग-संग चलबाक संस्कृति अछि। वास्तव मे, इएह गतिमान सनातन अछि।

# उपनिर्वाचन सभ सं सेहो बदलैत रहल अछि भारतीय राजनीतिक दिशा

समीर

लोकसभा अथवा विधानसभाक उपनिर्वाचन सामान्यतः सामान्य चुनाव सन व्यापक राजनीतिक महत्व नहि रखैत अछि, मुदा इतिहास गवाह अछि जे किछु उपनिर्वाचन एहन सेहो भेल अछि, जाहि सभ मात्र एकटा सीटक हारि-जीतक सीमा मे नहि रहल, बल्कि देशक राजनीतिक दिशा, सत्ताक समीकरण आ नेतृत्वक भविष्य तय करबाक आधार बनल। बिहारक बांकीपुर आ मध्य प्रदेशक दतिया विधानसभा उपनिर्वाचनक टटका परिणाम एहि तथ्य कें फेर सं रेखांकित करैत अछि। एहि दुनू सीट पर भारतीय जनता पार्टी कें भेटल पराजय कें राजनीतिक विश्लेषक मात्र निर्वाचन परिणामक रूप मे नहि, बल्कि भविष्यक राजनीति लेल एकटा संकेतक रूप मे देखैत छथि। यद्यपि प्रत्येक उपनिर्वाचन राष्ट्रीय राजनीति बदलि दैत अछि, से आवश्यक नहि अछि। कतेको बेर स्थानीय परिस्थिति, जातीय समीकरण आ क्षेत्रीय मुद्दा राष्ट्रीय निष्कर्ष सभ कें प्रभावित करैत अछि। तथापि इतिहास बतबैत अछि जे किछु उपनिर्वाचन देशक राजनीतिक प्रवाह कें नव दिशा देलनि।

एहन उदाहरण सभ मे 1978 केर कर्नाटक स्थित चिकमंगलूर लोकसभा उपनिर्वाचन अत्यंत महत्त्वपूर्ण मानल जाइत अछि। 1977 मे आपातकालक उपरांत कांग्रेस सत्ता सं बाहर भए गेल छल आ इंदिरा गांधी स्वयं रायबरेली सं चुनाव हारि गेल रहथि। कांग्रेस राजनीतिक संकट सं गुजरि रहल छल। एहन समय मे चिकमंगलूर उपनिर्वाचन इंदिरा गांधी लेल नव अवसर बनल। ओ जनता पार्टीक वरिष्ठ नेता वीरेंद्र पाटिल कें पराजित कए संसद मे पुनः प्रवेश कएलनि। एहि जीत सं हुनकर राजनीतिक पुनरागमनक मार्ग प्रशस्त भेल तथा 1980 केर लोकसभा चुनाव मे कांग्रेस पुनः



© Sven Simon/picture-alliance

प्रचंड बहुमत सं सत्ता मे आबि गेल।

वास्तव मे, चिकमंगलूर सं पूर्व उत्तर प्रदेशक आजमगढ़ लोकसभा उपनिर्वाचन सेहो कांग्रेस लेल नव आशाक किरण बनल छल। कांग्रेस प्रत्याशी मोहसिना किदवईक विजय एहि बातक संकेत देलक जे आपातकालक कारण जनताक असंतोष अवश्य छल, मुदा कांग्रेसक प्रति विश्वास पूर्णतः समाप्त नहि भेल छल। एहि परिणाम सं कांग्रेस नेतृत्व कें आत्मविश्वास प्राप्त भेल आ इंदिरा गांधी कें चिकमंगलूर सं चुनाव लड़बाक प्रेरणा भेटल। एहि उपरांत कांग्रेस पुनः अपन राजनीतिक आधार सुदृढ़ करबा मे सफल भेल।

भारतीय राजनीति मे 1988 केर इलाहाबाद लोकसभा उपनिर्वाचन सेहो अत्यंत निर्णायक सिद्ध भेल। विश्वनाथ प्रताप सिंह कांग्रेस छोड़ि विपक्षक प्रमुख चेहरा बनि चुकल रहथि। अमिताभ बच्चनक इस्तीफाक बाद रिक्त भेल एहि सीट सं वीपी सिंह चुनाव लड़लाह आ कांग्रेस प्रत्याशी सुनील शास्त्री कें भारी मतांतर सं पराजित कएलनि। बोफोर्स विवाद सं घेरायल कांग्रेसक विरुद्ध ई विजय वी.पी. सिंह कें राष्ट्रीय स्तर पर विपक्षक सर्वमान्य नेता बना देलक। परिणामस्वरूप 1989 केर आम चुनाव मे कांग्रेस सत्ता गमा देलक आ वी.पी. सिंह देशक प्रधानमंत्री बनलाह। एहि कालखंड मे मंडल आ कमंडल राजनीतिक नव अध्यायक आरंभ सेहो भेल, जकर प्रभाव आइ धरि भारतीय राजनीति पर देखल जाइत अछि।

1991 केर नांदयाल लोकसभा उपनिर्वाचन सेहो इतिहासक महत्त्वपूर्ण अध्याय मानल जाइत अछि। राजीव गांधीक निधनक उपरांत पी.वी. नरसिंह राव प्रधानमंत्री बनलाह, मुदा ओ लोकसभाक सदस्य नहि रहथि। आंध्र प्रदेशक नांदयाल सं उपनिर्वाचन लड़ि ओ अभूतपूर्व मतांतर सं विजयी भेलाह। विशेष बात ई छल जे तेलुगु देशम पार्टी राजनीतिक विरोधी होइतहुं तेलुगु गौरवक नामपर हुनक विरुद्ध प्रत्याशी नहि देलक। एहि ऐतिहासिक विजयक उपरांत देश मे आर्थिक उदारीकरणक नव युग प्रारंभ भेल, जे भारतक आर्थिक विकासक दिशा कें स्थायी रूपें प्रभावित कएलक।

# संयुक्त राष्ट्रक एसडीजी-10 लक्ष्य आ भारत मे आरक्षण नीति

किशन सनमुखदास भावनानी

वैश्विक स्तर पर आइ लगभग प्रत्येक राष्ट्र आर्थिक प्रगति, कृत्रिम बुद्धिमत्ता, डिजिटल क्रांति आ वैज्ञानिक नवाचारक नव युग मे प्रवेश कए रहल अछि। मुदा विकासक एहि चमकदार चित्रक पाछां सामाजिक, आर्थिक आ अवसरगत असमानताक नव-नव रूप सेहो उभरि रहल अछि। एहि पृष्ठभूमि मे संयुक्त राष्ट्र अगस्त 2026 लेल सतत विकास लक्ष्य (एसडीजी)-10 अर्थात असमानता मे कमी कें मासिक प्राथमिक लक्ष्य घोषित कएलक। एहि लक्ष्यक मूल भावना मात्र आयक असमानता घटेनाइ नहि, बल्कि समाजक प्रत्येक वर्ग कें समान अवसर, सामाजिक न्याय आ राजनीतिक सहभागिताक सुनिश्चितता प्रदान करब अछि।

संयुक्त राष्ट्रक मान्यता अछि जे बढ़ैत असमानता दीर्घकालीन विकास कें बाधित करैत अछि, गरीबी उन्मूलनक गति मे कमी आनैत अछि आ नागरिकक राज्यक संस्था सभ पर विश्वास कमजोर करैत अछि। तें प्रत्येक राष्ट्रक दायित्व अछि जे अपन नीतिक समय-समय पर समीक्षा करय, जाहि सं समाजक सभ सं वंचित आ उपेक्षित व्यक्ति विकासक मुख्यधारा सं नहि कटय।

भारतक संदर्भ मे एहि वैश्विक दृष्टिकोणक चर्चा होइतहि ध्यान स्वाभाविक रूप सं आरक्षण नीति पर केंद्रित होइत अछि। एक दिस सामाजिक न्याय सुनिश्चित करबाक उद्देश्य सं संविधान प्रदत्त आरक्षण व्यवस्था अछि, तं दोसर दिस डिजिटल मंच आ सार्वजनिक जीवन मे आरक्षण समाप्त करबाक मांग सेहो तीव्र रूप सं उठि रहल अछि। ई स्थिति स्पष्ट करैत अछि जे सामाजिक न्यायक पारंपरिक अवधारणा आ वर्तमान आर्थिक-सामाजिक वास्तविकताक बीच एक गंभीर वैचारिक बहस चलि रहल अछि। भारत मे आरक्षणक मूल



उद्देश्य कोनो वर्ग कें विशेषाधिकार देनाइ नहि छल। एकर आधार ऐतिहासिक सामाजिक बहिष्कार, जातिगत भेदभाव आ अवसरक असमानता रहल अछि। अनुसूचित जाति, अनुसूचित जनजाति आ सामाजिक-शैक्षणिक रूप सं पिछड़ल वर्ग कें शिक्षा, सरकारी सेवा मे प्रतिनिधित्व आ सार्वजनिक जीवन मे समान अवसर उपलब्ध करेनाइ एहि नीतिक प्रमुख लक्ष्य रहल। संविधान औपचारिक समानता सं आगू बढ़ि वास्तविक समानताक स्थापना लेल विशेष प्रावधानक अनुमति दैत अछि।

स्वतंत्रताक सात दशक सं अधिक समय बीति गेलाक उपरांत आब ई प्रश्न स्वाभाविक रूप सं उठैत अछि जे वर्तमान परिस्थिति मे आरक्षण नीतिक स्वरूप की रहबाक चाही? निस्संदेह एहि व्यवस्था सं करोड़ो वंचित नागरिक कें शिक्षा, प्रशासन आ लोकतांत्रिक संस्था मे स्थान भेटल अछि। भारतीय लोकतंत्रक समावेशी स्वरूप मे एकर महत्त्वपूर्ण योगदान रहल अछि। तथापि एहि अवधि मे समाजक एक पैघ वर्ग एखनहुं अशिक्षा, निर्धनता आ सामाजिक उपेक्षाक जीवन व्यतीत करय लेल विवश अछि। एहि यथार्थ सं ई प्रश्न जन्म लैत अछि जे नीति अपन मूल उद्देश्यक पूर्ण प्राप्ति मे कतए धरि सफल भए सकल अछि। समकालीन बहसक केंद्र मे आब आरक्षणक लाभक पीढ़ी-दर-पीढ़ी हस्तांतरणक प्रश्न सेहो प्रमुख रूप सं उपस्थित अछि। जं कोनो परिवार आरक्षणक माध्यम सं उच्च प्रशासनिक पद, आर्थिक समृद्धि आ सामाजिक प्रतिष्ठा प्राप्त कए चुकल अछि, तं की हुनकर आगामी पीढ़ी कें सेहो समान संरक्षणक आवश्यकता रहैत अछि? वर्तमान विमर्श मे ई तर्क जोर पकड़ि रहल अछि जे आरक्षित वर्गक भीतर आर्थिक आ सामाजिक रूप सं संपन्न एक नव अभिजात वर्ग विकसित भए गेल अछि, जकर कारण वास्तविक रूप सं अत्यंत वंचित व्यक्ति एखनहु अवसर सं दूर छथि। एहि परिस्थितिक सामाजिक, आर्थिक आ नैतिक प्रभाव सेहो गंभीर छथि। सामाजिक स्तर पर जातीय विभाजनक भावना कमजोर होयबाक स्थान पर कतेको ठाम असंतोष आ अविश्वास बढ़ैत देखल जा रहल अछि। आर्थिक दृष्टि सं सेहो मात्र जाति कें आधार माननाइ आ वर्तमान आर्थिक स्थिति कें पर्याप्त महत्व नहि देनाइ बहसक विषय बनल अछि।

# बांकीपुरक जीत की बदलत बिहार आ देशक राजनीति?

वेद विलास उनियाल

कखनो-कखनो लोकतंत्र मे एकटा उपनिर्वाचनक परिणाम मात्र एक निर्वाचन क्षेत्रक सीमा मे सीमित नहि रहैछ, बल्कि ओ दूरगामी राजनीतिक संकेत दैत अछि। बिहारक बांकीपुर विधानसभा उपनिर्वाचन सेहो एहने परिणामक रूप मे उभरल अछि। एहि चुनावक परिणाम स्पष्ट कए देलक जे मतदाता आब परंपरागत राजनीतिक गणित सं आगू बढ़ि कए नव विकल्पक खोज मे छथि। एहि जीत सं मात्र बिहारक राजनीति नहि, बल्कि राष्ट्रीय राजनीति लेल सेहो कतेको महत्त्वपूर्ण संदेश निकलि कए सामने आएल अछि। बांकीपुर विधानसभा सीट दीर्घकाल सं भारतीय जनता पार्टीक गढ़ मानल जाइत रहल अछि। 1995 सं एहि सीट पर भाजपा अपराजित रहल छल आ एकरा पार्टीक राष्ट्रीय नेतृत्वक प्रतिष्ठा सं जोड़ि कए देखल जाइत छल। एहन परिस्थिति मे जनसुराज पार्टीक संस्थापक प्रशांत किशोरक विजय राजनीतिक विश्लेषक सभ लेल अप्रत्याशित रहल। विधानसभा चुनाव मे निराशाजनक प्रदर्शन करबाक बाद सेहो प्रशांत किशोर अपन प्रयास नहि छोड़लनि। उपनिर्वाचनक परिणाम ई सिद्ध कए देलक जे जनताक बीच निरंतर संवाद, संयमित व्यवहार आ स्पष्ट मुद्दाक प्रस्तुति राजनीतिक विश्वास प्राप्त करबाक आधार बनि सकैत अछि। एहि हारि सं भाजपा लेल आत्ममंथन करबाक आवश्यकता उत्पन्न भेल अछि। चुनावक समय उम्मीदवार परिवर्तन, स्थानीय मुद्दा सं उपजल असंतोष, किछु विवादास्पद घटनाक प्रभाव तथा नेतृत्वक बयानबाजी मतदाताक मनोविज्ञान पर असरि कएलक। मात्र संगठनक शक्ति वा पुरान राजनीतिक आधारक भरोसा पर चुनाव नहि जीतल जा सकैत अछि; मतदाताक भावना बुझब आ समयानुकूल निर्णय लेब आब बेसी आवश्यक भए गेल अछि। दोसर दिस, एहि परिणाम सं विपक्षक परंपरागत दल सभ लेल सेहो आत्मसंतोषक कोनो कारण नहि अछि। जं जनताक असंतोषक प्रत्यक्ष लाभ विपक्षक प्रमुख दल सभ कें नहि भेटि नव राजनीतिक विकल्प कें भेटैत अछि, तं ई स्पष्ट संकेत अछि जे मतदाता आब पुरान राजनीतिक ध्रुवीकरण सं बाहर निकलि नव नेतृत्वक संभावना देखय चाहैत छथि। लोकतंत्र मे जनताक विश्वास ओहि दलक संग रहैत अछि जे



हुनकर अपेक्षाक अनुरूप अपन कार्यशैली मे परिवर्तन करए। प्रशांत किशोरक राजनीतिक यात्रा एहि चुनावक माध्यम सं नव मोड़ पर पहुंचल अछि। विधानसभा चुनावक निराशाजनक परिणामक बादो ओ हताश नहि भेलाह, नहिये अनावश्यक आरोप-प्रत्यारोपक राजनीति कएलनि। ओ निरंतर जनताक बीच रहलाह, स्थानीय समस्याक चर्चा कएलनि आ अपन विचार शालीनतापूर्वक रखलनि। संभवतः एहि व्यवहारक कारण मतदाताक एक वर्ग हुनका भरोसाक योग्य विकल्प मानलक। ई जीत मात्र एक उम्मीदवारक विजय नहि, बल्कि धैर्य, संवाद आ निरंतर जनसंपर्कक सेहो जीत मानल जा सकैत अछि। भारतीय लोकतंत्रक इतिहास मे उपनिर्वाचन कतेको बेर राजनीतिक परिवर्तनक आधार बनल अछि। कतेको अवसर पर एकटा सीटक परिणाम भविष्यक व्यापक राजनीतिक परिवर्तनक संकेत देलक अछि। अतीत मे चिकमंगलूर उपनिर्वाचन इंदिरा गांधीक राजनीतिक पुनरागमनक मार्ग प्रशस्त केने छल, तं पौड़ी संसदीय क्षेत्रक उपनिर्वाचन चुनाव सुधार आ लोकतांत्रिक पारदर्शिताक

प्रशांत किशोरक राजनीतिक यात्रा एहि चुनावक माध्यम सं नव मोड़ पर पहुंचल अछि। विधानसभा चुनावक निराशाजनक परिणामक बादो ओ हताश नहि भेलाह, नहिये अनावश्यक आरोप-प्रत्यारोपक राजनीति कएलनि। ओ निरंतर जनताक बीच रहलाह, स्थानीय समस्याक चर्चा कएलनि आ अपन विचार शालीनतापूर्वक रखलनि। संभवतः एहि व्यवहारक कारण मतदाताक एक वर्ग हुनका भरोसाक योग्य विकल्प मानलक। ई जीत मात्र एक उम्मीदवारक विजय नहि, बल्कि धैर्य, संवाद आ निरंतर जनसंपर्कक सेहो जीत मानल जा सकैत अछि। भारतीय लोकतंत्रक इतिहास मे उपनिर्वाचन कतेको बेर राजनीतिक परिवर्तनक आधार बनल अछि। कतेको अवसर पर एकटा सीटक परिणाम भविष्यक व्यापक राजनीतिक परिवर्तनक संकेत देलक अछि। अतीत मे चिकमंगलूर उपनिर्वाचन इंदिरा गांधीक राजनीतिक पुनरागमनक मार्ग प्रशस्त केने छल, तं पौड़ी संसदीय क्षेत्रक उपनिर्वाचन चुनाव सुधार आ लोकतांत्रिक पारदर्शिताक नव बहस कें जन्म देने छल। इतिहास एहि बातक साक्षी अछि जे उपनिर्वाचनक परिणाम मात्र स्थानीय घटना नहि, बल्कि राष्ट्रीय राजनीतिक प्रवृत्तिक दर्पण सेहो बनि सकैत अछि। बांकीपुरक परिणाम सेहो ओहने संकेत दैत अछि। मतदाता आब मात्र दलक नाम वा पुरान राजनीतिक परंपरापर निर्भर नहि छथि। ओ नेतृत्वक विश्वसनीयता, जनसंपर्क, व्यवहार आ स्थानीय मुद्दाक समाधानक इच्छाशक्तिक आधार पर अपन निर्णय दैत छथि। ई लोकतंत्रक परिपक्वताक परिचायक अछि। आगामी समय मे बिहार विधानसभा चुनाव आ देशक अन्य चुनाव सभ मे एहि परिणामक प्रभाव देखल जा सकैत अछि। राजनीतिक दल सभ कें आब संगठनात्मक शक्ति संग-संग जनविश्वास अर्जित करबाक दिशा मे सेहो गंभीर प्रयास करए पड़त।

नव बहस कें जन्म देने छल। इतिहास एहि बातक साक्षी अछि जे उपनिर्वाचनक परिणाम मात्र स्थानीय घटना नहि, बल्कि राष्ट्रीय राजनीतिक प्रवृत्तिक दर्पण सेहो बनि सकैत अछि। बांकीपुरक परिणाम सेहो ओहने संकेत दैत अछि। मतदाता आब मात्र दलक नाम वा पुरान राजनीतिक परंपरापर निर्भर नहि छथि। ओ नेतृत्वक विश्वसनीयता, जनसंपर्क, व्यवहार आ स्थानीय मुद्दाक समाधानक इच्छाशक्तिक आधार पर अपन निर्णय दैत छथि। ई लोकतंत्रक परिपक्वताक परिचायक अछि। आगामी समय मे बिहार विधानसभा चुनाव आ देशक अन्य चुनाव सभ मे एहि परिणामक प्रभाव देखल जा सकैत अछि। राजनीतिक दल सभ कें आब संगठनात्मक शक्ति संग-संग जनविश्वास अर्जित करबाक दिशा मे सेहो गंभीर प्रयास करए पड़त। मतदाता आब स्पष्ट संदेश दए रहल छथि जे लोकतंत्र मे स्थायी विजय मात्र ओहि दल कें भेटैत अछि जे जनताक आकांक्षा, अपेक्षा आ विश्वासक सम्मान करैत अछि। बांकीपुरक जीत एखन मात्र एक निर्वाचन क्षेत्रक परिणाम नहि, बल्कि बदलैत राजनीतिक चेतना, नव विकल्पक स्वीकार्यता आ लोकतांत्रिक परिपक्वताक प्रतीक बनि गेल अछि। ई परिणाम बिहार सहित समूचा देशक राजनीति लेल एकटा महत्त्वपूर्ण संकेत छोड़ैत अछि जे जनताक विश्वास अर्जित करबाक एकमात्र उपाय निरंतर संवाद, उत्तरदायित्वपूर्ण आचरण आ जनहितक प्रति समर्पित राजनीति अछि।

# दतिया उपचुनाव मे भाजपाक हारिक 5 पैघ कारण नरोत्तम मिश्रा कें टिकट नहि देनाय पड़ल भारी?

मध्य प्रदेशक दतिया विधानसभा उपचुनाव मे कांग्रेस उम्मीदवार कुंवर घनश्याम सिंहक जीतिक बाद राज्यक राजनीति मे नव चर्चा शुरू भए गेल अछि। भारतीय जनता पार्टी एहि सीट पर जीतक दावा कए रहल छल, मुदा परिणाम ओकर अनुमानक विपरीत रहल। एहि हारि सं मात्र एकटा सीट नहि गेल, बल्कि उम्मीदवार चयन, संगठन आ स्थानीय चुनावी रणनीति पर सेहो प्रश्न उठल अछि। मुख्यमंत्री मोहन यादवक नेतृत्व मे ई भाजपाक पहिल पैघ चुनावी परीक्षा मानल जा रहल अछि। चुनाव प्रचारक आखरी चरण मे कांग्रेसक भीतर गुटबाजी खुलिकए सामने आएल छल। कांग्रेस उम्मीदवार घनश्याम सिंह पार्टी नेता राजेंद्र भारती पर भाजपा सं मिलिकए चुनाव प्रभावित करबाक आरोप लगौने छलाह। दोसर दिस, राजेंद्र भारती दावा केने छलाह जे घनश्याम सिंहक संबंध भाजपा नेता आ पूर्व गृह मंत्री नरोत्तम मिश्रा सं अछि।

अंतिम परिणाम मे कांग्रेस उम्मीदवार कुंवर घनश्याम सिंह भाजपा उम्मीदवार आशुतोष तिवारी कें 6016 मतक अंतर सं पराजित कएलनि। लगातार दोसर बेर भाजपा दतिया विधानसभा सीट गमौलक। राजनीतिक विश्लेषण अनुसार भाजपाक सबसं पैघ चुनौती उम्मीदवार चयन रहल। पार्टी दतियाक वरिष्ठ नेता आ पूर्व गृह मंत्री नरोत्तम मिश्रा कें टिकट नहि देलक आ हुनकर स्थान पर आशुतोष तिवारी कें उम्मीदवार बनौलक। चुनाव प्रचारक दौरान नरोत्तम मिश्रा भावुक देखल गेलाह, जाहि सं पार्टीक भीतर असंतोषक चर्चा तेज भेल। कतेको स्थानीय कार्यकर्ता सेहो नाराज देखल गेलाह आ प्रचार मे अपेक्षित सक्रियता नहि देखाओलनि।



टिकट वितरण बनल प्रमुख मुद्दा

### कांग्रेस स्थानीय नेतृत्व पर देलक जोर

कांग्रेस घनश्याम सिंह कें उम्मीदवार बनौलक, जिनकर क्षेत्र मे मजबूत जनाधार मानल जाइत अछि। ओ पूरा चुनाव स्थानीय मुद्दा आ जनसंपर्क पर केंद्रित राखलनि। बूथ स्तर धरि कांग्रेस संगठन सक्रिय देखल गेल, जाहि सं मतदाता सभ बीच पार्टी कें लाभ भेटल।

### स्थानीय मुद्दा बनल चुनावक केंद्र

भाजपा विकास आ सरकारक उपलब्धि कें चुनावी मुद्दा बनौलक, मुदा बेरोजगारी, किसान सभक समस्या, स्थानीय विकास आ सामाजिक समीकरण जेकां विषय मतदाता सभ बीच बेसी प्रभावी रहल। कांग्रेस एहि मुद्दा सभ कें लए जनताक बीच पहुंचबाक प्रयास मे सफल रहल।

### बूथ प्रबंधन पर उठल प्रश्न

भाजपाक चुनावी ताकत बूथ प्रबंधन मानल जाइत अछि, मुदा दतिया उपचुनाव मे कतेको बूथ पर पार्टी अपेक्षित प्रदर्शन नहि कए सकल। परिणामक बाद पार्टीक भीतर बूथ स्तरक रणनीति आ संगठनात्मक काजक समीक्षा पर चर्चा शुरू भए गेल अछि।

### विपक्षी मत एकजुट रखबा मे कांग्रेस सफल

विश्लेषक सभक अनुसार कांग्रेस विपक्षी मत कें एकजुट रखबामे सफल रहल। दोसर दिस भाजपा अपन परंपरागत मतदाता सभक पूर्ण समर्थन जुटाबएमे सफल नहि भए सकल। कांग्रेसक वरिष्ठ नेता सभ क्षेत्र मे व्यापक प्रचार अभियान चलौलनि आ घर-घर पहुंचिकए मतदाता सभ सं समर्थन मांगलनि।

### भाजपा लेल की संकेत?

दतिया उपचुनावक परिणाम कें राजनीतिक विश्लेषक सभ मात्र एकटा सीटक हार नहि मानि रहल छथि। हुनकर अनुसार ई परिणाम संकेत दैत अछि जे चुनाव जीतबाक लेल मात्र सरकारक उपलब्धि पर्याप्त नहि होइत अछि।

स्थानीय नेतृत्व, संगठनक एकजुटता, उपयुक्त उम्मीदवारक चयन आ कार्यकर्ता सभक मनोबल सेहो महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। मध्य प्रदेशक मुख्यमंत्री मोहन यादव परिणाम पर प्रतिक्रिया दैत कहलनि जे ई सीट पहिनेसं कांग्रेस लग छल आ फेर कांग्रेसे लग गेल अछि। हुनकर अनुसार भाजपा कें विगत चुनावक तुलना मे 1700 बेसी मत भेटल अछि।

# बिहार मे नव विपक्षक आहट सं महागठबंधनक गणित पर सवाल



बिहारक राजनीति मे एनडीएक विरुद्ध मजबूत विपक्षक चर्चा फेर तेज भए गेल अछि। बांकीपुर विधानसभा उपचुनावक परिणामक बाद ई सवाल उठि रहल अछि जे आगामी विधानसभा चुनाव मे एनडीएक मुख्य चुनौती महागठबंधन बनत कि जन सुराज। राजनीतिक गलियारा मे एहि बातक सेहो चर्चा अछि जे विपक्षी दल सभ आगामी चुनाव धरि एकजुट रहत कि अपन-अपन रणनीति पर आगू बढ़त।

### जन सुराजक उभार पर चर्चा

उपचुनावक बाद जन सुराजक उभार कें लए राजनीतिक विश्लेषक सभक बीच चर्चा बढ़ल अछि। पार्टी शिक्षा, स्वास्थ्य आ व्यवस्था परिवर्तन जेकां मुद्दा कें प्रमुखता दैत जनसमर्थन जुटाबए प्रयासरत देखल गेल। एहि दौरान जाति आ धर्म आधारित मुद्दा अपेक्षाकृत कम प्रमुख रहल। राजनीतिक पर्यवेक्षक सभक मानब अछि जे उपचुनाव मे महागठबंधनक तुलना मे जन सुराज बेसी सक्रिय देखल गेल। किछु विश्लेषक ईहो मानैत छथि जे महागठबंधन सं जुड़ल कतेको दलक रुख एहि चुनाव मे बहुत सक्रिय नहि देखायल।

जन सुराजक उभार सं बदलैत राजनीतिक समीकरण

### राजदक रणनीति पर नजरि

राजद उपचुनाव मे अपन उम्मीदवार उतारलक, मुदा पार्टीक कतेको शीर्ष नेता प्रचार अभियान मे विशेष सक्रिय नहि देखायल। एहि सं ई चर्चा शुरू भेल अछि जे आगामी विधानसभा चुनाव मे राजद कोन रणनीतिक संग मैदान मे उतरत आ अपन परंपरागत सामाजिक समीकरण पर कतेक निर्भर रहत। एकर संगहि ई संभावना पर सेहो चर्चा अछि जे भविष्य मे विपक्षी एकताक लेल नव राजनीतिक समीकरण बनि सकैत अछि।

### कांग्रेस-राजद संबंध पर सवाल

बांकीपुर उपचुनावक दौरान उम्मीदवार चयन कें लए कांग्रेस आ राजद बीच मतभेदक चर्चा सेहो राजनीतिक हलका मे रहल। कांग्रेसक नेता सभक ओर सं संयुक्त रूप सं उम्मीदवार चयनक पक्ष मे बात कहल गेल, जखनकि राजद अपन स्तर पर उम्मीदवार घोषित कए देने छल। एहि घटनाक्रमक बाद महागठबंधनक भीतर समन्वय कें लए कतेको प्रश्न उठल अछि। राजदक किछु नेता सभक बयान, जे गठबंधन पूर्व निर्धारित अवधि धरि सीमित छल, ओकरो लए राजनीतिक चर्चा तेज भेल।

### आगामी चुनाव मे केहन बनत समीकरण

बांकीपुर उपचुनावक बाद बिहारक राजनीति मे नव समीकरण बनबाक संभावना पर चर्चा शुरू भए गेल अछि। एखन ई स्पष्ट नहि अछि जे जन सुराज भविष्य मे कोनो गठबंधनक हिस्सा बनत अथवा स्वतंत्र रूप सं चुनाव लड़त। राजनीतिक विश्लेषक सभक मानब अछि जे आगामी विधानसभा चुनाव मे त्रिकोणीय मुकाबलाक संभावना सं इनकार नहि कएल जा सकैत अछि। अंतिम राजनीतिक समीकरण चुनाव नजदीक आबला पर स्पष्ट होएबाक संभावना अछि।

# दतिया उपचुनाव सं चंद्रशेखर आजाद कें भेटल नव संजीवनी, यूपी मे बदलि सकैत अछि चुनावी समीकरण



मध्य प्रदेशक दतिया विधानसभा उपचुनावक परिणामक बाद उत्तर प्रदेशक राजनीति मे सेहो नव चर्चा शुरू भए गेल अछि। एकर मुख्य कारण आजाद समाज पार्टी (कांशीराम)क उम्मीदवार दामोदर यादव मंडलक 22 हजार सं बेसी मत प्राप्त करब अछि। आब राजनीतिक हलका मे ई चर्चा तेज अछि जे 2027क उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव मे चंद्रशेखर आजादक पार्टी नव राजनीतिक समीकरण बना सकत कि नहि आ एकर प्रभाव कोन-कोन दल पर पड़ि सकैत अछि। दतिया उपचुनाव मे आजाद समाज पार्टीक उम्मीदवार कें भेटल मत भाजपा लेल चुनौतीक रूप मे देखल जा रहल अछि। राजनीतिक विश्लेषक सभक अनुसार एहि परिणाम सं मात्र भाजपा नहि, बल्कि बसपा, सपा आ कांग्रेस सेहो अपन चुनावी रणनीति पर नव सिरा सं विचार करए लेल बाध्य भए सकैत अछि। विशेष रूप सं बसपाक पारंपरिक मताधार पर चंद्रशेखर आजादक प्रभावक चर्चा बढ़ल अछि।

हुनकर दल कें भेटल 22 हजार सं बेसी मत

**यादव-दलित समीकरण पर जोर :** दतिया उपचुनाव मे चंद्रशेखर आजाद यादव समुदायक उम्मीदवार कें मैदान मे उतारि नव सामाजिक समीकरण बनेबाक प्रयास कएलनि। राजनीतिक विश्लेषक सभक मानब अछि जे एहि रणनीति सं यादव, दोसर पिछड़ा वर्ग आ जाटव समाजक किछु मत पार्टी दिस आकर्षित भेल। 2023क विधानसभा चुनाव मे दतिया सीट पर आजाद समाज पार्टी कें लगभग 700 मत भेटल छल, जखनकि बसपा कें करीब 1100 मत प्राप्त भेल छल। मुदा एहि उपचुनाव मे आजाद समाज पार्टी अपन प्रदर्शन मे उल्लेखनीय सुधार करैत 22 हजार सं बेसी मत प्राप्त कएलक। एहि उपचुनाव मे कांग्रेस उम्मीदवार घनश्याम सिंह भाजपा उम्मीदवार आशुतोष तिवारी कें पराजित कएलनि। राजनीतिक विश्लेषण मे आजाद समाज पार्टीक नीक प्रदर्शन कें भाजपा लेल चुनौती मानल जा रहल अछि।

**उत्तर प्रदेश मे बढ़त चुनौती? :** दतियाक परिणामक बाद उत्तर प्रदेश मे चंद्रशेखर आजादक राजनीतिक भूमिका पर चर्चा तेज भए गेल अछि। आजाद समाज पार्टी पहिनहि 45 विधानसभा सीट पर चुनाव लड़बाक घोषणा कए चुकल अछि। राजनीतिक पर्यवेक्षक सभक अनुसार चंद्रशेखर आजाद आब मात्र दलित मतदाता सभ धरि सीमित नहि रहि, बल्कि पिछड़ा वर्ग कें सेहो अपन संग जोड़बाक प्रयास कए रहल छथि। दतिया मे यादव उम्मीदवार उतारब एहि रणनीतिक हिस्सा मानल जा रहल अछि। मध्य प्रदेश बहुजन राजनीति लेल महत्वपूर्ण राज्य मानल जाइत अछि। कांशीरामक समय सं एतय बसपाक मजबूत संगठन रहल अछि। एहि कारण आजाद समाज पार्टीक प्रदर्शन कें बसपाक परंपरागत मताधार सं जोड़िकए सेहो देखल जा रहल अछि।

**सपा आ कांग्रेस लेल सेहो चुनौती :** राजनीतिक विश्लेषक सभक अनुसार चंद्रशेखर आजादक बढ़ैत प्रभाव सं मात्र भाजपा नहि, बल्कि विपक्षी दल सभ सेहो सतर्क छथि। जं 2027क उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव मे आजाद समाज पार्टी स्वतंत्र रूप सं चुनाव लड़ैत अछि, तं अनेक सीट पर मत विभाजनक संभावना बनि सकैत अछि। चंद्रशेखर आजाद दलित आ पिछड़ा वर्गक मतदाता सभ कें एकजुट करबाक प्रयास मे छथि। आब राजनीतिक चर्चा एहि बात पर केंद्रित अछि जे बसपा मैदान मे रहितो दलित मतदाता कोन दिस जाएत। की ओ मायावतीक संग रहत कि चंद्रशेखर आजाद कें सेहो विकल्पक रूप मे देखत। फिलहाल दतिया उपचुनावक परिणाम आजाद समाज पार्टी लेल सकारात्मक संकेतक रूप मे देखल जा रहल अछि। आब नजरि एहि बात पर रहत जे पार्टी एहि समर्थन कें 2027क उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव धरि कतेक मजबूत राजनीतिक आधार मे बदलि पबैत अछि।

# राहुल गांधीक 'छात्र सभक गूंज' कार्यक्रम पर प्रयागराज मे राजनीतिक घमासान



दिल्लीक जंतर-मंतर पर छात्र आंदोलनक बाद देशभरि मे छात्र मुद्दा पर राजनीतिक बहस तेज भए गेल अछि। लोकसभाक नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी छात्र सभक मुद्दा कें लए भाजपा विरुद्ध राजनीतिक अभियान तेज कए रहल छथि। शिक्षाक प्रमुख केंद्र मानल जाए बला प्रयागराज मे 8 अगस्त कें प्रस्तावित राहुल गांधीक 'छात्र सभक गूंज' कार्यक्रमक अनुमति रद्द भेला सं राजनीतिक हलचल बढ़ि गेल अछि। मुदा कांग्रेस स्पष्ट कएने अछि जे कार्यक्रम निर्धारित समय पर अवश्य आयोजित होयत। कार्यक्रमक अनुमति रद्द भेला पर कांग्रेस नेता सभ सरकार पर निशाना साधि रहल छथि। पार्टीक आरोप अछि जे राहुल गांधीक बढ़ैत लोकप्रियता सं घबराकए भाजपा आ उत्तर प्रदेश सरकार कार्यक्रम बाधित करबाक प्रयास कए रहल अछि। मुदा आधिकारिक रूप सं कार्यक्रम रद्द करबाक निर्णय केपी ट्रस्ट लेने अछि। कांग्रेसक प्रस्तावित कार्यक्रम प्रयागराजक केपी ग्राउंड मे होएबाक छल।

### पहिने अनुमति, फेर रद्द

केपी ट्रस्टक कार्यकारी अध्यक्ष पहिने कार्यक्रम लेल मैदान उपलब्ध करबाक लिखित अनुमति देने छलाह। बाद मे इलाहाबाद उच्च न्यायालयक आदेशक हवाला दैत अनुमति रद्द कए देल गेल। ट्रस्टक अनुसार न्यायालयक निर्देश अछि जे ट्रस्ट द्वारा संचालित विद्यालय सभक अध्ययन-अध्यापन प्रभावित होए एहन कोनो कार्यक्रम लेल मैदान उपलब्ध नहि कराओल जाए। एहि निर्णयक बाद कांग्रेस सरकार पर राजनीतिक दबाव बनाबए लेल ट्रस्टक उपयोग करबाक आरोप लगौलक।

### अजय रायक घोषणा

कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष अजय राय कहलनि जे ट्रस्ट 30 जुलाई कें लिखित अनुमति देने छल। हुनकर कहब छल जे कार्यक्रम शनिक दिन सांझ 5 बजे आयोजित होएबाक अछि, जखन विद्यालय मे अध्ययन-अध्यापन नहि होइत अछि आ दोसर दिन रवि अवकाश रहैत अछि। हुनकर अनुसार कार्यक्रम लेल 51000 रुपैया शुल्क जमा कएल जा चुकल अछि आ सभ प्रक्रिया पूरा कएल गेल अछि। अजय राय आरोप लगौलनि जे सरकारक दबाव मे आब अनुमति रद्द कएल गेल अछि। ओ स्पष्ट कहलनि जे कांग्रेस एहि निर्णय सं पाछां नहि हटत।

### भाजपा पर आरोप

अजय राय सोशल मीडिया पर कहलनि जे भाजपा सरकार जतबा बाधा उत्पन्न करत, राहुल गांधीक 'छात्र सभक गूंज' कार्यक्रम 8 अगस्त कें प्रयागराज मे हर हाल मे आयोजित होयत। हुनकर आरोप छल जे पहिने कोटा, फेर देहरादून आ आब प्रयागराज मे कार्यक्रम रोकबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। ओ छात्र-छात्री आ प्रतियोगी परीक्षार्थी सभ सं अपील कएलनि जे निर्धारित तिथि पर कार्यक्रम मे पहुंचि राहुल गांधी सं प्रत्यक्ष संवाद करू।

कांग्रेस कहलक- कार्यक्रम हर हाल मे होयत

### ट्रस्टक पक्ष

केपी ट्रस्ट जारी पत्र मे कहलनि जे उच्च न्यायालयक निर्देश अनुसार छात्र सभक पढ़ाइ बाधित नहि होनाय चाही। एकर अतिरिक्त लगातार बरखा कारण मैदान खराब होएबाक आशंका अछि। ट्रस्टक अनुसार मैदान क्षतिग्रस्त भेला पर फेर सं तैयार करबामे समय आ अतिरिक्त संसाधन लागत, एहि कारण पूर्व मे देल अनुमति रद्द कएल गेल अछि। एहि निर्णयक बाद कांग्रेसक केंद्रीय विधि टीम आ स्थानीय नेता सभ ट्रस्ट आ प्रशासन सं लगातार संपर्क मे छथि। पार्टी आब कार्यक्रमक आयोजन लेल वैकल्पिक रणनीति पर विचार कए रहल अछि।

### वैकल्पिक स्थानक सुझाव

कांग्रेसक वरिष्ठ नेता अजय पाल कहलनि जे प्रयागराज प्रतियोगी छात्र सभक प्रमुख केंद्र अछि आ राहुल गांधी एतय छात्र सभ सं प्रत्यक्ष संवाद करताह। हुनकर आग्रह छल जे प्रशासन स्काउट गाइड परिसर अथवा हॉलैंड हॉल परिसर जकां वैकल्पिक स्थान उपलब्ध कराबए। हुनकर अनुसार कार्यक्रमक समय सांझ 5 बजे सं 7:30 बजे धरि निर्धारित अछि, जाहि सं विद्यालय अथवा महाविद्यालयक नियमित गतिविधि प्रभावित नहि होय। फिलहाल कार्यक्रमक अनुमति रद्द भेला सं प्रयागराजक राजनीतिक माहौल गर्म अछि आ कांग्रेस तथा प्रशासन बीच समाधानक प्रयास जारी अछि।

# बल्लीपुर मे महिलाक संदिग्ध मृत्यु सं सनसनी, फंदा सं लटकल अवस्था मे भेटल शव

**पुलिस कें एखन धरि कोनो पक्षक लिखित आवेदन प्राप्त नहि भेल**

समस्तीपुर/शिवाजीनगर, समदिया

शिवाजीनगर प्रखंडक हथौड़ी थाना क्षेत्रअंतर्गत बल्लीपुर पंचायतक वार्ड संख्या-5 मे बृहस्पतिक भोर एक 40 वर्षीया विवाहिताक शव घरक भीतर ओढ़नीक फांस सं लटकल अवस्था मे भेटलाक बाद संपूर्ण क्षेत्र मे सनसनी फैलि गेल। मृतकाक पहचान बल्लीपुर निवासी काली मोहन चौधरीक पत्नी पूजा देवीक रूप मे भेल अछि। घटनाक सूचना भेटिते हथौड़ी थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि शव कें अपन कब्जा मे लए पोस्टमार्टम लेल समस्तीपुर सदर अस्पताल पठा देलक। घटनाक गंभीरता कें देखैत फॉरेंसिक विज्ञान प्रयोगशाला (एफएसएल) टीम कें सेहो बजाओल गेल। एफएसएल टीम घटनास्थलक सूक्ष्म निरीक्षण क विभिन्न बिंदु सभ पर साक्ष्य संकलित कलक। पुलिसक अनुसार पोस्टमार्टम प्रतिवेदन आ वैज्ञानिक जांचक बादे मृत्युक वास्तविक कारण स्पष्ट भए सकत। जानकारीक अनुसार पूजा देवी मूल रूप सं मधुबनी जिलाक लौकही थाना क्षेत्रक ओरहा गामक निवासी छलीह। हुनकर



विवाह वर्ष 2008-09 मे बल्लीपुर निवासी काली मोहन चौधरी सं भेल छल। दंपतिक चारि संतान छथि, जाहि मे दू पुत्री—भावना कुमारी आ महिमा कुमारी तथा दू पुत्र—रितिक कुमार चौधरी आ रौनक कुमार चौधरी छथि। सभ सं छोट पुत्रक आयु लगभग तीन वर्ष बताओल जा रहल अछि। ग्रामीणसभक अनुसार काली मोहन चौधरी गलगल चौक पर ठंढा पानिक छोट दोकान चला क परिवारक भरण-पोषण करैत छथि। पूजा देवी हरियाणाक पानीपत मे अपन माय आ भाइ सं संग रहैत छलीह। लगभग 9 जुलाई कें पति ओ गाम आनने छलाह। परिवार मे छोट पुत्रक मुंडन संस्कारक तैयारी चलि रहल छल, मुदा ताहि सं पहिनहि ई दुःखद घटना भए गेल। घटना सं जुड़ल एकटा अन्य तथ्य सेहो चर्चाक विषय बनल अछि। ग्रामीणसभक अनुसार काली मोहन चौधरीक पहिल विवाह सेहो भेल छल आ हुनकर पहिल पत्नीक मृत्यु वर्ष 2005-06 मे भए गेल छल। तकर बाद वर्ष 2008-09 मे पूजा देवीं सं दोसर विवाह भेल। आब दोसर पत्नीक सेहो संदिग्ध परिस्थिति मे मृत्युक बाद गाम मे तरह-तरहक चर्चा भए रहल अछि। मुदा पुलिस एहि विषय मे कोनो टिप्पणी नहि केने अछि आ संपूर्ण घटनाक जांच क रहल अछि। मृतकाक पति काली मोहन चौधरी बतौलनि जे ओ 9 जुलाई कें अपन पत्नी कें हरियाणाक पानीपत मे सं गाम आनने छलाह। छोट पुत्रक मुंडन कराबयक योजना छल आ ओ पत्नी सं कहलनि जे आब दुनू गामे मे रहत। ओ अनुसार पत्नी 30 हजार टाकाक मांग केने छलीह, मुदा ओ एतेक राशि देबा मे असमर्थता व्यक्त कलनि। एहि बात पर दुनूक बीच विवाद भेल। राति मे ओ अपन दोकान पर चलि गेलाह आ ओतहि सुतल छलाह। भोर लगभग 8 बजे फोन पर सूचना भेटल जे पत्नी फांसी लगा लेने छथि। ओ ईहो कहलनि जे पूर्व मे छोट-मोट विवादक समय पत्नी फांसी लगाबयक धमकी दैत छलीह, मुदा एहि बेर वास्तव मे एहन कदम उठा लेलनि।बताओल जाइत अछि जे घटनाक बाद परिजन सभ ओढ़नीक फांस खोलि महिला कें नीचां उतारलनि। सूचना भेटलाक बाद अपर थानाध्यक्ष मुखराम सिंह पुलिस बलक संग घटनास्थल पहुंचि जांच प्रारंभ कलनि। पुलिस मृतकाक गर्दन पर बनल निशानक सेहो जांच क रहल अछि। तत्पश्चात् एफएसएल टीम आवश्यक वैज्ञानिक साक्ष्य संकलित कलक। हथौड़ी थानाध्यक्ष मौसिम कहलनि जे सूचना भेटिते पुलिस टीम घटनास्थल पर पठाओल गेल। शव कें पोस्टमार्टम लेल समस्तीपुर सदर अस्पताल पठा देल गेल अछि। घटनाक गंभीरता कें देखैत एफएसएल टीम सं सेहो जांच कराओल गेल अछि। एखन धरि कोनो पक्षक लिखित आवेदन प्राप्त नहि भेल अछि। मृतकाक मायके पक्ष कें सूचित क देल गेल अछि। पोस्टमार्टम प्रतिवेदन, एफएसएल जांच आ अनुसंधानक आधार पर आगू विधिसम्मत कारबाइ कल जाएत। फिलहाल एहि चरण पर एकरा आत्महत्याक मामिला अथवा अन्य कारण सं भेल मृत्यु कहब उचित नहि होयत।

# मिथिला संस्कृत शोध संस्थानक कायाकल्प कें भेटल गति, विधायक केलनि निरीक्षण



दरभंगा, समदिया

दरभंगा ग्रामीण विधायक तथा जदयू जिलाध्यक्ष राजेश कुमार उर्फ ईश्वर मंडलक पहल पर कबराघाटस्थित मिथिला संस्कृत शोध संस्थानक व्यापक विकास कार्य मे तेजी आबि गेल अछि। करोड़ो टाकाक लागत सं प्रस्तावित नव भवन, चाहरदीवारी, सौंदर्यीकरण आ अन्य आधारभूत सुविधाक निर्माण कार्य कें अंतिम रूप देल जा रहल अछि। बृहस्पति कें विधायक ईश्वर मंडल संस्थान परिसरक स्थलीय निरीक्षण क निर्माण कार्यक प्रगतिक जायजा लेलनि। संगहि संबंधित अधिकारी आ कार्यदायी एजेंसी सभकें गुणवत्तापूर्ण ढंग सं निर्धारित समय-सीमाक भीतर सभ कार्य पूरा करबाक निर्देश देलनि। निरीक्षणकदौरान विधायक ईश्वर मंडल कहलनि जे मिथिलाक समृद्ध सांस्कृतिक, शैक्षणिक आ वैदिक परंपरा कें नव पहचान देबाक उद्देश्य सं संस्थान कें राष्ट्रीय आ अंतरराष्ट्रीय स्तरक शोध तथा अध्ययन केंद्रक रूप मे विकसित कल जा रहल अछि। ओ कहलनि जे एहि महत्वाकांक्षी परियोजनाक साकार करबा मे जदयूक राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष तथा राज्यसभाक सांसद संजय कुमार झाक दूरदर्शी सोच आ विशेष पहलमहत्वपूर्ण भूमिका निभौने अछि। विधायक जानकारी देलनि जे संजय कुमार झाक प्रयास सं हालहि मे मिथिला संस्कृत शोध संस्थान आ ऑक्सफोर्ड यूनिवर्सिटीक संस्कृत टेक्स्ट सोसाइटीक बीच संस्थागत सहयोगक मार्ग प्रशस्त भेल अछि। एहि संबंध मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी द्वारा सेहो महत्वपूर्ण पहलकल गेल अछि। ओ कहलनि जे ई सहयोग मिथिलाक प्राचीन ज्ञान-परंपरा, संस्कृत साहित्य आ सांस्कृतिक धरोहर कें वैश्विक मंच पर नव पहचान देबा मे मीलक पाथर सिद्ध होएत। विधायक विश्वास व्यक्त कलनि जे संस्थान आधुनिक स्वरूप मे विकसित भेलाक उपरांत शोधार्थी, विद्यार्थी आ संस्कृत विद्वान सभ कें विश्वस्तरीय सुविधा उपलब्ध होयत तथा मिथिलाक बौद्धिक विरासत कें नव ऊर्जा भेटत।

# वित्तरहित शिक्षक सभक मांगक समर्थन मे धरना-प्रदर्शन

**महाआंदोलनक 24म दिन सीतामढ़ीक गांधी मैदान मे धरना, जिलाधिकारी मार्फत मुख्यमंत्री कें सौंपल गेल ज्ञापन**

सीतामढ़ी, समदिया

बिहार प्रदेश कांग्रेस सेवा दलक नेतृत्व मे वित्तरहित शिक्षा नीतिक विरोध मे चलि रहल राज्यव्यापी महाआंदोलनक 24म दिन बृहस्पति कें शहरक गांधी मैदान मे एकदिवसीय धरना-प्रदर्शनक आयोजन कल गेल। धरनाक उपरांत प्रदर्शनकारी सभ हाथ मे तिरंगा लए शांतिपूर्ण पदयात्रा निकालैत जिलाधिकारीक माध्यम सं मुख्यमंत्रीक नाम ज्ञापन सौंपलनि। ज्ञापन मे वित्तरहित शिक्षा नीति समाप्त करबाक, वित्तरहित विद्यालय, इंटर कॉलेज आ संबद्ध डिग्री महाविद्यालयसभक समायोजन करबाक तथा शिक्षक आशिक्षकेत्तर कर्मचारी सभ कें नियमित वेतनमान, सेवाक सुरक्षा, पेंशन, कैशलेस स्वास्थ्य सुविधा आ सामाजिक सुरक्षाक लाभ उपलब्ध कराबयक मांग कल गेल। धरना कें संबोधित करैत



बिहार प्रदेश कांग्रेस सेवा दलक प्रदेश अध्यक्ष आ रामलखन सिंह यादव कॉलेज, जहानाबादक प्रभारी प्राचार्य प्रो. (डॉ.) संजय यादव कहलनि जे चारि दशक सं वित्तरहित शिक्षक सीमित संसाधन मे बिहारक शिक्षा व्यवस्थाक दायित्व निभा रहल छथि, मुदा आइधरि ओ सभ कें सम्मानजनक सेवा शर्त सं वंचित राखल गेल अछि।प्रदेश प्रभारी मोहम्मद अफरोज कहलनि जे ई आंदोलन कोनो एक व्यक्तिक नहि, बल्कि बिहारक हजारोवित्तरहित शिक्षक आ शिक्षकेत्तर कर्मचारीसभक अधिकारक आंदोलन अछि। कार्यक्रमक अध्यक्षता प्रदेश सेवा दलक राष्ट्रीय प्रशिक्षक डॉ. राजीव कुमार काजू कलनि, जखन कि संचालन प्रदेश कांग्रेस प्रतिनिधि मो. शम्स शाहनवाज कलनि। ओ आरोप लगौलनि जे सरकार आंदोलन सं घबड़ा गेल अछि, ताहि कारण डुमरा अंबेडकर स्थल पर धरनाक अनुमति नहि देल गेल, तथापि गांधी मैदान मे धरनाक सफल आयोजन कल गेल। धरना कें सेवा दलक महिला अध्यक्ष रुचि सिंह, पूर्व जिला कांग्रेस अध्यक्ष रकटू प्रसाद, मो. अफाक खान, सीताराम झा, प्रो. रंजीत गुप्ता, आलोक सिंह राठौर आ आफताब अंजुम बिहारी सेहो संबोधित कलनि। वक्ता सभ कहलनि जे वित्तरहित शिक्षण संस्थान सभ दशकौं सं बिहारक शिक्षा व्यवस्थाक सुदृढ़ बनाबय मे महत्वपूर्ण योगदान दैत आबि रहल छथि, मुदा एखनहुं एहि संस्थान सभ आ ओतय कार्यरत शिक्षकसभक लगातार उपेक्षा कल जा रहल अछि। सरकार कें आब विलंब नहि करैत समायोजन आ नियमित वेतनमानक संबंध मे ठोस निर्णय लेबाक चाही। वक्ता सभ जानकारी देलनि जे आगामी 24 तारीख कें पटना मे कफन यात्रा निकालि आंदोलनक प्रथम चरणक समापन कल जाएत। अध्यक्षीय संबोधन मे डॉ. राजीव कुमार काजू आरोप लगौलनि जे सरकार वित्तरहित कॉलेजसभक उपेक्षा करैत यूजीसीक नियमसभक अवहेलना क रहल अछि। ओ अनुसार मात्र चारिटा कमरा मे कॉलेज खोलिछात्रसभक भविष्य आ पीएचडी धारकसभक संग अन्याय कल जा रहल अछि। संगहि प्राध्यापक नियुक्तिक आयु सीमा घटाकऽ सेहो अभ्यर्थीसभक हितक अनदेखी कल गेल अछि। कार्यक्रम मे विवेक कुमार झा, राजू कुमार, ऋतु ठाकुर, वीरेंद्र सिंह कुशवाहा, अमजद खान, पंकज कुमार, राम प्रवेश राय, गुप्तेश्वर चौबे, मुकेश कुमार, केशव भारद्वाज, चुन्नू झा, अहमद रज़ा खानसहित पैघ संख्या मे वित्तरहित विद्यालय आ महाविद्यालयक प्राचार्य, शिक्षक, शिक्षकेत्तर कर्मचारी, बिहार प्रदेश कांग्रेस सेवा दलक पदाधिकारी, कांग्रेसजन आ शिक्षाप्रेमी उपस्थित छलाह। धरनाक शुरुआत वंदे मातरम् गान सं कल गेल, जखन कि समापन जन गण मन राष्ट्रगानक संग भेल।

# एमएलएसएम कॉलेजक हिंदी विभाग मे नवागंतुक छात्र-छात्राक अभिनंदन समारोह आयोजित

दरभंगा, समदिया



महाराज लक्ष्मेश्वर सिंह (एमएलएसएम) महाविद्यालय, दरभंगाक स्नातकोत्तर हिंदी विभाग मे नव सत्रक नवप्रवेशी छात्र-छात्रा सभक स्वागत आ सत्रारंभक अवसर पर बृहस्पति कें भव्य अभिनंदन समारोहक आयोजन कल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता प्राचार्य डॉ. शंभु कुमार यादव कलनि, जखन कि मुख्य अतिथिक रूप मे बर्सर डॉ. नंदकिशोर झा उपस्थित छलाह। कार्यक्रमक शुभारंभ संस्कृत विभागाध्यक्ष डॉ. विनय कुमार झाक स्वस्तिवाचन सं भेल।हिंदी विभागाध्यक्ष डॉ. मीना कुमारी छात्र-छात्रा सभ कें विभागक शैक्षणिक गतिविधि सभ सं अवगत करौलनि। मुख्य अतिथि डॉ. नंदकिशोर झा महाविद्यालय आ हिंदी विभागक उपलब्धि सभ पर प्रकाश दैत छात्र-छात्रा सभ सं नियमित अध्ययन, कक्षा मे उपस्थिति आ विभागीय गतिविधि सभ मे सक्रिय सहभागिता करबाक आह्वान कलनि। प्राचार्य डॉ. शंभु कुमार यादव कहलनि जे उच्च शिक्षा मात्र डिग्रीप्राप्त करबाक माध्यम नहि, बल्कि व्यक्तित्व आ चरित्र निर्माणक आधारशिला अछि। ओ छात्र-छात्रा सभकें अनुशासन, नैतिक मूल्य आ गुणवत्तापूर्ण शिक्षाक अनुपालन करबाक प्रेरणा देलनि तथा हिंदी विभाग द्वारा आयोजित गरिमामय कार्यक्रमक सराहना कलनि। कार्यक्रम मे डॉ. सुप्रीत शालिनी, डॉ. संगीता कुमारीसहित विभागक शिक्षक सभ आ चारि दर्जन सं अधिक छात्र-छात्रा सभ उपस्थित छलाह। कार्यक्रमक संचालन डॉ. ज्वाला चंद्र चौधरी कलनि। अंत मे अतिथि सभ नवागंतुक छात्र-छात्रा सभ कें कलम आ मिठाइ भेंट क आत्मीय स्वागत कलनि।

# गीदड़क कटला सं छह वर्षीय बालकक 13 दिन बाद मृत्यु

समस्तीपुर/शिवाजीनगर, समदिया

शिवाजीनगर थाना क्षेत्रक दहियार रन्ना पंचायतक रन्ना गाम वार्ड-16 मे 24 जुलाई क गीदड़क हमला मे घायल भेल छह वर्षीय बालकक उपचारक क्रम मे बुधदिन मृत्यु भए गेल। बालकक निधनक समाचार फैलिते पूरा गाम शोकमग्न भए गेल। परिजनक रोदन-संताप सं वातावरण गमगीन अछि। शिवाजीनगर पुलिस शव कें पोस्टमार्टम लेल समस्तीपुर सदर अस्पताल पठाकऽ अग्रिम कानूनी प्रक्रिया प्रारंभ क देने अछि। मृत बालकक पहचान रन्ना गाम निवासी रंजीत कुमारक छह वर्षीय पुत्र रौनक कुमार केर रूप मे भेल अछि। परिजनक अनुसार, 24 जुलाईक भोर मे रौनक अपन छोट भाइ ऋषभ कुमार संग घरक बाहर खेलि रहल छल, तहिये घरक समीप झाड़ी सं निकलल एकटा गीदड़ दुनू बच्चापर हमला क देलक। एहि हमला मे रौनक गंभीर रूप सं घायल भए गेल। बच्चाक



चिचियाहटक आवाज सुनि परिजन घटनास्थल पर पहुंचलाह आ तत्काल प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र शिवाजीनगर लए गेलाह। ओतऽ प्राथमिक उपचारक बादचिकित्सक सभ गंभीर अवस्था देखि नीक इलाज लेल रेफर क देलनि। तत्पश्चात परिजन ओ केंअनुमंडलीय अस्पताल रोसड़ा, समस्तीपुर सदर अस्पताल आ दरभंगाक बहेरी स्थित स्वास्थ्य केंद्र मे लएगेलाह, जतऽ आवश्यक एंटी-रेबीज वैक्सीन सेहो देल गेल। उपचारक बाद स्वास्थ्य मे किछु सुधार भेलछल, मुदा बुधदिन अनचोके तबीयत फेर बिगड़ि गेल आ उपचारक क्रम मे मृत्यु भए गेल। रौनकक निधन सं परिवार पर दुःखक पहाड़ टूटि पड़ल अछि। माता रानी कुमारी पुत्रक शव सं लिपटि क बिलखैत रहलीह। रौनक दू भाइ मे पैघ छल, जखन कि पिता रंजीत कुमार रोजी-रोटी लेल दोसर राज्य मे चालकक काज करैत छथि। पुत्रक मृत्युक सूचना भेटिते ओ घर लेल रवाना भए गेलाह। ग्रामीण सभक अनुसार, 24 जुलाईक दिन गीदड़क हमला मे रौनकक अतिरिक्त उदयनाथ कुमार, सुनीता देवी, जीवछ मंडलक पांच वर्षीय पुत्र सहित पांच-सात गोटे लोक घायल भेल छलाह। दहियार गाम मे सेहो एक व्यक्ति एहि हमला मे जख्मी भेल छल। एहि घटनाक बाद क्षेत्रक लोक सभ मे आबो भयक वातावरण बनल अछि। घटनाक सूचना पर शिवाजीनगर पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि आवश्यक प्रक्रिया पूरा क शव कें पोस्टमार्टम लेल पठेलक। पोस्टमार्टमक उपरांत शव परिजन कें सुपुर्द क देल गेल। सांझ धरि मृतकक घर पर शोक प्रकट करए लेल लोकसभक भीड़ लागल रहल। थानाध्यक्ष रविंद्र कुमार कहलनि जे गीदड़क काटला सं घायल बालकक मृत्यु संबंधी सूचना भेटला पर पुलिस तत्काल घटनास्थल पर पहुंचलक। शवक पोस्टमार्टम करा परिजन कें सुपुर्द क देल गेल अछि तथा अग्रिम कानूनी कारबाइ जारी अछि।

# संवेदनशील क्षेत्र सभ मे अतिरिक्त पंपसेट तैनात होयत : डीएम

**जल निकासी व्यवस्था सुदृढ़ रखबाक देलनि निर्देश**

सहरसा, समदिया

जिलाधिकारी दीपेश कुमारक अध्यक्षता मे बृहस्पति कें समाहरणालय सभागार मे शहरी क्षेत्रक जल निकासी व्यवस्था आ वर्षाक दौरान संभावित जलजमाव सं निपटबाक तैयारीक समीक्षा बैसार संपन्न भेल।बैसार मे शहरक प्रमुख नालासभक सफाइ, जल निकासी मार्गक स्थिति तथा जलजमाव सं प्रभावित क्षेत्र सभ मे आवश्यक व्यवस्थापर विस्तार सं विचार-विमर्श कल गेल। जिलाधिकारी नगर निगमक पदाधिकारी सभ कें सभ प्रमुख नाला सभ आ जल निकासी मार्गसभक नियमित सफाइ सुनिश्चित करबाक तथा अतिक्रमण अथवा अवरोधक कारण प्रभावित जल निकासी व्यवस्था कें अविलंब दुरुस्त करबाक



निर्देश देलनि। ओ कहलनि जे जलजमावक स्थिति उत्पन्न भेलापर संबंधित विभाग तत्परता सं कारबाइ करए, जाहि सं आमजन कें कोनो प्रकारक असुविधाक सामना नहि करए पड़ए। ओ संवेदनशील क्षेत्रसभकचिन्हीकरण क ओतए अतिरिक्त पंपसेट, आवश्यक संसाधन आ पर्याप्त मानवबलक उपलब्धता सुनिश्चित करबाक निर्देश सेहो देलनि। संगहि नगर निगम, स्वास्थ्य विभाग आ अन्य संबंधित विभागसभक बीच नीक समन्वय स्थापित क प्रभावकारी कार्ययोजनाक अनुरूप कारबाइ करबाक बात कहलनि। बैसार मे सिविल सर्जन कें जलजनित आ संक्रामक रोगसभक रोकथाम लेल आवश्यक औषधिक उपलब्धता, स्वास्थ्य टीमसभक सक्रियता तथा जरूरी चिकित्सीय तैयारी सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल। एकरा अतिरिक्त नियमित फॉगिंग, ब्लीचिंग पाउडरक छिड़काव आ पेयजल स्रोतसभक स्वच्छता बनौने रखबाक विषयपर सेहो विशेष जोर देल गेल। बैसार मे अपर समाहर्ता, उप विकास आयुक्त, सदर अनुमंडल पदाधिकारी, नगरआयुक्त, सिविल सर्जनसहित विभिन्न विभागक पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# समस्तीपुर मे जिला स्तरीय उन्मुखीकरण कार्यशाला आयोजित

समस्तीपुर, समदिया

समस्तीपुर जिलाक ऋतिका इंटरनेशनल मे बृहस्पतिदिन जिला जल आ स्वच्छता समिति, समस्तीपुर, यूनिसेफ आ डब्लूएडीएस फ़ौंडेशनक संयुक्त तत्वावधान मे एकदिवसीय जिला स्तरीय उन्मुखीकरण आमुख्य हितधारक कार्यशालाक आयोजन सफलतापूर्वक संपन्न भेल। कार्यशालाक मुख्य उद्देश्य जिला मे खुला मे शौच मुक्त स्थितिक स्थायित्व, सुरक्षित आ गुणवत्तापूर्ण शौचालय निर्माण, व्यवहार परिवर्तन, स्वच्छताक गुणवत्ता आ विभिन्न विभागसभक बीच नीक समन्वय स्थापित करब छल। कार्यक्रमक शुभारंभ जिलाधिकारी, उप विकास आयुक्त डीआरडीए निदेशक, यूनिसेफक डॉ. प्रभाकर सिन्हा आ डब्लूएडीएस फ़ौंडेशनकक निदेशक शशि भूषण पांडेय द्वारा संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित क कल गेल। कार्यशाला मे जिलाक सभ प्रखंड विकास पदाधिकारी, जीविका क प्रखंड परियोजना प्रबंधक लोक स्वास्थ्य अभियंत्रण विभागक पदाधिकारी, प्रखंड समन्वयक, विभिन्न विभागक प्रतिनिधि आ अन्य संबंधित हितधारक सहित लगभग 100 प्रतिभागी सहभागी भेलाह। कार्यक्रमक दौरान खुला मे



शौच मुक्त स्थितिक स्थायित्व, गुणवत्तापूर्ण आ सुरक्षित शौचालय निर्माण, रेट्रोफिटिंग, ठोस आ तरल अपशिष्ट प्रबंधन व्यवहार परिवर्तन संचार तथा सामुदायिक सहभागिता सुदृढ़ बनेबाक विषय पर विस्तार सं विचार-विमर्श कल गेल। प्रतिभागी सभ कें विषयक नीक जानकारी देबाक लेल वीडियो प्रस्तुति, तकनीकी सत्र आ व्यवहारिक उदाहरणक माध्यम सं स्वच्छता सं जुड़ल नवीन तकनीक आ व्यवहार परिवर्तनक प्रभावी उपायसभक जानकारी देल गेल। जिलाधिकारी अपन संबोधन मे कहलनि जे स्वच्छता मात्र सरकारी योजना नहि, बल्कि जनसहभागितापर आधारित एकटा सशक्त अभियान अछि। ओ सभ विभागक पदाधिकारी सभ सं समन्वित प्रयासक माध्यम सं उपलब्धि कें स्थायी बनेबाक आ प्रत्येक परिवार धरि स्वच्छताक संदेशपहुंचेबाक आह्वान कलनि। उप विकास आयुक्त गुणवत्तापूर्ण कार्य, नियमित अनुश्रवण आ समयबद्धक्रियान्वयन पर विशेष बल देलनि।यूनिसेफक डॉ. प्रभाकर सिन्हा, व्यवहार परिवर्तन, तकनीकी गुणवत्ता आ सामुदायिक सहभागिताक महत्व पर प्रकाश दैत कहलनि जे स्वच्छता अभियानक सफलता विभाग सभ आ समुदायक साझा प्रयास संसंभव अछि। डब्लूएडीएस फ़ौंडेशनकक निदेशक शशि भूषण पांडेय कहलनि जे संस्था यूनिसेफ क सहयोग सं बिहार मे स्वच्छता, सुरक्षित शौचालय निर्माण कें मजबूत बनेबाक लेल निरंतर कार्य क रहल अछि। ओ प्रतिभागी सभ सं कार्यशाला सं प्राप्त ज्ञान आ अनुभव कें अपन-अपन कार्यक्षेत्र मे प्रभावी ढंग सं लागू करबाक आग्रह कलनि। लोहिया स्वच्छ बिहार अभियानक जिला समन्वयक हसनैन अनवर समस्तीपुर जिला मे संचालित अभियान आ कार्ययोजनाक संबंध मे विस्तृत जानकारी देलनि। कार्यक्रमक अंत मे प्रतिभागी सभ कार्यशाला कें अत्यंत उपयोगी आ ज्ञानवर्द्धक बतबैत कहलनि जे एहिपहल सं जिला मे स्वच्छता आ ओडीएफ स्थायित्व कें आओर सुदृढ़ बनेबाक दिशा मे महत्वपूर्ण सहयोग भेटत।

# रामरति एवं राम जीन्स हेल्थ केयर सेंटरक भेल उद्घाटन

**डॉ. राजीव कहलनि जे अस्पताल मे नवीनतम तकनीक आ अत्याधुनिक चिकित्सीय सुविधा उपलब्ध**

सीतामढ़ी, समदिया

शहरक चर्चित चिकित्सक डॉ. राजीव कुमारक नव अस्पताल रामरति एवं राम जीन्स हेल्थ केयर सेंटरक उद्घाटन बृहस्पति कें शहरक डुमरा रोडस्थित विश्वकर्मा मंदिरक समीप गण्यमान्य लोकसभक उपस्थितिमे संपन्न भेल। अत्याधुनिक चिकित्सीय सुविधा सं सुसज्जित एहि अस्पताल मे रोगी सभ कें उत्तम उपचार, आधुनिक जांच व्यवस्था आ किफायती स्वास्थ्य सेवा उपलब्ध कराबयक दावा कल गेल अछि। एहि अवसर पर डॉ. राजीव कुमार कहलनि जे हुनकर माता-पिताक सपना छल जे आर्थिक रूप सं कमजोर लोक सभ कें सेहो कम खर्च मे गुणवत्तापूर्ण उपचार उपलब्ध होइ। ओ कहलनि जे ओही संकल्प कें साकार करबाक उद्देश्य सं एहि अस्पतालक स्थापना कल गेल अछि। ओ कहलनि जे हुनकर



प्रयास रहत जे रोगी सभ कें एक्के स्थानपर आधुनिक चिकित्सीय सुविधा, विशेषज्ञ परामर्श आ मानवीय व्यवहारक संग उपचार उपलब्ध हो। डॉ. राजीव कुमार कहलनि जे अस्पताल मे नवीनतम तकनीक आ अत्याधुनिक चिकित्सीय संसाधनसभक विशेष व्यवस्था कल गेल अछि, जाहि सं रोगी सभ कें पैघ शहर सभ जेकां स्वास्थ्य सुविधा स्थानीय स्तर परे उपलब्ध भए सक। उद्घाटन समारोह मे सामाजिक कार्यकर्ता राशनारायण यादव, रौशन यादव, रविशंकर सिंह, लालू प्रसाद यादव, चिकित्सक डॉ. अजय कुमारसहित शहरक कतेको गण्यमान्य व्यक्ति आ स्थानीय नागरिक उपस्थित छलाह। सभ उपस्थित लोक सभ डॉ. राजीव कुमार कें अस्पतालक शुभारंभ लेल शुभकामना देलनि आ एकरा सीतामढ़ीक स्वास्थ्य सेवाक क्षेत्र मे महत्वपूर्ण पहल बतौलनि।

# जयंती पर बोकारो मे याद कयल गेलाह प्रसिद्ध गायक व अभिनेता किशोर कुमार

बोकारो,समदिया



प्रख्यात फिल्म पार्श्वगायक व अभिनेता किशोर कुमार के जयंती पर सेक्टर 12 मे स्वरागिनी म्यूजिकल ग्रुपक बैनर तले संगीत कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। गायक अरुण पाठक, रमण चौधरी, सोमेश मिश्रा, गायिका रंजू सिंह, रिद्धिमा, सुनीता गुप्ता, रंजना सिन्हा, श्वेता प्रियदर्शिनी व पूर्णेंदु कुमार सिंह किशोर कुमार के तस्वीर पर माल्यार्पण व पुष्पार्चन कय हुनका नमन केलनि। कलाकार सभ किशोर कुमार के एकटा बहुआयामी कलाकार के रूप मे याद कयलनि आ कहलनि जे फिल्म संगीत मे हुनक योगदान स्वर्णाक्षर मे अंकित करबा योग्य अछि। ओ एक दिस अपन गायकी सं सभ कें आकर्षित कयलनि, ओतहि अभिनेता के रूप मे सेहो अमिट छाप छोड़लनि। आइयो हुनक गाओल गीतसभकलोकप्रियता बरकरार अछि। एहि अवसर पर कलाकार सभ किशोर कुमारक गाओल किछु यादगार गीतसभक प्रस्तुति सं हुनका याद केलनि। गायक अरुण पाठक वो सांझ कुछ अजीब थी ये सांझ भी अजीब है..., बने चाहे दुश्मन ज़माना हमारा, सलामत रहे दोस्ताना हमारा.., रिमझिम खसल साओन सुलग-सुलग जाए मन... के सुमधुर प्रस्तुतिक बाद गायिका रंजू सिंह के संग युगलगीत तेरे मेरे मिलन की ये रैना..., कोरा कागज था ये मन मेरा...., तेरे बिना जिंदगी से कोई शिकवा तो नहीं.., गायिका रिद्धिमा रिया के संग युगलगीत देखा एक ख्वाब तो ये सिलसिले हुए.., ओ मेरे राजा, ओ मेरी रानी.., शोखियों में घोला जाए फूलों का शबाब.., रंजना सिन्हाक संग ये रातें ये मौसिम नदी का किनारा ये चंचल हवा.. आदि गीतसभक सुंदर प्रस्तुति सं सभ केंमंत्रमुग्धक देलनि। रमण चौधरी जिंदगी का यात्रा है ये कैसा यात्रा.., बड़ी सूनी सूनी है..., कहां तक ये मन को अंधेरे छलेंगे.., फूलों का तारों का सबका कहना है.., सोमेश मिश्रा जो राह चुनी तूने..., आ री रे आजा निंदिया तू.., उल्फत मे जमाने को...', 'प्यार मांगा है तुम्हीं से...', सुनीता गुप्ता छूकर मेरे मन को... व रिमझिम खसल साओन.., रंजना सिन्हा प्यार दीवाना होता है.. के भावपूर्ण प्रस्तुति सं किशोर दा के स्वरमयी श्रद्धांजलि देलनि। आयोजक रमण चौधरी धन्यवाद ज्ञापन कयलनि।

# धनबाद मे 8-9 आ 22-23 अगस्त कें सभ मतदान केंद्र पर लागत विशेष शिविर

## मतदाता सूची सुधारबाक भेटत अवसर

धनबाद,समदिया



मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षण (एसआईआर-2026) अंतर्गत धनबाद जिलाक मतदाता सभ लेल महत्वपूर्ण सूचना जारी कएल गेल अछि। जिला निर्वाचन पदाधिकारी सह उपायुक्त आदित्य रंजनक निर्देश पर मतदाता सूची मे नाम जोड़ब, हटेब, संशोधन अथवा दावा-आपत्ति दर्ज करबाक लेल जिलाक सभ मतदान केंद्र पर दू चरण मे विशेष शिविर लगाओल जायत।जिला प्रशासनक अनुसार, प्रारूप मतदाता सूचीक प्रकाशन 5 अगस्त कें कएल जा चुकल अछि। आब 5 अगस्त सं 4 सितंबर 2026 धरि दावा आ आपत्ति दर्ज कराओल जा सकैत अछि।पहिल विशेष शिविर 8 आ 9 अगस्त कें तथा दोसर विशेष शिविर 22 आ 23 अगस्त कें सभ मतदान केंद्र पर आयोजित होयत। एहि दौरान बीएलओ उपस्थित रहताह आ मतदाता सभक आवेदन स्वीकारकरताह। एकर अतिरिक्त 15 अगस्त कें भोर 11 बजे सं दिउस 1 बजे धरि सभ पंचायत भवन मे ग्राम सभा आयोजित होयत। दोसर दिस, 25 अगस्त सं 4 सितंबर धरि मतदान केंद्र क्षेत्र सभ मे होम टू रोलवेरिफिकेशन अभियान चलाओल जायत। अभियानक दौरान ई सुनिश्चित कएल जायत जे प्रत्येक योग्य नागरिकक नाम मतदाता सूची मे दर्ज होअथवा ओ प्रपत्र-6 जमा कए चुकल होथि। जाहि मतदाता सभक नाम गलत मतदान केंद्र पर दर्ज अछि, ओ सभ प्रपत्र-8क माध्यम सं सही मतदान केंद्र पर स्थानांतरण लेल आवेदन कए सकैत छथि। प्रशासन बतौलक जे झारखंड सं बाहर, जेना बिहार आ पश्चिम बंगाल मे भेल एसआईआर मे दर्ज परिवार सभक सदस्य सेहो आवश्यक घोषणा-पत्रक संग प्रपत्र-8 भरि अपन नाम जुड़बा सकैत छथि। एकर संगहि 4 सितंबर धरि सभ घर पर ;फैमिली टुगेदर स्टीकर सेहो लगाओल जायत। जिला प्रशासन सभ योग्य मतदाता सभ सं समय पर अपन दस्तावेजक सत्यापन कराबए आ आवश्यक आवेदन जमा करबाक अपील केने अछि।

# चतराक हरलाल पोखरि सूर्य मंदिरक होयत कायाकल्प, लाइट आ साउंडक माध्यम सं देखाओल जायत सांस्कृतिक विरासत

चतरा,समदिया



चतरा शहरक हरलाल पोखरि सूर्य मंदिर परिसर कें आधुनिक सुविधा सभ सं सुसज्जित कए धार्मिक आ पर्यटन स्थल केर रूप मे विकसित करबाक दिशा मे महत्वपूर्ण पहल कएल गेल अछि। मंदिर परिसर आपोखरि मे अत्याधुनिक लाइट आ साउंड सिस्टम स्थापित कएल जायत, जाहि सं ई स्थान श्रद्धालु आपर्यटक सभ लेल आकर्षणक नव केंद्र बनत। एहि महत्वाकांक्षी योजनाक खर्च जिला खनिज फाउंडेशन ट्रस्ट (डीएमएफटी) निधि सं वहन कएल जायत। योजना अंतर्गत जिलाक धार्मिक, सांस्कृतिक आ ऐतिहासिक विरासत कें प्रकाश आ ध्वनिक माध्यम संप्रभावी ढंग सं प्रस्तुत कएल जायत। सांझक समय आयोजित होनिहार लाइट आ साउंड शो लोक सभ कें सूर्य मंदिरक इतिहास, धार्मिक आस्था आ सांस्कृतिक विरासत सं परिचित कराओत। एहि सं स्थानीय लोक सभक संगहि बाहर सं आबए बला पर्यटक सभ कें सेहो जिलाक समृद्ध विरासत जनबाक अवसर भेटत। उपायुक्त रवि आनंद योजना कें मूर्त रूप देबाक लेल ग्रामीण विकास विशेष प्रमंडल कें जिम्मेदारी सौंपने छथि। ओ कार्यपालक अभियंता कें विस्तृत परियोजना प्रतिवेदन (डीपीआर) तैयार करबाक निर्देश देने छथि। डीपीआर तैयार भेला पर प्रशासनिक स्वीकृति भेटला उपरांत निर्माण काज शुरू कएल जायत। अधिकारी सभक मानब अछि जे आधुनिक तकनीकक उपयोग सं सूर्य मंदिर राज्यक प्रमुख धार्मिक आ पर्यटन स्थल सभ मे अपन अलग पहचान बना सकत। योजना पूरा भेला पर हरलाल पोखरि सूर्य मंदिरक भव्यता आरो बढ़त। रातिक समय आकर्षक रोशनी सं पूरा परिसर जगमगा उठत, जाहि सं लोक सभक आवाजाही बढ़त आ स्थानीय व्यवसाय कें सेहो लाभ भेटत। एकरा संगहि जिलाक पर्यटन विकास कें नव गति भेटबाक उम्मीद अछि।प्रशासनक उद्देश्य धार्मिक आस्था, सांस्कृतिक विरासत आ आधुनिक तकनीकक समन्वय कए एहि स्थल कें राष्ट्रीय स्तर पर पहचान दियाब अछि। हरलाल पोखरि सूर्य मंदिर विकास भवनक उत्तर दिस स्थित अछि। विकास भवन सं मंदिरक दूरी लगभग 250 सं 300 मीटर अछि। सूर्य मंदिरक निर्माण हालक वर्ष सभ मे भेल अछि, जखनकि पोखरिक निर्माण दशक पहिनहि कएल गेल छल। छठ पर्वक अवसर पर व्रती सभ एतय भगवान भास्कर कें अर्घ्य अर्पित करैत छथि। पोखरिक समीप गौशाला, महिला महाविद्यालय, इको पार्क आ जवाहरलाल नेहरू स्टेडियम सेहो स्थित अछि। उपायुक्त रवि आनंद कहलनि जे हरलाल पोखरि सूर्य मंदिर परिसर मे साउंड आ लाइट सिस्टम स्थापित करबाक योजना बनाओल गेल अछि। एहि लेल ग्रामीण विकास विशेष प्रमंडलक कार्यपालक अभियंता कें डीपीआर तैयार करबाक निर्देश देल गेल अछि। साउंड आ लाइट सिस्टमक संगहि पूरा परिसरक सौंदर्यीकरण सेहो कएल जायत।

# झरिया मे 9 दिन सं जलापूर्ति ठप, झमाडा विरुद्ध भूख हड़ताल पर बैसल लोक

धनबाद,समदिया



धनबाद-झरिया मुख्य मार्ग स्थित भगतडीह झमाडा कार्यालयक समीप झरिया आ आसपासक क्षेत्र सभ मे विगत 9 दिन सं जलापूर्ति ठप रहबाक विरोध मे पानि-बिजली उपभोक्ता मंचक बैनर तले एकदिवसीय भूख हड़ताल कएल गेल। पानिक गंभीर संकट सं परेशान लोक सभ झमाडाक कार्यप्रणाली विरुद्ध प्रदर्शन कएलनि। भूख हड़ताल मे पैघ संख्या मे पुरुष आ महिला सभ शामिल भेलाह। प्रदर्शनकारी सभक कहब छल जे लगातार 9 दिन सं जलापूर्ति बाधित रहबाक कारण लोक सभ कें पेयजल लेल भारी परेशानीक सामना करए पड़ि रहल अछि, मुदा झमाडा प्रशासन एहि समस्याक समाधान लेल एखन धरि कोनो ठोस कदम नहि उठा रहल अछि। आंदोलन कें झरियाक विभिन्न व्यवसायी संगठन सभक सेहो समर्थन भेटल। कार्यक्रम मे उपेंद्र गुप्ता, शिवचरण शर्मा, श्रीकांत अंबष्ट, अनूप साव (पूर्व पार्षद), अरिंदम बनर्जी, राकेश कुमार गुप्ता, दीपक दत्ता, महेश शर्मा, कुंदन मोदक, बसंत अग्रवाल, हेमंत ड्रोलिया, शिव बालक पासवान, अभिजीत राय, मदन राम,अन्ना साव आ रामनरेश गोस्वामी सहित कतेको व्यवसायी उपस्थित छलाह। प्रदर्शनकारी सभ झमाडा सं अविलंब जलापूर्ति बहाल करबाक आ लोक सभ कें नियमित रूप सं पेयजल उपलब्ध कराबाक मांग कएलनि।

# बोकारो मे बरखा सं सड़क बनल पोखरि, ड्रेनेज जाम भेला पर भड़कल लोक

## शीघ्र नाला सभक सफाइ करबाक मांग

बोकारो ,समदिया



बोकारो शहर आ आसपासक क्षेत्र सभ मे लगातार भए रहल बरखा नगर निगम आ प्रशासनक जल निकास व्यवस्थाक दावाक पोल खोलि देलक। बरखाक कारण शहरक कतेको प्रमुख सड़क, बाजार आ इलाका मे गंभीर जलजमाव भए गेल अछि, जाहि सं आम जनजीवन अस्त-व्यस्त भए गेल अछि। सब सं खराब स्थिति सिटी सेंटरक सेक्टर-4 स्थित सीजेड गेट-12 मोड़क अछि, जतय सड़क पूरा तरहे पोखरि मे बदलि गेल अछि। एकर अतिरिक्त लगातार बरखाक कारण गर्ग नदीक जलस्तर सेहो बहुत बढ़ि गेल अछि, जाहि सं नदीक किनार आ नीचां क्षेत्र मे रहनिहार लोक सभक चिंता बढ़ि गेल अछि। शहरक मुख्य बाजार आ आवासीय मोहल्ला सभ मे पानि भरि जाएबाक कारण आवागमन बुरी तरहे प्रभावित भेल अछि। जलजमावक कारण दैनिक काज लेल निकलनिहार राहगीर, कोचिंग आ स्कूल जाएबला विद्यार्थी सभ तथा स्थानीय दोकानदार सभ कें भारी परेशानीक सामना करए पड़ि रहल अछि। दूचक्का आ चारिचक्का वाहन चालक सभ सेहो सड़क पर जमा पानि मे वाहन बंद भए जाएबाक कारण परेशान देखल गेलाह। स्थानीय लोक सभक कहब अछि जे हल्का बरखा मे सेहो सेक्टर-4 मोड़ पर पानि जमा भए जाइत अछि, जाहि सं हरदम दुर्घटनाक आशंका बनल रहैत अछि। स्थानीय निवासी सभ आरोप लगौलनि जे शहरक कतेको इलाका मे नाला आ ड्रेनेज व्यवस्था पूरी तरहे जाम पड़ल अछि। समय पर सफाइ नहि होएबाक कारण बरखाक पानि सड़क परहि जमा भए जाइत अछि। नाराज नागरिक सभ प्रशासन सं शीघ्र नाला सभक सफाइ कराबाक आ सीजेड गेट-12 मोड़ सहित दोसर संवेदनशील क्षेत्र सभ मे जल निकासक स्थायी समाधान करबाक मांग कएलनि।

# जमशेदपुर मे बीएलओक घर-घर सत्यापन सं बढ़ल महिला पंजीकरण

## पुरुष सभक तुलना मे 6673 बेसी महिला मतदाता



जमशेदपुर,समदिया

पूर्वी सिंहभूम जिला मे महिला मतदाता सभक संख्या पुरुष सभक तुलना मे 6673 बेसी भए गेल अछि। जिला निर्वाचन विभाग द्वारा जारी विशेष गहन पुनरीक्षण (एसआईआर)क प्रारूप मतदाता सूचीक अनुसार ई उपलब्धि विशेष अभियानक परिणाम मानल जा रहल अछि। जिलाक कुल 6 विधानसभा क्षेत्र मे सं 5 विधानसभा क्षेत्र एहन अछि, जतय महिला मतदाता सभक संख्या पुरुष सभ सं बेसी अछि। जखनकि बहरागोड़ा विधानसभा क्षेत्र एकमात्र अपवाद अछि, जतय पुरुष मतदाता सभक संख्या महिला सभ सं बेसी अछि। एतय 112375 पुरुष मतदाता सभक तुलना मे 110052 महिला मतदाता पंजीकृत छथि। विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक दौरान ग्रामीण आ शहरी दूनू क्षेत्र मे महिला पंजीकरण पर विशेषध्यान देल गेल छल। बीएलओ सभ घर-घर जा कए सत्यापन कएलनि आ व्यापक जागरूकता अभियान चलौलनि। एहि प्रयासक परिणामस्वरूप महिला मतदाता पंजीकरण मे ई ऐतिहासिक वृद्धि दर्ज कएल गेल अछि।

# झारखंड विधानसभा मे जेपीएससी-जेएसएससी मुद्दा पर भाजपा विधायक सभ मास्क पहिरि कएलनि प्रदर्शन

## मानसून सत्र स्थगित



रांची,समदिया

राजधानी रांची मे जेपीएससी आ जेएसएससी अभ्यर्थी सभक आंदोलनक बीच झारखंड विधानसभाक मानसून सत्र बृहस्पति कें शुरू भेल। सत्रक पहिल दिन भाजपा विधायक सभ जेपीएससी-जेएसएससी मुद्दा पर मास्क पहिरि प्रदर्शन कएलनि। सत्रक शुरुआत मे मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन विधानसभा अध्यक्ष रबींद्रनाथ महतोक स्वागत कएलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री अध्यक्ष कें पुष्पगुच्छ भेंट कए हुनकर अभिनंदन कएलनि आ सत्रक सफल, गरिमामय आ सार्थक संचालन लेल शुभकामना देलनि।सदन मे भाजपा विधायक सभ मास्क पहिरि पहुंचलाह। मास्क पर लिखल छल— न्याय चाही, धोखा नहि। जेपीएससी, जेएसएससी-सीजीएल सभ परीक्षाक सीबीआई जांच कराउ। भाजपा विधायक सभ ठाढ़ भए जेपीएससीक मामिला उठा रहल छलाह। एहि बीच विधानसभा अध्यक्षक संबोधन सेहो शुरू भए गेल। सदन मे संसदीय कार्य मंत्री राधा कृष्ण किशोर बजट सत्रक दौरान सरकार द्वारा देल गेल आश्वासन सभ पर एक्शन टेकेन रिपोर्ट (एटीआर) प्रस्तुत कएलनि। शोक प्रस्तावक बाद विधानसभाक कार्यवाही शुक्र भोर 11 बजे धरि लेल स्थगित कएल गेल।

# झारखंड सरकार वार्ता लेल तैयार, छात्र सभ कहलनि- खूलल मंच पर करब बातचीत

## परीक्षा करेनिहार कंपनीक अकाउंटेंट गिरफ्तार

रांची,समदिया



जेपीएससी-जेएसएससी भर्ती परीक्षा मे कथित अनियमितताक विरुद्ध चलि रहल छात्र आंदोलनक आइ 13म दिन अछि। एहि लेल मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन 4 सदस्यीय मंत्री समिति गठित केने छथि। एहि समिति मे उच्च शिक्षा मंत्री सुदिव्य कुमार सोनू, ग्रामीण विकास मंत्री दीपिका पांडेय सिंह, कल्याण मंत्री चमरा लिंडा आ उद्योग मंत्री संजय प्रसाद यादव कें शामिल कएल गेल अछि।दोसर दिस, छात्र प्रतिनिधिमंडल मे रविंद्र पासवान, पीयूष कुमार सिंह, रविंद्र कुमार रवि, राजेश प्रसाद, नीतू कुजूर, कार्तिक सोरेन, संदीप कुमार आ शालू सिंह शामिल छथि। पत्रकार शंभूनाथ चौधरी, विकास वर्मा आ कानूनविद अजीत कुमार सेहो अभिभावकक रूप मे प्रतिनिधिमंडलक हिस्सा छथि। एहि सं पहिने मुख्यमंत्रीक संदेश लए सदर एसडीओ कुमार रजत आ एडीएम लॉ एंड ऑर्डर धनंजय कुमार बुध दिन लगभग 3:30 बजे जयपाल सिंह स्टेडियम पहुंचलाह। मुदा छात्र सभ बंद कमरा मे वार्ता करएसं इनकार कए देलनि। हुनकर कहब छल जे वार्ता सार्वजनिक मंच पर हेबाक चाही।परीक्षा करेनिहार कंपनीक अकाउंटेंट सहित 19 गिरफ्तार दोसर दिस, सीआईडी बुध राति रांची आ लखनऊ मे एकसाथ छापेमारी कए परीक्षा संचालन कएनिहार आउटसोर्स एजेंसी टीएसआर डाटा प्रोसेसिंग प्राइवेट लिमिटेड (टीडीपीएल)क अकाउंटेंट रक्षक सिंह सहित 5 आरो आरोपी कें गिरफ्तार कएलक। जांच एजेंसीक दावा अछि जे रक्षक सिंह अपन पदक दुरुपयोग करैत परीक्षा प्रक्रिया मे कथित हेराफेरी कएलनि आ अनुचित साधनक उपयोग कए स्वयं 14म जेपीएससी पीटी परीक्षा पास कएलनि। एहि सं पहिने गिरफ्तार 3 कथित बिचौलिया सं पूछताछ मे खुलासा भेल जे ओ सभ टीडीपीएलक मार्केटिंग मैनेजर आ कथित मास्टरमाइंड अभय तिवारीक सीधा संपर्क मे छल। आरोप अछि जे अभ्यर्थी सभ सं लाखो रुपैयाक सौदा कए परीक्षा मे सेटिंग करबाक संगठित नेटवर्क चलाओल जा रहल छल। सीआईडी छापेमारीक दौरान कतेको डिजिटल उपकरण, दस्तावेज आ महत्वपूर्ण साक्ष्य सेहो जब्त केने अछि। एहि 5 गिरफ्तारीक संग आब धरि गिरफ्तार आरोपी सभक संख्या 19 भए गेल अछि। एहि मे 4 अभ्यर्थी सेहो शामिल छथि। देवेंद्र नाथ महतोक अनशन जारी अनशन पर बैसल छात्र सभ कहलनि जे आंदोलनक विषय मे कतेको प्रकारक अफवाहि फैलाओल जा रहल अछि। सोनम वांगचुकक आग्रह पर देवेंद्र नाथ महतो मात्र पानि पीने छथि, मुदा हुनकर अनशन एखनो जारी अछि। छात्र सभक कहब छल जे सरकार सं होनिहार सभ बातचीतक वीडियो रिकॉर्डिंग होबाक चाही। ओ सभ मुख्यमंत्री हेमंत सोरेनक इस्तीफाक मांग दोहरबैत कहलनि जे 14म जेपीएससी परीक्षा रद्द कएल जाए आ दोषी सभ कें कठोर सजा देल जाए। एसडीओ आ छात्र सभक बीच वार्ता एसडीओ कुमार रजत छात्र सभ कें सरकारक दिस सं वार्ता लेल 5 सदस्यीय प्रतिनिधिमंडल बनेबाक आग्रह कएलनि। छात्र सभ कहलनि जे ई मुद्दा लाखो युवाक भविष्य सं जुड़ल अछि, तें बंद कमरा मे नहि, बल्कि मीडिया आ कैमरा समक्ष खुला मंच पर वार्ता होयत। हुनकर कहब छल जे जं सरकार सार्वजनिक रूप सं बातचीत लेल तैयार होयत, तखनहि प्रतिनिधिमंडल वार्ता मे भाग लेत। बुध दिन मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन राज्यपाल संतोष गंगवार सं भेंट कएलनि आ छात्र आंदोलनक स्थिति सं अवगत करौलनि। राज्यपाल छात्र हित कें सर्वोपरि बतबैत परीक्षा प्रक्रिया मे पारदर्शिता, निष्पक्षता आ युवाक विश्वास बना राखबाक आवश्यकता पर बल देलनि। ओ 14म जेपीएससी सिविल सेवा पीटी परीक्षा रद्द करबाक विषय पर सेहो मुख्यमंत्री सं चर्चा कएलनि। बुध दिन भाजपा नेता बाबूलाल मरांडी सहित कतेको राजनीतिक नेता आंदोलन स्थल पहुंचलाह। ओ विधानसभा मानसून सत्र मे छात्र सभक मुद्दा जोरदार ढंग सं उठेबाक आश्वासन देलनि। एहि बीच कांग्रेसक कतेको नेता सेहो आंदोलन स्थल पहुंचलाह। छात्र सभ जयपाल सिंह मुंडा स्टेडियम सं अलबर्ट एक्का चौक धरि तिरंगा यात्रा निकाललनि। सांझ 5:30 बजे शुरू भेल एहि यात्रा मे 500 मीटर आ 300 मीटर लंबाइ बला तिरंगा लए छात्र सभ भारत माता आ बिरसा मुंडाक जयघोष करैत आगू बढ़लाह। यात्रा समाप्त भेला पर सभ छात्र शांतिपूर्ण ढंग सं सत्याग्रह स्थल पर घुरि गेलाह। छात्र सभक प्रमुख मांगछात्र सभक मांग अछि जे 14म जेपीएससी परीक्षाक सीबीआई आ ईडी सं जांच कराओल जाए। सीआईडी जांच पर हुनका सभक विश्वास नहि अछि। फास्ट ट्रैक कोर्ट गठित कएल जाए, टीडीपीएल द्वारा कराओल सभ परीक्षा रद्द कएल जाए, कंपनी कें ब्लैकलिस्ट कएल जाए, आगूक परीक्षा टीसीएस जेकां भरोसेमंद संस्था सं कराओल जाए आ जेपीएससी तथा जेएसएससी मे भ्रष्टाचारक आरोप झेलि रहल अधिकारी सभ कें हटाकए स्वच्छ छविबला अधिकारीक नियुक्ति कएल जाए।

# सुल्तानगंज सं एखन धरि 12 लाख श्रद्धालु देवघर लेल विदा

## 15 किलो डमरू आकारक कांवर लए पहुंचल शिवभक्त, 105 किमी कांवरिया पथ पूरा तरहें शिवमय

**भागलपुर, समदिया**

सावनक आठम दिन बृहस्पति कें सुल्तानगंज सं देवघर जाएबला कच्चा कांवरिया पथ पूरा तरहे भगवामय नजरि आएल। बोल बम आ हर-हर महादेवक जयघोष सं पूरा मार्ग गूंजि उठल। शिवभक्त सभ उत्तरवाहिनी गंगाक पवित्र जल लए बाबा बैद्यनाथ धाम लेल रवाना भए रहल छथि। 30 जुलाई कें श्रावणी मेला शुरू भेला सं एखन धरि सुल्तानगंज सं 12 लाख सं बेसी शिवभक्त जल लए देवघर लेल प्रस्थान कए चुकल छथि।



### 15 किलो डमरू आकारक कांवर बनल आकर्षणक केंद्र

झारखंडक धनबाद सं आएल शिवभक्त अजय विश्वकर्मा डमरू आकारक कांवर लए पहुंचल छथि। एहि कांवरक वजन लगभग 15 किलो अछि। ई कांवर श्रद्धालु सभक बीच आकर्षणक केंद्र बनल अछि। एकरा देखबाक लेल बाट भरि लोकक भीड़ जुटल। श्रद्धालु सभ हुनक संग तस्वीर खिंचौलनि आ एहि अनोखा कांवरक निर्माण प्रक्रिया आ विशेषताक जानकारी लेलनि।

### 'प्रत्येक वर्ष किछु नव करबाक प्रयास करैत छी'

अजय विश्वकर्मा बतौलनि जे ओ विगत सात वर्ष सं लगातार सुल्तानगंज सं पवित्र गंगाजल लए पैदल बाबा बैद्यनाथ धाम जाइत छथि। प्रत्येक वर्ष अपन कांवर मे किछु नवता जोड़बाक प्रयास करैत छथि।

### श्रावणी मेला मे निरंतर उमड़ि रहल अछि श्रद्धाक सैलाब

सुल्तानगंजक नमामि गंगे आ अजगैबीनाथ घाट सं प्रत्येक क्षण कांवरिया सभ जल भरि प्रस्थान कए रहल छथि। सभक एकमात्र लक्ष्य 105 किलोमीटरक कठिन पैदल यात्रा पूरा कए बाबा बैद्यनाथक जलाभिषेक करब अछि। एहि यात्रा मे महिला, पुरुष, बच्चा सहित सभ उम्रक श्रद्धालु शामिल छथि, आ सभ एक-दोसर कें "बम" कहि संबोधित करैत छथि।

श्रद्धालु सभक सुगम, सुरक्षित आ सुव्यवस्थित यात्राक लेल बिहार आ झारखंड सरकार तथा संबंधित जिला प्रशासन विशेष व्यवस्था कएने अछि।

### 85 किमी कच्चा पथ पर बिछाओल गेल बालू

105 किलोमीटर लंबा कांवरिया पथ मे लगभग 85 किलोमीटर कच्चा बाट पर नंगापएर चलनिहार कांवरिया सभक सुविधाक लेल महीन बालू बिछाओल गेल अछि, जाहि सं हुनका सभक पएर मे छाला नहि पड़य।

एकर अतिरिक्त उमस आ तीख रौद सं राहति देबाक लेल पूरा मार्ग मे नियमित अंतराल पर वाटर स्प्रिंकलर लगाओल गेल अछि। पानि टैंकर सं लगातार छिड़काव कएल जा रहल अछि। सांझ आ रातिक समय प्रकाशक लेल पूरा मार्ग पर हाई-मास्ट लाइट आ एलईडी स्ट्रिप्स लगाओल गेल अछि। मुख्य पड़ाव आ प्रवेश द्वार पर आकर्षक तोरण द्वार आ भक्ति संगीत लेल साउंड सिस्टमक व्यवस्था कएल गेल अछि।

### सीसीटीवी, एआई कैमरा आ ड्रोन सं सुरक्षा पर नजरि

सुरक्षा व्यवस्थाक लेल भागलपुर, बांका आ देवघर पुलिस-प्रशासन विशेष तैयारी कएने अछि। सुल्तानगंज घाट सं बाबा धाम धरि 500 सं बेसी सीसीटीवी आ एआई कैमराक माध्यम सं वॉच टावर आ कंट्रोल रूम सं 247 निगरानी कएल जा रहल अछि। संवेदनशील क्षेत्र सभ मे ड्रोन कैमरा सं भीड़क घनत्व पर नजरि राखल जा रहल अछि।

कांवरिया पथ पर बिहार पुलिस, झारखंड पुलिस, होमगार्ड, रैपिड एक्शन फोर्स (आरएएफ) आ एटीएसक टीम तैनात अछि। महिला आ पुरुष पुलिसकर्मी सादा पोशाक मे सेहो ड्यूटी पर छथि। पूरा मार्ग पर प्रत्येक 2 सं 3 किलोमीटर पर अस्थायी मेडिकल रिलीफ सेंटर (एमआरसी) स्थापित कएल गेल अछि। आपात स्थिति लेल बाइक एम्बुलेंस, 108 एम्बुलेंस आ जीवनरक्षक दबाइक संग चिकित्सकक टीम सेहो तैनात अछि।

### जर्मन हैंगर टेंट सिटी मे हजारो श्रद्धालुक विश्रामक व्यवस्था

सुल्तानगंज मे श्रद्धालु सभक ठहरबाक लेल विशेष व्यवस्था कएल गेल अछि। नमामि गंगे घाट, सीढ़ी घाट आ कच्चा कांवरिया पथक शुरूआत मे विशाल वाटरप्रूफ जर्मन हैंगर टेंट सिटी बनाओल गेल अछि। एहि टेंट सिटी मे एकहि बेर हजारो श्रद्धालु विश्राम कए सकैत छथि। एतय मोबाइल चार्जिंग पॉइंट, पंखा, शुद्ध पेयजल, वस्त्र बदलबाक कक्ष आ बायोटॉयलेट निशुल्क उपलब्ध अछि।

निजी होटल, लॉज आ धर्मशाला मे श्रद्धालु सभ सं मनमाना किराया नहि वसूलल जाए, एहिलेल प्रशासन कमराक दर निर्धारित कए सार्वजनिक कए देने अछि। रेट सूची नहि लगेनिहार अथवा बेसी किराया लेनिहार पर कारबाइ लेल दंडाधिकारी तैनात छथि। गंगाक घाट पर जल भरबाक समय दुर्घटना रोकबाक लेल मजबूत लोहाक बैरिकेडिंग कएल गेल अछि। एनडीआरएफ आ एसडीआरएफक टीम मोटरबोट आ गोताखोर सभक संग 24 घंटा मुस्तैद अछि।

## गयाजी रेलवे स्टेशन पर 22 लाख रुपैयाक अफीम जब्त



**गया, समदिया**

गयाजी मे रेलवे सुरक्षा बल (आरपीएफ) मादक पदार्थक तस्करी विरुद्ध चलाओल जा रहल विशेष अभियान 'ऑपरेशन नारकोश' अंतर्गत पैघ कारबाइ कएलक। रेलवे स्टेशन पर संयुक्त छापेमारीक दौरान 4.415 किलोग्राम अफीमक संग एक तस्कर कें गिरफ्तार कएल गेल। जब्त अफीमक अनुमानित मूल्य 22 लाख 7 हजार 500 रुपैया बताओल गेल अछि।

आरपीएफ थाना अध्यक्ष बनारसी यादव बतौलनि जे रेलवे स्टेशन परिसर मे बुधक दिन संदिग्ध गतिविधि सभ पर विशेष नजरि राखल जा रहल छल। एहि दौरान प्लेटफॉर्म संख्या-1 पर हावड़ा एंड फुटओवर ब्रिजक नीचां एक युवक संदिग्ध अवस्था मे देखल गेल। टीम ओकरा रोकि पूछताछ कएलक। तलाशी लेलापर ओकरा लग सं 4.415 किलोग्राम अफीम बरामद भेल। ओ एहि खेप कें कतहु लए जाएबाक फिराक मे छल। गिरफ्तार आरोपीक पहचान राज मोहन (26)क रूप मे भेल अछि। ओ झारखंडक चतरा जिलाक बेलगढ़ा गामक निवासी अछि। प्रारंभिक पूछताछ मे पुलिस ओकर नेटवर्क आ अफीमक खरीद-बिक्री सं जुड़ल दोसर लोक सभक जानकारी जुटाबए मे लागल अछि। जांच एजेंसी सभ ई पता लगाबए मे जुटल अछि जे ई खेप कतय सं आनल गेल छल आ एकरा कोन स्थान धरि पहुंचाएबाक योजना छल। ई कारबाइ आरपीएफ पोस्ट गयाजीक सहायक उप निरीक्षक पवन कुमारक नेतृत्व मे कएल गेल। अभियान मे आरपीएफक आरक्षी राकेश कुमार सिंह, विकास कुमार, अरुण कुमार सिंह, निरंजन कुमार आ रौशन कुमार शामिल छलाह। एकर अतिरिक्त सीआईबी गयाजीक आरक्षी नवीन पांडेय, सीपीडीएसक उप निरीक्षक मुकेश कुमार, राजकीय रेल पुलिसक उप निरीक्षक लक्ष्मी देवी आ कांस्टेबल रुची कुमारी सेहो अभियान मे सहयोग देलनि। सभ अधिकारी समन्वित ढंग सं अभियान चला आरोपी कें दबोचलनि। घटनाक सूचना भेटिते आरपीएफ पोस्ट गयाजीक वरिष्ठ अधिकारी संजय कुमार सिंह घटनास्थल पर पहुंचलाह। हुनकर उपस्थितिमे बरामद मादक पदार्थक जब्ती, आरोपीक गिरफ्तारी आ दोसर आवश्यक कानूनी प्रक्रिया पूरा कएल गेल।

## कातिब आ स्टाम्प विक्रेता पुरान व्यवस्था बहाल करबाक मांग पर अड़ल

**लखीसराय, समदिया**

लखीसराय मे बिहार सरकारक जमीन निबंधन प्रक्रियाके डिजिटल आ पेपरलेस बनेबाक निर्णयक विरोध मे जिला निबंधन कार्यालयक काज 3 अगस्त सं पूर्ण रूप सं ठप अछि। कातिब सभ आ स्टाम्प विक्रेता सभ नव व्यवस्था विरुद्ध प्रदर्शन करैत सरकार सं एकरा वापस लेबाक मांग राखलनि।



प्रदर्शनकारी कातिब सभ आ स्टाम्प विक्रेता सभक कहब अछि जे डिजिटल आ पेपरलेस व्यवस्था लागू भेला सं हुनका सभक रोजगार पर सीधा प्रभाव पड़त। हुनकर आरोप अछि जे नव व्यवस्था लागू भेला पर कातिब सभक काज लगभग समाप्त भए जायत आ स्टाम्प विक्रेता सभक आमदनी सेहो घटि जायत। एहि सं एहि पेशा सं जुड़ल हजारो परिवार आर्थिक संकटक सामना करत। प्रदर्शनक कारण जमीनक निबंधन कराबए पहुंचल आमलोक कें सेहो बहुत परेशानीक सामना करए पड़ि रहल अछि। कतेको लोक आवश्यक दस्तावेज लए कार्यालय पहुंचलाह, मुदा काज बंद रहबाक कारण निबंधन करौने बिना वापस घुरि गेलाह। एहि सं आमलोक मे सेहो असंतोष बढ़ि रहल अछि। जानकार सभक अनुसार, निबंधनक काज लगातार ठप रहला सं सरकार कें सेहो राजस्वक नोकसान भए रहल अछि। प्रतिदिन होनिहार पैघ संख्यामे जमीनक निबंधन प्रभावित भेला सं सरकारी आमदनी पर सीधा असर पड़ि रहल अछि। प्रदर्शनकारी सभ चेतावनी देने छथि जे जं सरकार हुनका सभक मांग पर सकारात्मक कदम नहि उठायत, तं आंदोलन कें आरो तेज कएल जायत। फिलहाल जिला निबंधन कार्यालयक काज प्रभावित अछि आ सभ लोक शीघ्र समाधानक प्रतीक्षा कए रहल छथि।

### मरांची उच्च विद्यालय मे साइबर अपराध

**मोकामा।** 80म स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर बिहार पुलिस 'विधि पालक युवक' नामक विशेष जागरूकता अभियान शुरू कएलक। एहि अभियानक उद्देश्य युवा सभ कें कानून आ सुरक्षा प्रति जागरूक आ संवेदनशील बनेब अछि। एहि क्रम मे पटनाक मरांची स्थित उच्च विद्यालय मे एकटा कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रम मे मरांची थानाक पुलिस अवर निरीक्षक प्रियंका सुमन विद्यार्थी सभ कें कानूनक पालन आ विपरीत परिस्थिति मे अपन सुरक्षा लेल करबाक उपाय सभक विस्तृत जानकारी देलनि। ओ विद्यार्थी सभ सं सीधा संवाद करैत साइबर अपराध, नशा मुक्ति, बाल विवाह, महिला सुरक्षा आ यातायात नियम जेकां महत्वपूर्ण विषय सभ पर चर्चा कएलनि।उप निरीक्षक प्रियंका सुमन संकटकाल मे उठाए जाएबला आवश्यक कदम सभ पर विशेष जोर देलनि। हुनकर कहब छल जे साइबर क्राइम, हत्या, दुष्कर्म, धोखाधड़ी अथवा कोनो दोसर आपराधिक घटनाक समय घबड़ाएबाक बदला सही कदम उठाएब आवश्यक अछि।

## पेंशन आ सेवानिवृत्ति लाभ मे देरी पर शिक्षक सभ जतौलनि चिंता

**मधेपुरा, समदिया**

मधेपुराक बीएन मंडल विश्वविद्यालय (बीएनएमयू) मे सेवानिवृत्त शिक्षक संघक सम्मेलन संपन्न भेल। सम्मेलन मे विश्वविद्यालय आ राज्य स्तर पर लंबित पेंशन आ सेवानिवृत्ति लाभ सं जुड़ल समस्या सभ पर विस्तार सं चर्चा कएल गेल।



शिक्षक सभ कहलनि जे सेवा समाप्त भेला पर जीवनक आखरी पड़ाव मे सेहो हुनका सभ कें अपन वैधानिक अधिकार लेल प्रतीक्षा करए पड़ैत अछि। समय पर पेंशन आ दोसर सेवानिवृत्ति लाभ नहि भेटब सबसं पैघ समस्या अछि।

सम्मेलनक पहिल सत्रक अध्यक्षता डॉ. सुभाष प्रसाद सिंह कएलनि, जखनकि संचालन डॉ. अमोल राय कएलनि। निवर्तमान महासचिव डॉ. परमानंद यादव स्वास्थ्य कारणक हवाला दैत अपनाके पद सं मुक्त करबाक आग्रह राखलनि। बीएनएमयूक पूर्व कुलपति प्रो. अनंत कुमार कहलनि जे सेवानिवृत्ति भेला पर सेहो शिक्षक सभक सामाजिक आ शैक्षणिक भूमिका समाप्त नहि होइत अछि। हुनकर कहब छल जे संगठन कें मजबूत बनेबाक लेल सक्रिय सदस्य सभ कें आगू आबए चाही। पूर्णिया विश्वविद्यालयक पूर्व कुलपति प्रो. पवन झा कहलनि जे संगठनक सामूहिक शक्ति सं पेंशन आ दोसर लंबित समस्या सभक समाधान संभव अछि। प्रो. नागेंद्र यादव, प्रो. चंद्रकांत यादव, प्रो. अरुण मिश्र, प्रो. एसएन कर्ण, प्रो. सचिंद्र महतो आ प्रो. अशोक कुमार सेहो समय पर सेवानिवृत्ति लाभ नहि भेटबाक विषय पर चिंता जतौलनि। डॉ. नरेंद्र यादव कहलनि जे वर्ष 2023 सं सेवानिवृत्त भेल कतेको शिक्षक सभ कें एखन धरि निर्धारित लाभ नहि भेटल अछि। दोसर दिस, डॉ. अरविंद कुमार, डॉ. देवानंद साह आ डॉ. रामचंद्र प्रसाद मंडल संगठनक सक्रियता बढ़ा कए शिक्षक सभक समस्या सभक समाधानक आवश्यकता पर बल देलनि। सम्मेलनक दोसर सत्र मे सेवानिवृत्त शिक्षक संघक नव कार्यकारिणीक सर्वसम्मति सं गठन कएल गेल। सत्रक अध्यक्षता पूर्व कुलपति प्रो. अनंत कुमार कएलनि। निवर्तमान महासचिव प्रो. परमानंद यादव पदाधिकारी सभक नामक प्रस्ताव राखलनि, जाहि कें सदस्य सभ ध्वनिमत सं पारित कएलनि।



# की प्रोटीनक कमी सं झड़ैत अछि केश? बुझू एकर पाछूक सत्य

आइकाल्हि केश झड़बाक समस्या बहुत आम भए गेल अछि। एकर पाछां तनाव, हार्मोन मे बदलाव, दबाइक प्रभाव आ दोसर स्वास्थ्य संबंधी समस्या जेकां कतेको कारण हो सकैत अछि। एहन स्थिति मे बहुत लोकक मानब अछि जे प्रोटीनक कमीक संबंध केशक स्वास्थ्य सं भए सकैत अछि। एहिलेल ई बुझब जरूरी अछि जे एहि बाति मे कतेक सच्चाइ अछि आ केश कें स्वस्थ राखबा मे सही पोषणक की भूमिका होइत अछि।



केशक नीक स्वास्थ्य मात्र हेयर केयर उत्पाद पर निर्भर नहि करैत अछि। जं केश लगातार झड़ि रहल हो, तं एकर वास्तविक कारण जनब जरूरी अछि। सही कारणक समय पर पता चलला सं आवश्यक कदम उठाएल जा सकैत अछि। आउ जानि जे प्रोटीनक कमी सं की वास्तव मे केश झड़ि सकैत अछि, प्रोटीनक कमीक कोन-कोन संकेत देखाइ दैत अछि आ केश झड़ला पर कखन चिकित्सक सं सलाह लेबाक आवश्यकता होइत अछि।


हार्वर्ड हेल्थ पब्लिशिंग मे प्रकाशित जानकारीक अनुसार, केश मुख्य रूप सं केराटिन नामक प्रोटीन सं बनल होइत अछि। जं शरीर कें लंबा समय धरि आवश्यकताक अनुसार प्रोटीन नहि भेटैत अछि, तं शरीर पहिने अपन महत्वपूर्ण अंग सभ कें पोषण देब शुरू कए दैत अछि। एहि कारण सं केशक बढ़वार प्रभावित भए सकैत अछि आ किछु लोक मे केश बेसी झड़ए लागैत अछि। मुदा, प्रत्येक बेर केश झड़बाक कारण मात्र प्रोटीनक कमी नहि होइत अछि। तनाव, हार्मोन मे बदलाव, आयरनक कमी, थायरॉयडक समस्या, किछु दबाइक प्रभाव आ दोसर स्वास्थ्य संबंधी समस्या सेहो एकर कारण भए सकैत अछि। एहिलेल जं लंबा समय धरि केश झड़ैत रहय, तं सही कारण जनबाक लेल चिकित्सक सं सलाह लेब नीक रहत।

प्रोटीनक कमी भेला पर किछु लोक मे केश झड़ब, मांसपेशी मे कमजोरी, शीघ्र थाकि जायब, शरीर मे सूजन, घाव देर सं भरब आ बेर-बेर बेमार पड़ब जेकां संकेत देखाइ दए सकैत अछि। किछु लोकक नह सेहो कमजोर भए सकैत अछि अथवा त्वचा रूख लागि सकैत अछि। मुदा, ई लक्षण मात्र प्रोटीनक कमीक कारणे हो, से जरूरी नहि अछि। एहिलेल जं एहन संकेत लंबा समय धरि बनल रहय, तं चिकित्सक सं सलाह लए जांच कराएब उचित रहत।

प्रोटीनक कमी पूरा करबाक लेल दालि, राजमा, छोला, सोया चंक्स, पनीर, दूध, दहि, अंडा, माछ, चिकेन, मेवा आ बीज जेकां खाद्य पदार्थ अपन भोजन मे शामिल कएल जा सकैत अछि। प्रत्येक भोजन मे प्रोटीनयुक्त कोनो-न-कोनो खाद्य पदार्थ अवश्य शामिल करबाक प्रयास करबाक चाही। संतुलित भोजनक संग दोसर आवश्यक पोषक तत्व सभ पर सेहो ध्यान देब जरूरी अछि, किएक तं मात्र प्रोटीन नहि, बल्कि दोसर पोषक तत्व सभ सेहो केश आ शरीरक नीक स्वास्थ्य लेल आवश्यक होइत अछि। जं केश कतेको सप्ताह अथवा मास सं लगातार झड़ैत रहय, माथ पर खाली स्थान देखाइ दए लागय, अनचोके बहुत बेसी केश झड़ए लागय अथवा एकर संग थाकान, वजन कम होब, कमजोरी अथवा दोसर लक्षण सेहो देखाइ दए, तं चिकित्सक सं सलाह अवश्य लेबाक चाही। चिकित्सक आवश्यकताक अनुसार खूनक जांच अथवा दोसर जांच कए सही कारणक पता लगा सकैत छथि। समय पर सही कारणक जानकारी भेटला सं उपचार शुरू करब आसान भए जाइत अछि आ केशक स्वास्थ्य पर पड़निहार नोकसान कें कम कएल जा सकैत अछि।

## लिवर कें चुपचाप नोकसान पहुंचाबैत अछि हेपेटाइटिस, चिकित्सक सं बुझू बचावक उपाय

लिवर शरीरक एहन अंग अछि, जे बहुत हद धरि अपना कें स्वयं ठीक कए सकैत अछि। मुदा जं हेपेटाइटिसक समय पर उपचार नहि कराओल जाए, तं ई धीरे-धीरे लिवर कें स्थायी नोकसान पहुंचा सकैत अछि। भगवान महावीर मणिपाल हॉस्पिटल, रांचीक गैस्ट्रोएंटेरोलॉजी विभागक कंसल्टेंट डॉ. अंतरिक्ष कुमार प्रभात खबर सं बातचीत मे बतौलनि जे हेपेटाइटिस प्रायः कोनो विशेष लक्षण बिना धीरे-धीरे बढ़ैत रहैत अछि। एहि कारण बहुत लोक कें एकर जानकारी तखने भेटैत अछि, जखन लिवर पर काफी प्रभाव पड़ि चुकल रहैत अछि।



डॉ. अंतरिक्ष कुमार कहलनि जे क्रॉनिक हेपेटाइटिस बी अथवा सी सं पीड़ित लोक, नियमित रूप सं शराब पिबनिहार लोक, फैटी लिवर, मोटापा अथवा डायबिटीज सं ग्रसित रोगी आ जाहि परिवार मे लिवरक रोगक इतिहास रहल हो, हुनका विशेष सावधानी बरतबाक आवश्यकता अछि। समय पर उपचार नहि भेटला पर एहि लोक सभ मे लिवरक गंभीर क्षतिक जोखिम बेसी रहैत अछि।


हुनक अनुसार, समय पर जांच कराएब सबसं पैघ बचाव अछि। साधारण ब्लड टेस्टक माध्यम सं हेपेटाइटिस बी आ हेपेटाइटिस सीक पहचान कएल जा सकैत अछि। एहि सं लिवर कें स्थायी नोकसान पहुंचबाक पहिनहि उपचार शुरू कएल जा सकैत अछि।


डॉ. अंतरिक्ष कुमार बतौलनि जे हेपेटाइटिस बी सं वैक्सीनेशनक माध्यम सं बचाव संभव अछि। दोसर दिस, हेपेटाइटिस सीक उपचार आइ उपलब्ध एंटीवायरल दबाइ सभ सं अधिकांश रोगी मे सफलतापूर्वक संभव अछि। नियमित फॉलो-अप, आवश्यकता पड़ला पर समय पर उपचार, स्वस्थ वजन बनाए राखब आ शराब सं परहेज कएनाय सं सिरोसिस, लिवर फेलियर आ लिवर कैंसरक जोखिम बहुत हद धरि कम कएल जा सकैत अछि।

विश्व स्वास्थ्य संगठन (डब्ल्यूएचओ)क अनुसार, दुनियाभरि मे लगभग 25.4 करोड़ लोक क्रॉनिक हेपेटाइटिस बी आ लगभग 5 करोड़ लोक क्रॉनिक हेपेटाइटिस सीक संग जीवन बिता रहल छथि। चूंकि ई संक्रमण कतेको वर्ष धरि कोनो लक्षण बिना रहि सकैत अछि, तें समय पर स्क्रीनिंग कराएब अत्यंत जरूरी अछि।

# सूरज कें एतेक नजदीक सं पहिल बेर देखल गेल वैज्ञानिक सभक समक्ष आयल अत्यंत स्पष्ट तस्वीर

**वाशिंगटन, एजेंसी**





दुनियांक सभ सं शक्तिशाली सौर दूरबीनक उपयोग करैत वैज्ञानिक सभ पहिल बेर सूर्यक सतहक एखन धरिक सभ सं उच्च-रिजॉल्यूशन (हाई रिजॉल्यूशन) तस्वीर आ वीडियो कैद करबा मे सफल भेल छथि। एहि नवीन अवलोकन मे सूर्यक सतह पर बनैत घूर्णनशील भंवर (व्हर्लपूल) एहन स्पष्ट रूप मे देखल गेल अछि, जेकरा एतबा विस्तार आ स्पष्टता सं पहिने कहियो नहि देखल जा सकल छल। वैज्ञानिक सभक अनुसार, ई भंवर सूर्यक शक्तिशाली चुंबकीय क्षेत्र (मैग्नेटिक फील्ड) आ ओकर भीतरी भाग मे विद्यमान अत्यंत उष्ण गैसक निरंतर गतिशीलता सं उत्पन्न होइत अछि। सूर्यक सतह पर लगातार घूमैत ई गतिविधि विशाल मात्रा मे चुंबकीय ऊर्जा संचित करैत अछि, जे आगू चलि कए शक्तिशाली सौर विस्फोटक प्रमुख कारण बनैत अछि। एहि सौर विस्फोट सं उत्पन्न होमय बला अंतरिक्ष मौसिम (स्पेस वेदर) पृथ्वी पर सेहो गंभीर प्रभाव छोड़ि सकैत अछि। एकर असरि बिजली ग्रिड, संचार व्यवस्था, नेविगेशन उपग्रह, रेडियो संकेत आ अंतरिक्ष मे कार्यरत अंतरिक्ष यात्री सभक सुरक्षा पर पड़ि सकैत अछि। वैज्ञानिक सभक मानब अछि जे जतेक नीक ढंग सं सूर्यक व्यवहार कें बुझल जाएत, ओतेक सटीक रूप सं अंतरिक्ष मौसिमक पूवार्नुमान लगाओल जा सकत।

अमेरिकी राष्ट्रीय सौर वेधशाला (एनएसओ) सं जुड़ल वैज्ञानिक डॉ. डेविड बोबोल्ट्ज कहैत छथि जे सूर्य संपूर्ण ऊर्जा आ अंतरिक्ष मौसिमक मूल स्त्रोत अछि। पृथ्वी आ संपूर्ण सौरमंडलक बहुत रास प्राकृतिक प्रक्रिया प्रत्यक्ष अथवा परोक्ष रूप सं सूर्य पर निर्भर करैत अछि। ओ कहलनि जे एतेक उच्च-रिजॉल्यूशन तस्वीर उपलब्ध होयब वैज्ञानिक अनुसंधान लेल अत्यंत महत्वपूर्ण उपलब्धि अछि। एहि माध्यम सं वैज्ञानिक सभ सूर्यक सूक्ष्म भौतिक प्रक्रिया कें पहिलेक अपेक्षा बहुत बेसी गहराइ सं बुझि सकताह। हुनक अनुसार जं हमरा सभ कें भविष्य मे अंतरिक्ष मौसिमक सटीक पूवार्नुमान करबाक अछि, तं सूर्यक सतह पर होमय बला सूक्ष्म सं सूक्ष्म प्रक्रिया कें बुझब अनिवार्य अछि। ई महत्वपूर्ण अनुसंधानक परिणाम प्रतिष्ठित वैज्ञानिक पत्रिका नेचर मे प्रकाशित भेल अछि। ई उपलब्धि इनोए सोलर टेलीस्कोपक सहायता सं संभव भेल अछि। ई दूरबीन अमेरिकाक हवाई द्वीपसमूहक एकटा ऊंच पर्वत शिखर पर स्थापित अछि। ओतय निर्मल आकाश, न्यून धूलिकण आ अनुकूल वातावरणक कारण अत्यंत स्पष्ट आ सूक्ष्म तस्वीर प्राप्त करब संभव भए पबैत अछि।

**ई उपलब्धि इनोए सोलर टेलीस्कोपक सहायता सं संभव भेल अछि**

सूर्यक सतह पर अत्यधिक आवर्धन (जूम) करबाक उपरांत वैज्ञानिक सभ घूमैत भंवरसभक अत्यंत स्पष्ट दृश्य कैद केलनि। नेशनल सोलर ऑब्जर्वेटरी (एनएसओ) केर खगोल वैज्ञानिक डॉ. डेविड कुरिद्जे बीबीसी न्यूज सं बातचीत करैत कहलनि जे ई घूर्णनशील गतिविधि सभ चुंबकीय ऊर्जा उत्पन्न करैत अछि। समयक संग ई ऊर्जा संचित होइत रहैत अछि आ अंततः विशाल सौर विस्फोटक रूप धारण कए सकैत अछि।

## अंतरिक्षक विस्फोटक मौसिम

वैज्ञानिक सभ एहि अनुसंधानक क्रम मे सूर्य पर एकटा महत्वपूर्ण प्राकृतिक प्रक्रियाक पुष्टि केने छथि, जाहि कें केल्विन-हेल्महोल्ट्ज अस्थिरता कहल जाइत अछि। ई प्रक्रिया तखन उत्पन्न होइत अछि, जखन दू तरल अथवा गैसीय परत–एहि संदर्भ मे सूर्यक अत्यंत उष्ण गैसक परतसभ–एक-दोसराक समानांतर भिन्न-भिन्न गति सं प्रवाहित होइत अछि। एहि भिन्न गति सं पहिने सूक्ष्म हलचल उत्पन्न होइत अछि। कालक्रमें ई हलचल घूमैत भंवरक रूप धारण कए लैत अछि। पृथ्वी पर समुद्र मे सेहो एकरे सदृश प्रक्रिया देखल जाइत अछि, जतय छोट-छोट तरंग समय बीतला पर विशाल आ शक्तिशाली लहरक रूप धारण कए लैत अछि। नेशनल सोलर ऑब्जर्वेटरी (एनएसओ) केर वैज्ञानिक डॉ. फ्रेडरिक वोएगरक अनुसार, सूर्यक सतह पर एहि प्रक्रियाक प्रत्यक्ष प्रमाण भेटब खगोल विज्ञान लेल अत्यंत महत्वपूर्ण उपलब्धि अछि। एकर सहायता सं वैज्ञानिक सभ मात्र अंतरिक्ष मौसिमक उत्पत्तिक कारणें नहि, बल्कि ईहो बुझि सकताह जे सूर्यक बाहरी सतह एतेक अधिक तापमान किएक धारण केने रहैत अछि। डॉ. बोबोल्ट्ज कहलनि जे अंतरिक्ष मौसिमक अध्ययन मात्र वैज्ञानिक जिज्ञासाक विषय नहि, बल्कि मानव सभ्यताक व्यावहारिक आवश्यकता सेहो अछि। आधुनिक युग मे पृथ्वीक संचार व्यवस्था, उपग्रह सेवा, वैश्विक नेविगेशन प्रणाली आ कतेको तकनीकी सुविधा अंतरिक्ष मौसिम सं प्रभावित भए सकैत अछि। एहन परिस्थिति मे सूर्यक व्यवहार कें गहराइ सं बुझब अत्यंत आवश्यक भए गेल अछि। हुनक अनुसार, सूर्य मात्र हमरा सभक निकटतम तारा नहि, बल्कि प्रकृतिक नियम सभ कें बुझबाक लेल एकटा अद्वितीय प्रयोगशाला सेहो अछि। सूर्यक अध्ययन सं वैज्ञानिक सभ भौतिकी केर कतेको मौलिक सिद्धांतक परीक्षण करैत छथि आ ब्रह्मांडक कार्यप्रणाली कें बेसी स्पष्ट रूप सं बुझि रहल छथि। डॉ. बोबोल्ट्ज स्मरण करबैत कहलनि जे अल्बर्ट आइंस्टीन केर सामान्य सापेक्षता सिद्धांत केर पहिल प्रायोगिक पुष्टि सेहो सूर्यग्रहणक समय कएल गेल अवलोकनाक माध्यम सं संभव भेल छल। एहि ऐतिहासिक उपलब्धि सं स्पष्ट होइत अछि जे सूर्यक अध्ययन मानव ज्ञानक विस्तार मे निरंतर महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत आयल अछि।



वैज्ञानिक सभक मतानुसार, इनोए सोलर टेलीस्कोप सं प्राप्त नवीन तस्वीर आ अनुसंधानक परिणाम भविष्य मे सूर्य, अंतरिक्ष मौसिम आ ब्रह्मांडक आधारभूत भौतिक प्रक्रिया सभ कें बुझबा मे महत्वपूर्ण योगदान देत। एहि उपलब्धि सं मात्र वैज्ञानिक अनुसंधान कें गति भेटत से नहि, बल्कि पृथ्वीक तकनीकी संरचना कें अंतरिक्ष मौसिमक संभावित प्रभाव सं सुरक्षित रखबाक दिशा मे सेहो महत्वपूर्ण सहायता भेटत।

# पाकिस्तान मे विरोध प्रदर्शन तेज, इमरान खानक समर्थक सभ सरकार कें 27 सितंबर धरि देलक अल्टीमेटम

**इस्लामाबाद, एजेंसी**



पाकिस्तान मे राजनीतिक अस्थिरता लगातार बढ़ैत जा रहल अछि। बलूचिस्तान आ खैबर पख्तूनख्वा सहित देशक कतेको भाग मे पहिने सं केंद्र सरकारक विरुद्ध असंतोष देखल जा रहल अछि। एहि बीच पूर्व प्रधानमंत्री इमरान खानक गिरफ्तारीक तीन वर्ष पूरा होयबाक अवसर पर हुनकर समर्थक सभ देशक विभिन्न भाग मे व्यापक विरोध-प्रदर्शन केलनि। पुलिसक कारबाइक बादो प्रदर्शन जारी रहल आ 100 सं अधिक समर्थक कें गिरफ्तार कएल गेल।

**जं जल्दिये इमरान खान कें न्याय नहि भेटल तं आंदोलनक अगिला चरणक होयत घोषणा**

खैबर पख्तूनख्वाक राजधानी पेशावर मे आयोजित रैली मे, जतय पाकिस्तान तहरीक-ए-इंसाफ (पीटीआई) केर सरकार अछि, पार्टी नेतृत्व घोषणा कएलक जे जं इमरान खानक रिहाइक मांग नहि मानल गेल तं 27 सितंबर कें इस्लामाबाद धरि विशाल मार्च निकालल जाएत। रैली कें संबोधित करैत खैबर पख्तूनख्वाक मुख्यमंत्री सुहैल अफरीदी कहलनि जे पार्टी न्यायालय आ कानूनी प्रक्रियाक सभटा उपाय अपनौलक अछि, मुदा न्याय नहि भेटल। हुनक अनुसार, पीटीआईक पहिल मांग अछि जे इमरान खान आ हुनकर पत्नी विरुद्ध दर्ज मामिलाक निष्पक्ष सुनवाइ कएल जाए। दोसर मांग अछि जे खान कें अपन वकील, चिकित्सक, परिजन आ पार्टी नेता सभ सं भेंट करबाक सुविधा पुनः बहाल कएल जाए। अफरीदीक दावा छल जे जं निष्पक्ष न्याय भेटय तं इमरान खान कें 30 मिनटक भीतर मुक्त कएल जा सकैत अछि। अन्यथा देश भरिक समर्थक 27 सितंबर कें इस्लामाबाद दिस कूच करताह। हुनक शब्द मे हम न्याय मांगि रहल छी, दया नहि। पीटीआई नेतृत्व सेहो आरोप लगौलक जे हालक संवैधानिक संशोधन सभ न्यायपालिकाक स्वतंत्रता कें कमजोर केने अछि।

हुनका सभक दावा अछि जे एखन न्यायालय स्वतंत्र रूप सं निर्णय देबाक स्थिति मे नहि अछि। एहि बीच पंजाब प्रांतक लाहौर, मियांवाली आ रावलपिंडी सहित कतेको शहर मे पुलिस प्रदर्शनकारी सभ पर लाठीचार्ज कएलक आ पार्टीक कतेको कार्यकर्ता कें हिरासत मे लेल गेल। पीटीआईक अनुसार, गिरफ्तार होमय बला सभ मे किछु विधायक सेहो शामिल छथि। पूर्व प्रधानमंत्रीक बहिन अलीमा खान कहलनि जे रिहाइक आंदोलन आरंभ भए चुकल अछि आ शीघ्रहि एकर अगिला चरणक घोषणा कएल जाएत। दोसर दिस, मानवाधिकार संगठन एमनेस्टी इंटरनेशनल पाकिस्तान सरकार सं आग्रह केने अछि जे इमरान खानक निष्पक्ष सुनवाइ, समुचित चिकित्सकीय सुविधा आ परिजन सभ सं भेट करबाक अधिकार सुनिश्चित कएल जाए। पाकिस्तान सरकार एहि सभ आरोप कें पूर्वहि सं अस्वीकार करैत आबि रहल अछि।

# डोनाल्ड ट्रंप बाल-बाल बचलाह, राष्ट्रपतिक हेलिकॉप्टरक अत्यंत निकट पहुंचल यात्री विमान

**वाशिंगटन, एजेंसी।** अमेरिकी राष्ट्रपति डोनाल्ड ट्रंप मंगलदिन एकटा संभावित हवाई दुर्घटना सं बाल-बाल बचि गेलाह। वाशिंगटन मे राष्ट्रपतिक हेलिकॉप्टर मरीन वन आ एकटा यात्री विमान उड़ानक दौरान अत्यंत निकट आबि गेल, जाहि कारण दुनू विमानक बीच सुरक्षित दूरी निर्धारित मापदंड सं कम भए गेल। एहि घटनाक गंभीरता कें देखैत फेडरल एविएशन एडमिनिस्ट्रेशन (एफएए) आ नेशनल ट्रांसपोर्टेशन सेफ्टी बोर्ड (एनटीएसबी) जांच आरंभ केने अछि। जानकारीक अनुसार, राष्ट्रपति ट्रंप व्हाइट हाउस सं एंड्रयूज एयर फोर्स बेस दिस विदा भए रहल छलाह।



ओहि समय रोनाल्ड रीगन वाशिंगटन नेशनल एयरपोर्ट सं अमेरिकन एयरलाइंसक सहयोगी कंपनीक एकटा एंब्रेयर ई-170 यात्री विमान सेहो उड़ान भरलक। उड़ानक क्रम मे दुनू विमानक बीच क्षैतिज दूरी लगभग 0.8 मील (लगभग 1.2 किलोमीटर) आ ऊर्ध्वाधर दूरी मात्र 700 फीट रहि गेल। प्रारंभिक जानकारीक अनुसार, ई घटना हवाई यातायात नियंत्रण (एयर ट्रैफिक कंट्रोल) सं संचार मे उत्पन्न गड़बड़ीक कारण भेल। कहल जा रहल अछि जे हेलिकॉप्टरक चालक दल उड़ान सं पूर्व नियंत्रण टावर कें अपन स्थिति जनयबाक प्रयास केने छल, मुदा संदेश स्पष्ट रूप सं नहि पहुंचि सकल। एहि कारण यात्री विमान कें सेहो उड़ानक अनुमति देल गेल। व्हाइट हाउस स्पष्ट केने अछि जे राष्ट्रपति ट्रंप कोनो समय खतरा मे नहि छलाह।

# शेख हसीनाक सत्ता परिवर्तन पर नव दावा, आसिफ नजरुल कहलनि, प्रारंभ मे यूनुसक पक्ष मे नहि छलाह सेना प्रमुख वकार

**ढाका, एजेंसी**

बांग्लादेशक पूर्व प्रधानमंत्री शेख हसीनाक सत्ता सं हटबाक घटना कें दू वर्ष पूरा भए चुकल अछि। एहि बीच अंतरिम सरकार मे कानूनी सलाहकार रहि चुकल आसिफ नजरुल एहि प्रकरण पर एकटा नव दावा केने छथि। हुनक अनुसार, शेख हसीनाक पदत्यागक बाद जखन नोबेल पुरस्कार विजेता मुहम्मद यूनुस कें अंतरिम सरकारक नेतृत्व देबाक विचार चलि रहल छल, तखन सेना प्रमुख जनरल वकार-उज-जमान प्रारंभ मे एकर समर्थन नहि केने छलाह। बांग्लादेशी समाचार पत्र प्रथोम आलो सं बात करैत आसिफ नजरुल कहलनि जे सेना प्रमुख हुनका मुख्यालय पर बजौने छलाह। ओतय जनरल वकार छात्र आंदोलनक साहसक प्रशंसा करैत सुधार प्रक्रियाक समर्थन व्यक्त केलनि। एकर बाद ओ पूछलनि जे अंतरिम सरकारक नेतृत्व केकरा हाथ मे देल जाए। नजरुल कहलनि जे छात्र सभ मुहम्मद यूनुसक नाम पर सहमति जता चुकल छथि। नजरुलक अनुसार, एहि पर सेना प्रमुख असहमति व्यक्त करैत कहलनि जे मुहम्मद यूनुसक विरुद्ध श्रम कानून उल्लंघन आ धन शोधन (मनी लॉन्ड्रिंग) सं संबंधित मामिला दर्ज अछि। हुनका चिंता छल जे एहन आरोप झेलि रहल व्यक्ति कें सर्वोच्च दायित्व नहि देल जाए। आसिफ नजरुल कहलनि जे ओ सेना प्रमुख कें बुझौलनि जे यूनुसक विरुद्ध दर्ज दुनू मामिला राजनीतिक प्रेरणा सं प्रभावित अछि। हुनक अनुसार, तत्कालीन सरकार यूनुस सं असहज छल, जाहि कारण ई आरोप लगाओल गेल। एहि स्पष्टीकरणक बाद सेना प्रमुख अंततः मुहम्मद यूनुस कें मुख्य सलाहकार नियुक्त करबाक पक्ष मे सहमत भए गेलाह। उल्लेखनीय अछि जे शेख हसीना आ मुहम्मद यूनुसक संबंध पहिने सं मधुर नहि छल। हसीना सार्वजनिक रूप सं यूनुसक आलोचना करैत रहलीह। 5 अगस्त 2024 कें छात्र आंदोलनक क्रम मे हिंसक प्रदर्शनक बीच शेख हसीना सेनाक परामर्श पर बांग्लादेश छोड़ि भारत आबि गेलीह। एकर बाद मुहम्मद यूनुसक नेतृत्व मे अंतरिम सरकार गठन भेल। बाद मे संपन्न आम चुनाव मे बीएनपी विजयी भेल आ दलक वरिष्ठ नेता खालिदा जियाक निधनक कारण हुनकर पुत्र तारिक रहमान प्रधानमंत्री बनलाह। वर्तमान मे शेख हसीनाक भारत प्रवास आ बांग्लादेशक नव नेतृत्वक विदेश नीति कें लए भारत-बांग्लादेश संबंध पूर्णतः सामान्य नहि मानल जा रहल अछि।



**मुहम्मद यूनुसक विरुद्ध श्रम कानून उल्लंघन आ धन शोधन (मनी लॉन्ड्रिंग) सं संबंधित मामिला दर्ज अछि**

# धर्मेंद्र प्रधानक इस्तीफाक बाद कॉकरोच पार्टीक अगिला डेग की?

**नई दिल्ली, एजेंसी**

कॉकरोच जनता पार्टी (सीजेपी)क संस्थापक अभिजीत दीपके शिक्षा मंत्री धर्मेंद्र प्रधानक इस्तीफाक बाद अपन नव अभियानक घोषणा केने छथि। बृहस्पति दिन पार्टीक नव अभियान की बाजत पब्लिक केर शुभारंभ करैत ओ कहलनि जे एहि अभियानक मुख्य उद्देश्य आम लोकक समस्या बुझब आ ओकर समाधान लेल प्रयास करब अछि। दीपकेक अनुसार, अभियानक पहिल चरण मे विशेष ध्यान शिक्षा क्षेत्र पर देल जाएत। पछाति क्रमशः एकरा अन्य जनसरोकारक विषय सभ धरि विस्तारित कएल जाएत। हुनक कहब छल जे शिक्षा कें प्राथमिकता एहि कारण सं देल गेल अछि, किएक तं विद्यालय, महाविद्यालय आ कोचिंग संस्थान सभक बढ़ैत शुल्कक कारण बहुतो परिवार अपन संतान कें गुणात्मक शिक्षा उपलब्ध नहि करा पबैत अछि। महाराष्ट्र मे अभियानक घोषणा करैत दीपके कहलनि जे कॉकरोच जनता पार्टीक संपूर्ण टोली एहि दिशा मे सक्रिय रूप सं काज करत। हुनक अनुसार देशक शिक्षा व्यवस्था मे सुधार आनब हमर सभ सं पहिल लक्ष्य अछि। वर्तमान समय मे शिक्षा अत्यंत महग भए गेल अछि। कक्षा-1 धरि प्रवेश लेल वार्षिक शुल्क एक लाख सं दू लाख रुपैया धरि वसूलल जा रहल अछि। एकर अतिरिक्त कतेको ठाम दान (डोनेशन) लेल जाएत अछि। जखन अधिकांश लोकक आमदनी सीमित अछि, तं एहन महग शिक्षा पर व्यय करब बहुत कठिन भए जाइत अछि।



**अभिजीत दीपके नव अभियानक केलनि घोषणा**

## महाविद्यालय आ कोचिंगक शुल्क सेहो चिंताक विषय

अभिजीत दीपके कहलनि जे विद्यालयक शिक्षा समाप्त होयबाक बाद जखन विद्यार्थी महाविद्यालय अथवा कोचिंग संस्थान मे प्रवेश लैत छथि, तं ओतहु अत्यधिक शुल्कक समस्या बनल रहैत अछि। हुनक मत अछि जे महग उच्च शिक्षा आ कोचिंगक कारण असंख्य परिवार आर्थिक बोझ आ ऋणक जाल मे फंसि रहल छथि। एहि कारण कॉकरोच जनता पार्टी विद्यार्थी सभ आ हुनकर परिवार पर पड़ैत आर्थिक दबाव कम करबाक दिशा मे काज करय चाहैत अछि।

## डॉ. भीमराव आंबेडकरक विचारक स्मरण

दीपके एहि अवसर पर भारत रत्न डॉ. भीमराव आंबेडकरक विचारक उल्लेख करैत कहलनि जे शिक्षा पर प्रत्येक नागरिकक समान अधिकार अछि। शिक्षा सभक लेल सुलभ होयबाक चाही। मुदा वर्तमान समय मे शिक्षा धीरे-धीरे लाभ कमेबाक माध्यम बनि गेल अछि, जे समाज लेल चिंताक विषय अछि। उल्लेखनीय अछि जे सर्वोच्च न्यायालयक एक न्यायाधीशक टिप्पणी पर व्यंग्यक रूप मे आरंभ भेल कॉकरोच जनता पार्टी आब राजनीतिक गलियारा मे चर्चाक विषय बनि चुकल अछि। नीट विवादक क्रम मे धर्मेंद्र प्रधानक इस्तीफाक बाद कतेको लोक एहि पार्टी सं अपेक्षा केने छलाह जे झारखंड मे चलि रहल छात्र आंदोलन सन विषय सभ पर सेहो ई मुखर भूमिका निभाओत।

एहि बीच अभिजीत दीपके आ हुनकर सहयोगी सार्वजनिक रूप सं अपेक्षाकृत कम सक्रिय देखाइ पड़लाह। आब की बाजत पब्लिक अभियानक घोषणा कए दीपके अपन अगिला रणनीतिक संकेत देलनि अछि। ओ पहिनहि सं स्पष्ट करैत आबि रहल छथि जे हुनकर उद्देश्य पारंपरिक राजनीतिक दल बनायब नहि, बल्कि स्थानीय स्तर पर जनसमस्या सभक समाधान लेल एकटा प्रेशर ग्रुप (दबाव समूह) केर रूप मे काज करब अछि। राजनीतिक विश्लेषक सभक मतानुसार, नव अभियान ओहि दिशाक एक महत्वपूर्ण आरंभ मानल जा रहल अछि।

# भारतक विरुद्ध तीन दिवसीय वॉर्मअप मैच लेल श्रीलंका क्रिकेट इलेवन टीमक घोषणा

युवा गेंदबाजी ऑलराउंडर सोनल दिनुशा कें भारतक विरुद्ध होमय बला तीन दिवसीय वॉर्मअप मैच लेल 15 सदस्यीय श्रीलंका क्रिकेट इलेवन टीमक कप्तान बनाओल गेल अछि। ई मोकाबला 7 अगस्त सं एनसीसी ग्राउंड पर खेलल जायत।

ई अभ्यास मैच स्थानीय समयानुसार भोर 10 बजे शुरू होयत। शुभमन गिलक कप्तानी मे भारतीय टीम दू मैचक टेस्ट शृंखलाक शुरूआत सं पहिने अपन एकमात्र अभ्यास मैच खेलत। टेस्ट शृंखलाक शुरूआत 15 अगस्त सं होयत, जखनकि पहिल टेस्टक मेजबानी गाले अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट स्टेडियम करत। दोसर टेस्ट 23 अगस्त सं खेलल जायत।

श्रीलंका क्रिकेट इलेवन मे टेस्ट टीम मे स्थान बनेबाक दावेदार सात खेलाड़ी कें शामिल कएल गेल अछि। एहि मे सोनल दिनुशाक अतिरिक्त तेज गेंदबाज लाहिरू कुमारा आ विश्वा फर्नांडो, ऑफ स्पिनर रमेश मेंडिस, निशान मदुष्का, पवन रत्नायके आ अंजला बंडारा शामिल छथि।




भारत एक विरुद्ध 10 विकेट लए अपन गेंदबाजी सं प्रभावित कएनिहार बामा हाथक स्पिनर दिलम सुदीरा कें सेहो टीम मे स्थान भेटल अछि। भारत एक विरुद्ध 5 विकेट लेनिहार गेंदबाज केसरा नुवंता सेहो टीम मे शामिल छथि। सोनल दिनुशा गत वर्ष बांग्लादेशक विरुद्ध टेस्ट पदार्पण केने छलाह आ एखन धरि 3 टेस्ट खेलि चुकल छथि।

मुख्य टीमक कतेको नियमित खेलाड़ी एखन लंका प्रीमियर लीग (एलपीएल) मे खेलि रहल छथि। एहि कारण ई वॉर्मअप मैच चयनित खेलाड़ी सभ लेल मुख्य टीम मे स्थान बनेबाक महत्वपूर्ण अवसर मानल जा रहल अछि।

भारतीय टीम लेल ई तीन दिवसीय वॉर्मअप मैच श्रीलंकाक टर्निंग पिच पर खेलबाक पहिने महत्वपूर्ण अभ्यास साबित होयत।

एहि टेस्ट शृंखला मे रविंद्र जडेजाक भारतीय टीम मे वापसी भेल अछि आ हुनकर भूमिका महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। एकर अतिरिक्त सारांश जैन आ आकिब नबी कें पहिल बेर भारतीय टीम मे अवसर भेटल अछि। तेज गेंदबाज जसप्रीत बुमराह चोटक कारण शृंखला सं बाहर भए चुकल छथि। दोसर दिस, साई सुदर्शनक खेलबाक विषय मे एखनो संशय बनल अछि। जं ओ फिट नहि भए सकला, तं देवदत्त पडिक्कल कें मौका भेटि सकैत अछि।

### श्रीलंका क्रिकेट इलेवन टीम

निशान मदुष्का, रविंदु रशंता, पसिंदु सोरियाबंदरा, पवन रत्नायके, अहान विक्रमसिंघे, सोनल दिनुशा (कप्तान), अंजला बंडारा (विकेटकीपर), निपुण धनंजय, लाहिरू कुमारा, विश्वा फर्नांडो, असंका मनोज, इसिथा विजेसुंदरा, रमेश मेंडिस, केसरा नुवंता आ दिलम सुदीरा।

# श्रीलंकाक विरुद्ध टेस्ट मे टीम इंडियाक रिकॉर्ड दमदार, 2015 मे भेटल छल आखरी हारि

भारत आ श्रीलंकाक बीच दू मैचक टेस्ट शृंखलाक शुरूआत 15 अगस्त सं होमय जा रहल अछि। शृंखला मे भाग लेबाक लेल भारतीय टीम बुधक दिन श्रीलंका पहुंचि चुकल अछि। मेजबान टीमक विरुद्ध टेस्ट क्रिकेट मे भारतक रिकॉर्ड अत्यंत दमदार रहल अछि।



भारत आ श्रीलंकाक बीच एखन धरि कुल 46 टेस्ट मोकाबला खेलल गेल अछि। एहि मे भारतीय टीम 22 मैच मे जीत दर्ज केने अछि, जखनकि श्रीलंका 7 मैच जीतल अछि। 17 मोकाबला ड्रॉ रहल अछि। विशेष बात ई अछि जे भारत श्रीलंकाक विरुद्ध खेलल गेल आखरी 10 टेस्ट मे एको बेर हारिक सामना नहि केने अछि। भारतीय टीम कें श्रीलंकाक विरुद्ध टेस्ट मे आखरी हार 2015 मे भेटल छल। अर्थात विगत 11 वर्ष सं भारत श्रीलंकाक विरुद्ध अपराजित रहल अछि।

मुदा टेस्ट शृंखलाक शुरूआत सं पहिने भारतीय टीम कें पैघ झटका लागल अछि। स्टार तेज गेंदबाज जसप्रीत बुमराह चोट सं पूर्ण रूप सं स्वस्थ नहि भए सकबाक कारण एहि शृंखला सं बाहर भए गेल छथि। हुनक स्थान पर जम्मू-कश्मीरक युवा तेज गेंदबाज आकिब नबी कें भारतीय टीम मे शामिल कएल गेल अछि। आकिब नबी घरेलू क्रिकेट मे लगातार उत्कृष्ट प्रदर्शन कए सभक ध्यान आकर्षित केने छथि। ओ जम्मू-कश्मीर सं भारतीय टेस्ट टीम मे चुनल जाएबला पहिल खेलाड़ी छथि। दोसर दिस, साई सुदर्शनक फिटनेस पर एखनो संशय बनल अछि। मुदा क्रिकबजक एक रिपोर्टक अनुसार, ओ पहिल टेस्ट धरि फिट भए सकैत छथि आ 8 अगस्त धरि टीम सं जुड़बाक संभावना अछि। भारत आ श्रीलंकाक बीच पहिल टेस्ट मोकाबला 15 अगस्त सं गाले अंतरराष्ट्रीय क्रिकेट स्टेडियम मे खेलल जायत। एकर बाद दोसर टेस्ट 23 अगस्त सं कोलंबोक सिंहली स्पोर्ट्स क्लब मैदान मे खेलल जायत। शुभमन गिलक कप्तानी मे भारतीय टीम श्रीलंकाक विरुद्ध अपन दमदार रिकॉर्ड कायम रखबाक प्रयास करत।

### श्रीलंका टेस्ट शृंखला लेल भारतीय टीम

शुभमन गिल (कप्तान), केएल राहुल (उपकप्तान), यशस्वी जायसवाल, ऋषभ पंत (विकेटकीपर), साई सुदर्शन, ध्रुव जुरेल (विकेटकीपर), रविंद्र जडेजा, कुलदीप यादव, मानव सुथार, मोहम्मद सिराज, प्रसिद्ध कृष्णा, गुरनूर बरार, देवदत्त पडिक्कल, सारांश जैन आ आकिब नबी।

# हॉकी इंडिया जूनियर एशिया कप लेल भारतीय महिला टीमक घोषणा कएलक, शिलेइमा चानू बनली कप्तान

हॉकी इंडिया बृहस्पति कें एएचएफ जूनियर एशिया कप 2026 लेल भारतीय महिला टीमक घोषणा कएलक। ई टीम 30 अगस्त सं 13 सितंबर धरि चीन मे होमय बला टूर्नामेंट मे भाग लेत। टीम मे 18 खेलाड़ीक अतिरिक्त 2 वैकल्पिक खेलाड़ी कें सेहो स्थान देल गेल अछि। टीमक अगुआई मिडफील्डर खाइदेम शिलेइमा चानू करताह। चानू नव मुख्य प्रशिक्षक टिम व्हाइटक देखरेख मे व्यापक तैयारी केने छथि। ओ एहि वर्षक शुरूआत मे सेहो भारतीय टीमक कप्तानी कए चुकल छथि। महाद्वीपीय प्रतियोगिताक तैयारीक क्रम मे भारतीय टीम हालहि मे यूनाइटेड किंगडम (यूके)क एक्सपोजर दौरा सं घुरल अछि। एहि दौराक दौरान खेलाड़ी सभ कें अंतरराष्ट्रीय मोकाबलाक महत्वपूर्ण अनुभव भेटल आ कतेको आवश्यक बाति सीखबाक अवसर भेटल, जाहि सं जूनियर एशिया कप लेल टीमक तैयारी आरो मजबूत भेल अछि। ई प्रतियोगिता एशियाक शीर्ष जूनियर टीम सभ कें एक मंच पर आनत आ महाद्वीपक नव प्रतिभाशाली हॉकी खेलाड़ी सभ लेल महत्वपूर्ण अवसर प्रदान करत। मैचक कार्यक्रम आ पूलक घोषणा प्रतियोगिता शुरू होएबा सं किछु दिन पहिने कएल जायत। मुख्य प्रशिक्षक टिम व्हाइट कहलनि, टीम मे स्थान बनेनिहार युवा खेलाड़ी सभक प्रतिबद्धता आ दृढ़ संकल्प पर हमरा गर्व अछि। विगत किछु मास मे ई सभ अपन खेलक प्रत्येक पक्ष कें नीक बनेबाक लेल बहुत मेहनत केने छथि। हम हुनका सभक व्यक्तिगत आ टीमक रूप मे निरंतर प्रगति देखल अछि। हुनका अनुसार, खेलाड़ी सभ एहि अवसरक पूरा लाभ उठाबथि आ एकरा अपन पैघ लक्ष्य दिस आगू बढ़बाक मजबूत आधार मानथि। टिम व्हाइट कहलनि, ई प्रतियोगिता एशियाक सर्वश्रेष्ठ खेलाड़ी सभक विरुद्ध अपन क्षमता परखबाक आ आगूक लक्ष्य दिस बढ़बाक महत्वपूर्ण अवसर अछि। हम सभ प्रत्येक मोकाबला आत्मविश्वास आ अनुशासनक संग खेलब। हमरा पूरा विश्वास अछि जे एहि टीम मे देश कें गौरवान्वित करबाक प्रतिभा आ चरित्र दुनू अछि।



### जूनियर एशिया कप 2026 लेल भारतीय महिला टीम

**गोलकीपर :** निधि, एंगिल हर्षा रानी मिंज

**डिफेंडर :** पूजा साहू, सुप्रिया, पूजा मलिक, पार्वती टोपनो, मधु

**मिडफील्डर :** खाइदेम शिलेइमा चानू (कप्तान), तनुजा टोप्पो, बिनिमा धन, रोशनी आइंद, गीता यादव

**फॉरवर्ड :** लालरिनपुई, पूर्णिमा यादव, सुखवीर कौर, कृष्णा शर्मा, सनिका चंद्रकांत माने, मधु सिदार

**वैकल्पिक खेलाड़ी :** एफ लालबियाक्सियामी आ तनुश्री दिनेश कडू

# जोस बटलर रचलनि इतिहास, टी-20 क्रिकेट मे सर्वाधिक रन बनेनिहार बल्लेबाज बनलाह

इंग्लैंडक अनुभवी विकेटकीपर-बल्लेबाज जोस बटलर टी-20 क्रिकेट मे इतिहास रचि देलनि। ओ आब टी-20 क्रिकेट मे सर्वाधिक रन बनेनिहार बल्लेबाज बनि गेल छथि। बटलर ई उपलब्धि 'द हंड्रेड' टूनार्मेंट मे मैनचेस्टर सुपर जायंट्स आ वेल्श फायरक बीच खेलल गेल मोकाबला मे हासिल कएलनि। वेल्श फायरक विरुद्ध बटलर शानदार लय मे देखल गेलाह। ओ आक्रामक बल्लेबाजी करैत मात्र 20 गेंद मे 51 रनक तूफानी पारी खेललनि आ मैनचेस्टर सुपर जायंट्स कें 9 विकेट सं जीत दियौलनि। टीम 156 रनक लक्ष्य एक विकेट गमा कए आसानी सं हासिल कए लेलक। अपन एहि पारीक दौरान बटलर 2 चौका आ 6 छक्का लगौलनि। 51 रनक एहि पारीक दौरान ओ कीरोन पोलार्डक रिकॉर्ड तोड़ि देलनि आ क्रिकेटक सभ सं छोट प्रारूप टी-20 मे सर्वाधिक रन बनेनिहार बल्लेबाज बनि गेलाह। बटलर एखन धरि टी20 क्रिकेट मे 14,833 रन बना चुकल छथि। ओ पोलार्ड सं आगू निकलि गेल छथि, जिनक नाम टी-20 मे 14,803 रन दर्ज अछि।






# तन्वी शर्मा कोरिया मास्टर्सक क्वार्टर फाइनल मे पहुंचली, आब रक्षिता रामराज सं होयत मोकाबला

भारतक 17 वर्षीय उभरैत बैडमिंटन खेलाड़ी तन्वी शर्मा शानदार प्रदर्शन जारी रखैत कोरिया मास्टर्स 2026क महिला एकल वर्गक क्वार्टर फाइनल मे स्थान बना लेलनि।

बृहस्पति कें खेलल गेल दोसर दौरक मोकाबला मे तन्वी अपनहि देशक श्रियांशी वालिशेट्टी कें 21-16, 17-21, 21-13 सं पराजित कएलनि। आब क्वार्टर फाइनल मे हुनकर सामना दोसर भारतीय खेलाड़ी रक्षिता श्री रामराज सं होयत। रक्षिता जापानक मानामी सुइजू कें 22-20, 21-10 सं हराकए आखरी आठ मे स्थान बना लेने छथि।

गत सप्ताह ताइपे ओपन सुपर-300क खिताब जीतिकए इतिहास रचनिहार तन्वी शर्मा एक बेर फेर अपन संघर्षपूर्ण खेलक परिचय देलनि। एहि मास भारत मे होमय बला बीडब्ल्यूएफ विश्व बैडमिंटन चैंपियनशिप सं पहिने लगातार जीत दर्ज कए ओ अपन दावेदारी आरो मजबूत केने छथि।



ऑल इंडिया मोकाबलाक पहिल गेम मे तन्वीक शुरूआत नीक नहि रहल। शुरूआती अंक मे ओ पाछां चलि रहल छलीह। मुदा तेज मूवमेंट आ आक्रामक स्ट्रोकक बल पर शानदार वापसी करैत लगातार महत्वपूर्ण अंक जुटौलनि आ पहिल गेम 21-16 सं अपन नाम कएलनि।

दोसर गेम मे श्रियांशी वालिशेट्टी दमदार वापसी कएलनि। मध्यांतर धरि ओ 11-6क बढ़त बना लेने छलीह आ लगातार आक्रामक खेल देखौलनि। तन्वी बीच मे भेद कम करबाक प्रयास कएलनि, मुदा श्रियांशी संयम बनौने रखैत दोसर गेम 21-17 सं जीतिकए मोकाबला निर्णायक गेम धरि पहुंचा देलनि।

निर्णायक गेम मे तन्वी शुरूआत सं अंत धरि हावी रहलीह। ओ प्रारंभहि सं बढ़त बना लेलनि आ पूरा गेम मे श्रियांशी कें वापसीक कोनो अवसर नहि देलनि। विश्व रैंकिंग मे 30म स्थान पर काबिज तन्वी शानदार नियंत्रणक संग तेसर गेम 21-13 सं जीतिकए क्वार्टर फाइनल मे अपन स्थान पक्का कए लेलनि।

वर्ष 16, अंक 326 **स्वत्वाधिकारी राघवेंद्र**, प्रकाशक, मुद्रक और संपादक **कुमारी सुषमा** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं डीबी कॉर्प, उड़ान टोला, नियर दानापुर कैंट, शिवाला रोड, पोस्ट खगोल, शाहपुर, पटना 801105 से मुद्रित।
**प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, संपर्क : 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053